12+

10

2017





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2017

# МАХ ДУГ

10
2017

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2017

## НОМЫРЫ ИС:

*БАГАТЫ Лади.* **Чи кæй?** Радзырд 6

*БАБОЧИТИ Руслан.* **Дувæндитæ.** Ӕмдзæвгитæ 21

**НОГ ТӔЛМАЦТӔ**

*ДЗГОЙТЫ Анатоли.* **Ам дæ къалати цæттæ...**
Мысинæгтæ. Кæрон 30

*КОКОЙТЫ Махар.* **Дыууæ æмдзæвгæйы** **67**

**СФӔЛДЫСТАДОН БЫНТӔ**

*ТМЕНАТЫ Дзерассæ.* **Йæ цыртдзæвæн – йæ фæллæйттæ.**
Цабайты Уасойы райгуырды 120 азмæ 68

*ХОДЫ Дзаххотт.* **Хъарм аходæнтæ æмæ уырытæ.**
Фельетон 76

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 79

**НЕ ‘ВЗАГ – НӔ ФАРН**

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **«Ӕвзаг хъуамæ хъæугæ уа».**
Интервью Куыдзойты Анжелæимæ 89

*УАНИТЫ Аллæ.* **Дыууæ ныхасы фразеологизмты тыххæй** 97

**ӔВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

*ХЪ. Хъ.* **Дыккаг «Ирон газет» – контрреволюционнационалистон буржуазийы ахстон** 100
**Письмо А.Б. Олисаева...** 104
**Ходатайство Х. Цомаева...** 108

**ИРОН ПРОЗӔЙЫ АНТОЛОГИ**

*ГУЫЦМӔЗТЫ Михал.* **Даргъ дзыккутæ.** Радзырд 110

**АРВИСТОН** 128

**ТӔФӔРФӔС**

МАЛИТЫ Васо 137

* * *

Мах нæ ивгъуыд заманты æнæхъола митыл фæсмон кæй не 'ркодтам, уый у нæ тæккæ стырдæр рæдыд, рацарæзты заман уыцы хъуыддаг нæ бакодтам æмæ стæм тынг аххосджын. Ай-гъай, аргъуантæ цалцæг кæнын раппæлинаг хабар у. Фæлæ Аргъуаны кусджытæ комиссарты куыст сæхимæ кæй райстой, уый æвирхъау хъуыддаг у. Уый аххосæй адæм тынг нал æууæндынц, æнæсæрфат митæ сæ æддæссон кæнынц. Хуыцауыл не 'ууæндгæйæ та цард ницы у. Æнæ Аргъуанæй цæрæн ис, Хуыцауыл не 'ууæндгæйæ та цæрæн нæй.

*Андрей БИТОВ*

*БАГАТЫ Лади*

## ЧИ КÆЙ?

*Радзырд*

Быдыр. Цæст цæйбæрц ахсы, уыйас иуузылдæр – æмлæгъз. Никуы къуыбар, никуы бæлæстæ, къудзитæ... Немыцы æмæ мах акъоппыты ‘хсæн, «никæй зæхх» кæй хонынц, уый сæрты дыууæ хатты æрзылди знаджы хæдтæхæг. Йæ фæзынд снайперæн хорзæй ницы зæрдæ æвæрдта. Мурат æм каст хæрдмæ йæ фæлгæсæн бынатæй, фæлæ, цы хъавы, уымæн бæлвырд ницы бамбæрста.

Куыддæр хæдтæхæг фæаууон, афтæ æнæнхъæлæджы акъоппы сæрмæ фæзындысты дыууæ бомбæппарæг хæдтæхæджы æмæ калын райдыдтой сæ бомбæтæ.

Бомбæтæ хаудысты акъопмæ хæстæгæй-хæстæгдæр. Муратмæ афтæ каст, цыма иууылдæр йæ тæккæ раз фехæлынц, æмæ та-иу сæ гуыпп кæцæй фæцыд, уырдыгæй иннæрдæм фæцæйзгъордта. Диссаг уыд: иу адæймаг амарыны тыххæй уыйбæрц бомбæтæ æркал! Чысыл йе ‘муд куы ‘рцыд, йæ сæр зæххæй куы систа, уæд йæ разы ауыдта бомбæйы фæйлыд дзыхъхъ. «Иу хатт кæм æрхауы бомбæ, уым, дам, ын дыккаг хатт сæмбæлæн нæй»...

Мурат фæгæпп ласта æмæ батахти дзыхъмæ. Уым уазал мæрыл æруагъта æхсызгонæй йæ рыст уæнгтæ æмæ фынæйау арæдзæ-мæдзæ кодта. Æхсæвы, немыц рухсгæнæн ракетætæ уадзын куы райдыдтой, уæд райхъал, йе ‘муд æрцыд.

Æмбисæхсæв уыдаид, афтæ афæнд кодта йæ акъопмæ ацæуын, фæлæ кæйдæр къæхты хъæр ссыд, æмæ дзыхъхъы арфдæр æрæмбæхст. Арв та куы фæрухс, уæд дзыхъхъы былыл суыдта немыцаджы. Уый бынмæ æруад. Дыууæйæ дæр сагъдауæй аззадысты æнæнхъæлæджы фембæлдæй.

«Гъе-е, мæнæ цы хуызæн дæ, æз та дæ 'ндæрхуызон куы 'нхъæлдтон», – дзырдта дзы алчидæр йæхимидæг. Немыцаджы къухы февзæрд кард, фæлæ йын Мурат йæ цонджы хъул ацахста. Уæд уый фæцарæхст, къух фæстæрдæм атыдта, æмæ кард, уæлдæфы дыууæ сæрбихъуыройы акæнгæйæ, зæххы ныссагъдис. Бæлвырд уыд, немыцаг йæхиуыл йæ зæрдæ кæй дардта, уый. Бæрзонд, сæвджынтæ арæзт, бурдзалыг, йæ хъоппæг цæстытæй уыцы зынæрвæссонæй каст Муратмæ, фæлæ йæм уыйбæрц тæссагæй ницы бафиппайдта.

Дыккаг уысм дыууæ знаджы ног сæхи кæрæдзиуыл ныццавтой æмæ бацайдагъ мæлæтдзаг хъæбысхæст...

«...Знон фронты зынгæ ивддзинæдтæ не 'рцыдис. Нæ чысыл сгарæг къордтæ цалдæр раны басгæрстой знаджы хæцæн бынæттæ...» «Нæ снайпертæ «цуан» кодтой знаджы афицертыл...» «Мах снайпертæ æмæ знаджы снайпертæ кæрæдзи æхстой... Æндæр ницы ивддзинæдтæ æрцыд советон-гермайнаг фронты...» Ахæм фæстаг хъусынгæнинæгтæ кастысты советон адæм газетты, хъуыстой радиойæ 1943 азы сæрды мæйты. Уыцы хабæрттæ се 'ппæт раст кæм уыдаиккой, фæлæ, æцæг, уыцы æртæ мæйы фронты ницы бæрæг ивддзинæдтæ æрцыд.

Немыц Сталинграды ахъаззаг дæрæнгонд куы 'рцыдысты, æмæ фронт Курскы «къæлæтыл» куы æрæнцад, уæд бацайдагъ хæст. Растдæр зæгъгæйæ та, хæст рæстæгмæ фенцад, фæлæ дыууæ ныхмæлæууæджы кæрæдзи сгæрстой сæрмагонд сгарæн къордты руаджы: чи цы архайы æмæ кæцы ран архайы, уый базоныны тыххæй. Фæлæ хъуыддаг та афтæ зынд, цыма знæгтæ кæрæдзи фæндтæ хорз æмбарынц. Чи не 'мбæрста немыцæй дæр æмæ советон адæмæй дæр, дыууæтæ дæр кæй цæттæ кæнынц биноныгæй фидæны ног ахъаззаг ныббырстытæм. Уыцы хæст та карз кæй уыдзæн, ууыл гуырысхо ничи кодта. Иууылдæр, куыд фронты, афтæ фæсфронты дæр æмбæрстой фæстаг советон адæймаджы онг, ацы ран, уæлдайдæр та Курскы къæлæты раз, кæй хицæн кæндзæн хæсты сæйрагдæр фарста: чи кæй? Советон æфсæддонтæй гуырысхо ничи кодта, уæлахиз хъуамæ мах уа.

Раст афтæ хъуыды кодтой сержант Яровойы салдæтты къорд дæр, афтæ хъуыды кодта ныр сырхæфсæддон Мурат дæр. Сержант Яровойы сыджыткъæс ницæмæй хицæн кодта æнæхъæн взводы, стæй ротæйы иннæ сыджыткъæстæй. Уымæн дæр йæ сæр уыдис æмлæгъз, зæххæмбуар, йæ сæрыл ставд хъæдтæй астæрды уæлæ æвæрд уыди нæуудзарм, хæрдмæ дзы зындис тохынайы кæрон. Æрмæст йæ разы цыдæр диссагæн иунæгæй задис хæрисы тала æмæ дымгæйæ ратас-батас кодта. Сыджыткъæсæн уыцы хæрисы тала уыдис йæ фидауц, æмæ йæ уый тыххæй ротæйы салдæттæ хуыдтой «хæрисджын».

– Кæс-ма, кæс, Хæрисджыны цæрджытæ та куыд бандзæрстой, – дзырдтой-иу салдæттæ.

– Уæдæ, уæдæ! Хъæбынтæ та фыцынц, сæ бонæй уæнт...

Сержанты сыджыткъæс мидæгæй дæр ницæмæй хицæн кодта. Уым дæр уыдис ныллæг хуыссæн фæхсфæйнæджытæй арæзт, бандæттæ, пец, «буржуйкæ» йæ хуыдтой; чысыл стъолгонд, йæ уæлæ цырагъгонд сармадзаны гилдзæй арæзт, рагъæн – худтæ æвæрынæн, рагъæны бын зæгæлтæ къуыырд – топпытæ ауындзынæн. Уыдис ын иунæг рудзынг хурныгуылæнырдæм æмæ ныллæг дуар хуссарырдæм. Фæлæ ма дзы уыдонæй уæлдай уыдис иунæг ахæм дзаума, æмæ уый ардæм сайдта æнæхъæн взводы салдæтты дæр. Уый уыдис армытъæпæныйас айдæн, алюмин фæлгæтæгы мидæг.

Айдæн æхсызгон хъуыд салдæтты сæ хилдасгæйæ, фæлæ йæм æрмæст уый тыххæй нæ цыдысты. Айдæны мидæг æвæрд уыдис æрыгон чызджы сурæт, зæрдæйы хуызæн рудзынггондæй адæймагмæ каст зына-нæзына худæнбыл æууæнкджын цæсгом, цыма бафæрсынмæ хъавыд: «Æз дæ бæргæ нæ ферох кодтон, фæлæ ды та?» Айдæны хицау кæддæр уыд Мурат: чызджы, йæ уарзон чызджы сурæт дæр дзы уый бавæрдта. Раздæр уый кæмæдæрты уæлдай ми дæр ма фæкаст – цæмæн хъæуы чызджыты нывтæ ахæм ран, фæлæ ныр цалдæр мæйы иу ран, иу акъоппы мидæг лæджы сæры цынæ сæнттæ смидæг уыдзысты.

Салдæттæ сахуыр сты айдæны чызджы сурæтыл. Фæстагмæ, Мураты ныхæстæм хъусгæйæ, базонгæ сты чызджы цардимæ, бауарзтой йæ хойы хуызæн, æмæ сылгоймаджы тыххæй æнæхъола ныхас никæйуал дзыхæй схаудаид. Æхсызгон дæр ма-иу сын уыдис иунæгæй æнкъард рæстæджы айдæны раз абадын, кæддæры сабыр цардыл æмæ фидæны хъысмæтыл асагъæс

кæнын. Фæстагмæ сын айдæн сси цыдæр дзуары хуызæн. Чидæр ма йыл мысгæ дæр æркодта, чызджы цæстытæ, дам, алыхатт иухуызон нæ вæййынц, куы, дам, худгæ фæкæнынц, куы та æнкъардæй фæкæсынц. Уымæ гæсгæ-иу салдæттæй исчи тæссаг ранмæ куы цыд, уæд-иу æнæмæнг райстаид айдæн æмæ-иу дзæбæх ныккастаид чызджы цæстытæм, цы мын зæгъдзысты мæ хъысмæты тыххæй, зæгъгæ.

Изæрырдæм уыдис, æмæ хуры тынтæ сыджыткъæсы чысыл рудзынгæй бакастысты, ахъазыдысты стъолыл гилдзæй конд цырагъыл, цæхгæр фæзылдысты дуарырдæм æмæ стыбар-тыбур кодтой мидæмæ ʻрбахизæг салдаты хурсыгъд, дымгæфхæрд цæсгомыл.

Сержант Яровой афæлгæсыд сыджыткъæсы къуымтыл, æнæфснайдæй дзы куы ницы федта, уæд йæ худ систа, йæ рон райхæлдта æмæ сæ рагъæны зæгæлтыл æрцауыгъта. Стæй цадæг, фæлæ арæхстгай йæхи сынтæггондыл бауагъта. Яровой афтæ сабыр архайдта, цыма йæхи хæдзары ис, стæй хæст дæр цыма нæ уыд. Йæ галиу цонг йæ сæры бын, афтæмæй хуыссыд уæлгоммæ æмæ каст сæгдзыд хъæдастæрд цармæ. Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты йæ ивгъуыд царды нывтæ, æмæ, кæд кæсгæ цармæ кодта, уæддæр æм дзы ницы зынд.

Йæ цæстыты раз фынуынæгау слæууыд йæ райгуырæн хæдзар. Стæй хæдзар цыдæр фæци, йæ разы фестад горæты уынг, скъола, йæхи къухæй кæй самадта, уыцы хæрзаив, райдзаст хæдзæрттæ... стæй... хæст... немыцæгтæ... Яровой арф ныуулæфыд, йæхинымæр цыдæртæ бахъуыр-хъуыр кодта æмæ хъуыдыты ацыдаид, æдде салдæтты уынæр куы не ссыдаид, уæд. Мидæмæ æрбахизæны цалдæр салдаты кæрæдзи ратонбатон кодтой, алчидæр сæ тырныдта мидæмæ раздæр бахизыныл.

Уыдонмæ байхъусгæйæ, банхъæлæн уыдис, стыр карз хъæбысхæсты кæй бацыдысты, худгæ æмæ хъæлдзæг уынæр куынæ кодтаиккой, уæд. Сержант рагæпп ласта йæ хуыссæнæй, йæ цырыхъхъыты йæ къæхтæ атъыста æмæ, дуары ʻрдæм куыд фæци, афтæ уый дæр фегом æмæ, иннæты къухæй йæхи ратонгæйæ, фæразæй бурхил æрыгон салдат. Уый æваст ныхъхъæр кодта, Мурат, зæгъгæ, фæлæ, хъæр кæмæ хаудта, уый куы нæ федта, уæд фæкуыддæр. Йæ тæрныхæй хиды гагатæ æрызгъæлдысты æмæ цæсты къуырфытыл æруадысты. Уымæн йæхи, стæй

йæм æгуыппæгæй чи каст, уыцы ‘мбæлтты цæсгæмттæй дæр базонæн уыд, сæ цин дзæгъæлы кæй фæци.

– Мæнæ Муратмæ фыстæг, – загътой æмхуызонæй лæппутæ, сержанты цæсгоммæ кæсгæйæ, стæй ма сæ ныхасмæ бафтыдтой: – Нæма фæзынди йæ цуанæй?

Яровой сын ницы дзуапп радта. Йæ тызмæг, сагъæсхуыз цæсгомыл бæлвырд уыд, сæ хорз æмбал Мурат кæмдæр бæллæхы кæй бахауд, æмæ салдæттæ æнæдзургæйæ раздæхтысты сыджыткъæсæй.

Изæры, æхсæвæры фæстæ, Хæрисджыны цæрджытæ иууылдæр уырдæм æрæмбырд сты.

– Уæдæ кæм ис Мурат ныр цалдæр боны? – йæ цинелы тыхт йæ уæхскыл æркæнгæйæ загъта бæрзонд, саухил, фæлæ цъæхдзаст Коля. Уый цыдис тæссаг хæс æххæст кæнынмæ, фæлæ йе ‘мбæлтты зæрдæхæлар, аудгæ цæстæнгасæй уыд ныфсджын, буц. Йæ хъару цыма уæнгтыл фæйнæрдæм ахæцыд, уыйау æм каст, йæ хæцæнгæрзтимæ, йæ дзаумæттимæ архайдта афтæ уæзбынæй, цыма йын ницы тас у. Æмæ цæуы, мæлæт гæппæввонгæй кæм лæууы, уырдæм нæ, фæлæ кæмæндæр чындзæмбал, æмæ æрмæст лæгдзинад нæ, фæлæ ма равдисын хъæудзæн рæсугъд уæнгты конд дæр, чызджытæ уæлдай тынгдæр цы уарзынц, уый.

Коля куы срæвдз, уæд бацыд айдæны размæ, райста йæ йæ къухмæ, бирæ йæм фæкаст, стæй йæ йæ бынаты æрæвæрдта æмæ загъта:

– Цæй, хорзæй уал баззайут!..

– Коля, дзæбæх у æмæ дæхи хъахъхъæн, – загъта йын фæдзæхсæгау сержант.

Ныр мæйæ фылдæр цæуы, афтæ Яровойы æфсæддон хайы фæрсырдыгæй æхсын райдыдта немыцаг снайпер. Фыццаг бон æй куы бафиппайдтой, уæд фæмард кодта ротæтæй иуы командиры. Уый фæстæ та – взводы уоны.

Уæдæй фæстæмæ знаджы снайперимæ ерыс никæйуал бафæндыд, фæлæ Мурат йæхи лæгыл нал нымадта... Сержант уыдис йæ рагон хæстон æмбал. Иумæ цыдысты зæронд арæнтæй суанг Доны онг. Иумæ хъахъхъæдтой Сталинград, стæй та хæцыдысты ам, Курскы. Кæддæр снайпертæ дæр уыдысты. Иухатт батальоны комиссар фæзынд Яровойы сыджыткъæсмæ. Йæ къухы уыдис цавæрдæр фыстæг. Ардæм æрæмбырд сты ротæйы

салдæттæй чидæртæ, ам уыдис сержант Макеев дæр, – Мураты рагон хæлар...

– Ацы фыстæг æрцыд батальоны постмæ, фыст ыл ис: «Раттут æй æппæты хъæбатырдæр æфсæддонмæ, зæгъгæ...» Куыд кæнæм? Фыстæджы мидæг, куыд уынын, афтæмæй ис къам дæр. Кæмæ йæ дæттæм?

Батальоны комиссары алыварс лæуууыдысты бирæ сæрæн лæппутæ.

– Мæнæ Муратмæ... – райдыдта чидæр, фæлæ йæ Мурат фæурæдта:

– Æмæ уый Сергейæ мæнмæ хауы?! Макеевæн æй ратт!..

«Ныр Сергей нал ис», – йæ зæрдæйæ нæ цух кодта Муратæн... Лæппуйы, стæй иннæ æфсæддонты дæр фæндыд, немыцаг фæлтæрд снайперы ныхмæ арвитын нæхи сæрæн снайперы. Йæ ныхмæ рацыд иу сыбираг цуанон. Фыццаг изæр æрыздæхт ницæимæ, дыккаг изæр дæр та афтæ, фæлæ рацыд æнæхъæн къуыри, æмæ сыбираг нал фæзынд, немыцаг снайпер дæр никæцæйуал зыны, æниу ма йæм чи уæндыд акъоппæй скæсын дæр.

Полкъæй батальонмæ æрцыд бардзырд: бархийæ, дам, кæй фæнды, уыдонæй искæй уыцы снайперы амарынмæ арвитут. Бархийæ цæуджытæ уыдысты иу æхсæзы бæрц, фæлæ фæцæуæг Мурат. Фæсахсæвæр райста йæ хæцæнгæрзтæ æмæ, немыцы ракетæты рухсæй йæхи æмбæхсгæйæ, бахъуызыд «никæй» зæхмæ. Ам уыдис быгъдæг æмæ лæгъз быдыр. Никуы – бæласы къудзи, никуы – обау, никуы арыхъхъ кæнæ лæнкгонд. Дæ армы тъæпæнмæ куыд кæсай, афтæ зындис æнæхъæн быдыр дæр батальоны размæ æмæ-иу дзы искуы мæлдзыджыты губакк куы фæзынд, уæддæр æй рахатыдтаид фæлтæрд цæст.

Мурат æхсæвы тары йæхицæн æрцæттæ кодта уæлæнгай, фæлæ, уæгъдибарæй кæм хуыссыдаид, ахæм бынат. Хур дзæвгар ссыд, афтæ Мураты æмбæхсæнæй иу 200 метры дарддæр фæзынди немыцаджы така, стæй та йæ топпы хæтæл дæр, Мурат æй нæ фехста, уадз, æрæууæнда уал, зæгъгæ.

Уымæй уæлдай ма æнæхъæн бон-изæрмæ фæлгæсыд йæ алывæрстæм, уæлдайдæр та, знаджы бадæн æнхъæл кæцырдыгæй уыд, уыцырдæм. Сбæлвырд кодта æппæт зæрдæхсайгæ бынæттæ, радта сын нæмттæ: хæрисы къудзи, саргъы хуызæн обау, хъæмылы хус уистæ, сыджыты къуыбæрттæ, зылын-мылын къуы-

быртæ... Йæхицæн дæр ыл саст, немыцаг снайпер уымæй, Муратæй, хиндæр, фæлтæрдджындæр кæй уыдис, ууыл.

...Мурат боны æрбарухсмæ сцæттæ кодта æндæр ран ног бадæн, стæй ма уæлæмхасæн акъопп дæр. Се 'хсæн сын скъахта арф къанау. Æмæ ныр хъуамæ бацархайа немыцаджы йæ къæппæгмæ басайыныл...

Аходæнафон дзæбæх рауарыд, стæй мигъ йæхи систа æмæ хур ракаст. Фæскъæвда мæлæты ирдæй зынынц æппæт нысантæ дæр. Иууылдæр сты, гæххæттыл сæ куыд сныв кодта, афтæ. Æрмæст хъамылы уистæ сæ бынаты нал сты. Стæй саргъы хуызæн обауæй цыппар æнгуылдзы фалдæр цы сыджыты къуыбæрттæ зынд, уыдон цыма бæрзонддæр фесты. Цымæ, цы давынц уыцы ивддзинæдтæ? Къæвдайы фæстæ сыл кæд исты æрцыд, æмæ уæд сыджыты къуыбæрттæ хъуамæ бæрзонддæр нæ, фæлæ ныллæгдæр фæуиккой...

Сихорафон сси. Хур судзы, фæлæ Мурат фæлгæсы алырдæм дæр. Нæй змæлæг... Уæлæмхасæн акъоппы къуылæнцой æрфидар кодта лæдзæг æмæ йыл бабаста телы иу кæрон. Телæн йæ иннæ кæрон байста йæ бадæн бынатмæ. Хъуамæ йыл бахъуаджы сахат æрбахæца, æмæ уæд лæдзæг уырдыг сыстдзæн, йæ сæрыл æвæрд така йæхи сдардзæн акъоппæй. Немыцаг æй æнæмæнг æрбагæрах кæндзæн, æмæ йын уæд Мурат базондзæн йæ бадæн.

Чи зоны, æмæ хъуыддаг ууыл дæр ма ахицæн уа, Мурат куы фæрæвдз уа, уæд «салдат» уæлгоммæ ахаудзæн, немыцаг фырцинæй йæ бадæнæй скæсдзæн, æмæ уæд – махонæн йæ хъару æмæ йæхæдæг. Змæлын байдыдтой сихор хæрынмæ цæуæг салдæттæ, хъуысы сæ кателокты дзыгъал-мыгъул. Дзæбæх сын уыны Мурат сæ ныгъуылд сæртæ, такатæ. Цал хатты сæм кастис афтæ! Уæртæ та «Бурдел» дæр – бæрзонд бурсæр ефрейтор. Уый иннæтæй дæр бирæ бæрзонддæр у, æмæ ма йæ такайæ уæлдай зынынц йæ мæллæг гуыбыр уæнтæ. Уый фæстæмæ цæугæйæ куы фæзыны, уæд æй зон – немыц сæ сихоры хæрд фесты. Æвæццæгæн, уый се 'ппæтæй фылдæр хордта, æрæгмæдæр æфсæст æмæ-иу фæсте баззад.

Фæссихæртты йæхирдæм тел æрбаивæзта. Йе «снайпер» æд така акъоппæй скаст, афæлгæсыд иу дзæвгар, стæй фæаууон. Ноджыдæр та скасти, фæлæ йæ фехсæг нæй. Йæ хинæй кæй ницы рауад, уый бамбæрста. Фæлæ лæджы зонд иу ран нæ

лæууы. Йæ пилоткæ такайы бæсты лæдзæгыл æркодта æмæ йæ сдардта. Уайтагъд фехъуыст æваст цъыкк-гæрах. Нæмыг раст пилоткæйы фондзтигъон стъалыйы иувæрсты иннæрдæм атахт.

– Æ-æ! Уæддæр дæ фæсайдтон! Уыйбæрц хин куы нæ дæ!

Немыцаг æмбæхстæй бадт, къуыбæрттæ кæм фæбæрзонддæр сты, уым.

* * *

...Сæумæцъæхмæ та Муратæн срæвдз йæ ног фæлгæсæн бынат, æрмæст бонрухсæй дæр иу цъиуызмæлæг нæ бафиппайдта. Цы хабар уа? Немыцаг йæхи искуыдæм айста æви цы 'рбадæлдзæх? Нæй! Сабыр кæй у дуне, уый йæ æфтауы цыдæр тасы. Чи зоны, æмæ немыцаг йæ тæккæ фарсмæ искуы бады... Сихорафон. Немыц здæхынц сæ хæрæндонæй. Æрмæст... уыцы бурдзалыг, быдыргъау, гуыбыр дæр нал кæны, афтæмæй цæуы, цыма бынтон æдас у...

Бирæ нал уыд хурæй, афтæ Муратæн бантысти немыцаджы бадæн базонын. Зæрватыччыты æххуысæй. Кæддæр-иу ын йæ фыд, комы зындгонд цуанон, дзырдта, мæргъты æххуысæй куыд базонæн ис хъæды сырд кæнæ адæймаджы, уый.

Æмæ – æцæгдæр. Зæрватыччытæ-иу сæхи бæрзонд систой, стæй та-иу чысыл æддæдæр сæхи цъыбар-цъыбургæнгæ фал-лоз æруагътой. Уыцы ран-иу сцъиу-цъиу кодтой æмæ та-иу мæстæймарæгау арвмæ сæхи фехстой. Зæрватыччытæ-иу Муратырдæм дæр æрбатахтысты, фæлæ йæм сæхи бынмæ нæ истой. Æризæр и. Йæ бон фæци, фæлæ бынтон уæгъды нæ. Базыдта, знаг кæм бады, уый. Æгъгъæд уал у райсомы куыстæн. Йæхи æнæмæтæй æруагъта акъоппы æмæ, Хæрисджынæй цы фыстæджытæ 'рбахаста, уыдон касти. Арæхдæр фыста Тамарæ. Айдæны йæ сурæт кæмæн дары, уыцы сау чызг.

Уалынмæ нæхионтæ рацуан кодтой «æвзаг» æрбакæныны тыххæй немыцырдæм. Кæмдæр æддоз йæ ахстоны фæрсты бахызтысты. Мураты цурты куы рацыдаиккой, бæргæ, уæд сын уый бацамыдтаид бацæуæнтæ... Фæстæмæ куы раздæхтысты, уæд немыц сæ фæдыл бафтыдысты, æмæ сын хæст бацайдагъ. Сахатæй фылдæр цыдис уыцы тох, фæлæ цы баисты – ацу æмæ йæ рахат.

Бонырдæм æй хуыссæг æрцахста, арæдзæ-мæдзæ кодта,

фæлæ цыдæр змæлын фæцыд хæстæгæй, æмæ фехъал. Дыууæ рувасы зылдысты мæрдтыл, æвæццæгæн сæм хæстæг нæма уæндыдысты æмæ разгъор-базгъор кодтой, туджы тæфмæ смудгæйæ. Æрбахъуызыдысты уымæ дæр, фæлæ, æгас кæй у, уый бамбаргæйæ, сæхи уайтагъд иуварс айстой. Сæ разгъорбазгъорæй Мурат бамбæрста, мæрдтæ фылдæр немыцырдыгæй кæй уыдысты, уый. Дис кодта, немыц сæ мæрдты афтæ кæй ныууагътой, ууыл. Фæлæ уый дзæгъæлы нæ уыдаид, æмæ йæхинымæр тæрхон кæнын райдыдта, цæмæн сыл афтæ стырзæрдæ систы, зæгъгæ. Уалынджы арвмæ кæрæдзи фæдыл стахтысты ракетæтæ. Уыдон бонау срухс кодтой «никæй» зæхх, хаудысты уæззаугай, зивæггæнгæ, æмæ уæд бамбæрста хъуыддаг: немыц сæ мæрдты хæссынмæ æрбацæуынц. Æмæ старсти, куы раргом уа. Фæлæ немыц куыд æнæнхъæлæджы фæзындысты, афтæ фæстæмæ дæр фездæхтысты. Дзæбæх рахатыдта уыцы бур дæргъындзæджы дæр. Уый уыд се 'ппæты фæсте æмæ сын командæ дæр уый кодта. Йæ акъоппы онг кæд не 'рбахæццæ сты, уæддæр уæвæн уыдис, æмæ йæ бафиппайой, фæлæ ахæмæй ницы равдыстой. Æвæццæгæн, сæхæдæг дæр бынтон æдас нæ уыдысты.

Тынг сæххормаг и Мурат. Асгæрста йæ дзæкъул: хæринаг æй фæстауæрц кæнын бахъæудзæн.

...Фæндзай къахдзæфы, æрмæстдæр фæндзай къахдзæфы уыди сæ дыууæйы астæу. Æмæ уый, цымæ, немыцаг дæр зоны? Кæд алцыппæт дæр зоны æмæ йын цæттæ кæны æнæнхъæлæджы цæф? Йæ ныфс, цыма, цæмæйдæр фæсаст, цыма уыцы бирæгъæн ницыуал бакæндзæн, афтæ йæм кæсы...

...Кæддæр мын мæ фыд ахæм тыхст хъуыддаджы тыххæй бирæ алыхуызон таурæгътæ фæкодта. Ахæм къуындæг ранæй адæймаджы фервæзын кæны йæ лæгдзинад.

«Чи кæй?» – ахæм фарст лæууы дыууæ æфсады размæ дæр. «Чи кæй?» – ахæм фарст лæууы ныр, æгас Европæ йæхи чи бакодта, уыцы фашистон Герман æмæ Советты бæстæйы размæ. «Чи кæй?» – ахæм фарст ис алкæй раз дæр махæй, салдæттæй. «Чи кæй?» – ахæм фарст слæууыд туджы цæджындзау Мураты цæстыты раз дæр... Æмæ æппæт дæр кæнгæ у уымæй ранымайгæйæ хицæнтæй алы адæймагæй дæр æмæ иумæ æппæт советон адæмæй дæр. Æмæ, кæд афтæ у, уæд райдайæд, ацы акъоппы ныр æртыккаг æхсæв æгъуыссæгæй, æнæ донæй,

ærdæg æххормагæй чи бады, уыцы лæппуйæ. Уæлахиздзауы фæхонынц хъæбатыр. Ныры онг уый æмбæрста афтæ: нæ фæтарст атакæйы бацæугæйæ топпы нæмыгæй, сармадзанты нæрынæй, кæнæ та знаджы джебогъты ныхмæ бацыд кардæлвæстæй æмæ фæуæлахиз, равдыста хъæбатырдзинад.

Уыдон иууылдæр раст сты, фæлæ ныр уыцы дзырдæн ахæм хъуыддæгтæ  къуындæг сты, бынтон æххæст æй не ‘вдисынц. Знагыл фæуæлахизæн ныр уыдæттæ æгъгъæд не сты. Раздæры хуымæтæг дзырдæн ныр йæ мидис уæрæхдæр у. Уромын, быхсын æххормагæн, дойныйæн, хуыссæгæн, æнхъæлмæ кæсын, хъахъхъæнын знагæн йæ алы фæзылд дæр, нæ сæттын, цыфæнды фæлварæнтæ куы кæна, уæддæр, бадын æнæзмæлгæйæ, хæцын, цæйбæрцфæнды куы бахъæуа, уæддæр – уыдон иууылдæр ныр хъæбатырдзинадмæ хауынц. Æнæ уыдонæй уæлахиз нæй...

* * *

...Ацы райсом Мурат бадтис йæ уæлæмхасæн акъоппы. Арæх куыд кодта, афтæ ныр дæр афæлгæсыны размæ сдардта йæ така лæдзæгыл. Куыддæр така фæуæлдæр, афтæ цъыкк, зæгъгæ, æмæ йыл нæмыг сæмбæлд. Мурат æвиппайды иннæ акъопмæ бауад. Немыцаг фехста йæ зæронд бынатæй, æмæ, æвæццæгæн, æцæгæй дæр банхъæлдта, амардтон æй, зæгъгæ, уымæн æмæ йæ мах снайпер ауыдта уыцы æдасæй фыццаг акъоппырдæм кæсгæйæ. Уыцы минут æй махон фехста æмæ ауыдта, немыцаг фæстæрдæм куыд фæдзой кодта, уый.

Чи загътаид, афтæ æнцонæй йæ къухы бафтдзæн уæлахиз, фæлæ ма уæддæр æнхъæл нæ уыд, йæ тухитæн кæрон кæй ærцыд æмæ, фырцинæй акъоппы куыд æрхауд, афтæ фæхуыссыди цалдæр сахаты бæрц...

Æцæгæй та хъуыддаг куыд рауад, уый Мурат базыдта фæстæдæр... Дыууæ знаджы сæхи кæрæдзиуыл куы ныццавтой, уæд фырмæстæй æмæ фырдиссагæй дзæбæх арæхсгæ дæр нæ кодтой. Фыццаг архайдтой æрмæст тымбыл къухæй, цавтой цæсгæмттæ, былтæ, тæрных, дæндæгтæ, фындз æмæ сæ дыууæйæн дæр уайтагъд сæ туг кæлын байдыдта. Туджы сæвдылдысты дыууæйæ дæр.

Цасдæры фæстæ бæвнæлдтой хъæбысæй хæцынмæ. Растдæр

зæгъгæйæ та, уый хъæбысхæсты хуызæн дæр нæ уыд: алчидæр сæ архайдта иннæйы исты хуызы йæ быны ануæрдынмæ æмæ йын йæ хурхыл ныххæцынмæ, фæлæ сын уый дæр не 'нтыст. Кæд-иу ахаудтой, уæддæр-иу иумæ, кæрæдзиуыл хæстæй, æмæ та-иу, фæбынæй уæвынæй тæрсгæйæ, фæгæппытæ ластой. Иу хатт немыцаг Мураты дæндæгтæ тымбыл къухæй бацавта, фæлæ цæф æрцыд дæлдæр, раст дæллагхъуыр, хъæлхъæладжы къуыппыл. Мурат цъусдуг ницыуал бамбæрста, афтæ йын фæрыст. Иннæ уысм ыл немыцаг йæхи ныццавта, фæуæлгоммæ йæ кодта æмæ йæ йæ быны ануæрста. Фæлæ уæдмæ Мурат йе 'муд æрцыд. Æнæнхъæлæджы йæ уæрджытæ фæкъæдз кодта, къахæй немыцаджы ахсæн афтæ тыхджын сцавта, æмæ немыцагæн уæлгоммæ йæ гуыпп фæцыд.

...Хур акъул ис, уæддæр ма дыууæ снайперы ратул-батул кодтой, фæлæ сæ иуы къухы дæр нæ бафтыд иннæйы ныххурх кæнын. Ныр фæрсæй-фæрстæм хуыссыдысты: немыцаг – бурдзалыг, дæргъæй-дæргъмæ, Мурат та – саухил, рæстæмбис ас, цыбыр зæнгтимæ, стыр гуыр, домбайæнгæсæн... Хуыссыдысты, фæстаг хатт куыд æрхаудтой фæйнæрдæм, афтæ, фæлмæстхуызæй, тыхулæфт кæнгæйæ. Стæм хатт ма-иу кæрæдзимæ хæцаг галты каст бакодтой, фæлæ сæ кæрæдзи хурхытæм æвналыны мæт никæйуал уыдис: алчидæр сæ фæстауæрц кæнын райдыдта йæ тыхтæ, цæмæй та ногæй сыста æмæ, иннæйы уынгæджы бынаты ссаргæйæ, сæххæст кæна йæ фæнд. Афтæ фæхуыссыдысты иу дзæвгар рæстæг. Мурат банкъардта йæхи стыр фæллад æмæ уæнгмардæй. Рыстысты къуырма рыстæй йæ цæфтæ алы ран дæр: цæнгтæ, зæнгтæ, астæуыстæг, фæрстæ, фæлæ йæ тынгдæр хъыгдардта йæ хъуыр, йæ хурх. Йæ хъæлæсы, æвæццæгæн, туг ныццахст æмæ йæ улæфын нæ уагъта. Æрæджиау куы схуыфыд, уæд туджы ахст къæрттытæ сæппæрста, æмæ йын чысыл фенцондæр. Фæлæ немыцаджы та уый æндæр хъуыдыйыл бафтыдта: æваст фестад æмæ йыл йæхи æрбауагъта. Фæлæ тынг лæмæгъ æвнæлдта немыцаг. Мурат йæ тыхтæ рамбырд кодта, февнæлдта йын дæндагæй йæ цонджы хæцъæфмæ, æмæ уæд немыцаг дæр калмдзæфау иуварс асхъиудта. Сахаты бæрц афтæ æнæзмæлгæйæ фæхуыссыдысты, стæй зæронд зонгæтау ныхас кæныныл схæцыдысты. Немыцаджы хуыдтой Курт, уый цъæррæмыхстытæй зыдта уырыссагау, Мурат та – немыцагау, фæлæ дзырдтой уырыссагау... Фыццаджыдæр Мураты

фæндыд базонын, чи у ацы немыцаг, йæ зæронд зонгæ ма у, æви уый фæмард.

– Кæдæй мæ фæстæ зилыс? – цæхгæр æй бафарста Мурат.

– Рагæй, – дзуапп радта немыцаг... Мæ разæй ам чи уыд, уый фæмард июны райдайæны...

Сæ дзыхъхъ кодта саумæры æнуд смаг, топпыхосы æмæ æфсæйнаджы тæф. Мураты сæр зылдис, йæ зæрдæ хæццæ кодта, фæлæ афтид кæй уыд йæ ахсæн, уый ма йæ урæдта. Хаттæй-хатт-иу уыцы æнæбонæй арæдзæ-мæдзæ кодта, цъусдуг-иу афынæй æмæ та-иу, цæмæйдæр тæрсæгау, фесхъиудта. Бакастис-иу йе знагмæ, фæлæ уымæ дæр ницы бæрæг фæндтæ уыдис. Иуахæмы та куы афынæй, уæд бамбæрста, немыцаг кæй базмæлыд, дзыхъхъæй уæлæмæ йæхи кæй ивæзта, уый. Мурат æм скаст æмæ æцæгдæр бафиппайдта Курты сусæг фæнд: дзыхъхъы былыл немыцаджы кард нырма лæууыд сагъдæй... «Кард йæ къухы куы бафта, уæд...» Мурат немыцаджы къахыл фæхæцыд, æмæ та кæрæдзи хурх кæнын байдыдтой... Ацы хатт афтæ бастадысты, афтæ бафхæрдтой кæрæдзи, æмæ хъæбысхъæбыс баззадысты цасдæр рæстæг. Мурат йæхи дзæбæх æрæмбæрста райсомы уазалы. Цыма сихæн, афтæ йæм каст... Къуырма рыст кодтой йæ цæнгты, къæхты стджытæ, йæ сæры царм, æвæццæгæн, фаг фæивæзтой кæрæдзи сæрыхъуынтæ дæр.

Æххормаджы уæлдай ма йæ удыскъуыд кодта дойны. Фæлæ нæдæр хæринагæн исты хос кæнæн уыдис, нæдæр дойныйæн. Исдуг дзыхъхъы былмæ æвваxс ауыдта цъæх нæууы гæбаз. Лæджирттæджы æнгæс кæрдæгыл дзæбæх зындысты цалдæр æртахы. Мурат сæм йæхи ивазын байдыдта, асдæрдта сатæг æртæхы фæрдгуытæ. Фæлæ йын уыдон ницы ахъаз фесты йæ дойны асæттынæн.

Дыууæ боны фæстæ снайпертæ ницыуал цардæнгæс æвдыстой, фæлладæй, æххормаг æмæ дойныйæ ныууæнгхауд сты. Нал змæлын кодтой сæ иунæг къабаз дæр. Бындзытæ, мæлдзыджытæ сыл хылдысты, фæлæ уыдон асурынмæ дæр нал истой сæ цæнгтæ. Чысыл æнцондæр сын-иу уыдис æхсæвыгон. Ахæм заманы адæймаг фæмысы йæ цард, хорзæй дзы цы уыд, цы саразта хорзæй йæхицæн нæ, фæлæ йæ хиуæттæн, адæмæн, йæ амæлæты фæстæ йын йæ ном чи зондзæн, чи йæ мысдзæн... Кæд дзы истæуыл йæ цæст æрхæцы, уæд ын йæ фæстаг минуттæ æрвитын вæййы æнцондæр æмæ мæлын дæр... Кæд искæй

зæрдæйы хъыджы бацыдтæ, искæй тæригъæды, уæд та уд исын дæр вæййы зындæр, лæджы цæстыты раз слæууынц уыцы æбуалгъ нывтæ... Цы бакодтаид Мурат йæ цыбыр царды хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр? Райгуырд æмæ схъомыл мæгуырæй, фæлæ цух никуы уыд мад, фыды рæвдыдæй. Сахуыр кодта скъолайы 9-æм къласы онг, бауарзта йæхи хуызæн хъæуккаг чызджы. Хъуамæ иумæ бацыдаиккой уæлдæр ахуырмæ, фæлæ райдыдта хæст. Æрмæст Уæлахиз кæй уыдзæн æмæ та иумæ кæй сæмбæлдзысты, ууыл гуырысхо никуы кодтой, æмæ уыцы ныфсæй цардысты...

Æндæр хуызы рацард Курт. Уый дæр бæргæ райгуырд кусæг адæймаджы хæдзары, фæлæ йæ йæхимæ асайдта хъæлдзæг, æнæмæт цард æмæ арийаг нацийы намысы фæндаг. Банымыгъта йæ хæлæртты, коммунистты фарс, дам, сты. Æрцахстой сæ, концлагеры сæ бакодтой, Курт та ссис æууæнкджын хъуыддаджы лæг, гитлерюгенд. Уый фæстæ æфсады Чехословаки, Польшæ, Франц, Грецийы хæстыты сгуыхтдзинæдтæ, фельдфебелы цин, хæрзиуджытæ... Скæсæн фронт. Фæлæ, цæйбæрц дарддæр цыд Курт хæсты фæндагыл, цæйбæрц фылдæр уыдта, уый бæрц хуыздæр æмбæрста, хæст уæлахиздзинад сæ нацийæн кæй никуы æрхæсдзæн, уый. Уæдæ иу æмæ дыууæ адæймаджы нæ барвыста мæрдтæм, иу æмæ дыууæ сывæллоны кæнæ æнæбон зæронды тæригъæды нæ бацыд, иу æмæ дыууæ æнаххос адæймаджы туджы нæ сахуырста йæ къухтæ.

Уыцы тæригъæдтæ ныр æртыхстысты Куртыл, кæддæры кусæджы фыртыл... Ныр тох цыдис йæ буары хъаруйæ нæ, буар мардæй уæлдай нал у. Мард ма нæу йæ уд æмæ уый фæсмонæй йæхи хордта, Курт никæйуал хъуыд, ницæмæнуал хъуыд, искуы ма йын йæ ном исчи зæгъдзæн, æрымысдзæн хионæй, хæстæгæй, уый йæ нал уырныдта... Цыма никуы цардис бынтондæр, афтæ йæм каст...

Уыцы райсом Мурат бамбæрста цыдæр æнахуыр змæлд, фехъуыста тыхджын гуыппытæ, стæй танктæ гуыр-гуыргæнгæ йæ иувæрсты куыд згъордтой уый. Хъæртæ цыдысты немыцырдыгæй, æмæ танктæ дæр уыдысты уыдон...

Хур скаст, сау мылазон фæздæджы мидæг дзæбæх нæ зынд йæ сырх тугхъулон цæст. Уæлдæфы апырх æфсæйнаджы, бензины æмæ топпыхосы хъæхъхъаг тæф. Æмæ кæд змæлд æмæ хъæртæ фæсабыр сты, уæддæр йæ алыварс рыг æмæ фæздæг

нæма æрбадтысты. «Ау, махонтæ афтæ лæмæгъ разындысты, æмæ сæ ныхмæ æрлæууын нæ бафæрæзтой?» – хъуыды кодта Мурат. Тыхсти, мæсты кодта йе ‘мбæлттæм, тынгдæр та йæхимæ, ахæм æнæбон кæй у, уый тыххæй.

Уалынджы дымгæ æрбахаста сармадзанты абухын, танкты моторты гуыр-гуыр. Стæй айхъуыста хъæртæ: «Ура!!! Вперед за Родину, за Сталина!» Уый сæм уыйбæрц æнхъæлмæ каст, уыдон та йæ иувæрсты згъорынц... Уæдæ йæм куыннæ æркæсынц, куыннæ йæ ныууигъынц, куыннæ йæ бафæрсынц?.. Æцæг! Мард æй æнхъæлынц... Нæ! Нæ! Мард нæу! Уæд ма афтæ хъуыды кæнын йæ бон уаид! Нæ! Удæгас у! «Удæгас дæн!» – хъæр кодта лæппу, фæлæ йæ хъæр йæхимæ дæр нæ хъуыст...

Сержант Яровой хъæбатырæй архайдта йæ салдæттимæ. Кæмдæр æртыккаг бон æрурæдтой знаджы, фæлæ сæхуыдтæг дæр скуынæг сты, иуæндæсæй ма баззадысты фондзæй. Ныр, немыцы фæстæмæ куы расырдтой, уæд архайдта, цы ног æвæлтæрд æфсæддонтæ сæм æрбафтыд, уыдоны ‘ххуысæй. Афтæ рауад, æмæ фæстæмæ бырсты æрбацыдысты сæхи зæронд бынæттыл, сæ Хæрисджыны сыджыткъæсы фæрсты æмæ, знагæн йе ‘ккой бадгæйæ, байстой фидаргонд хæцæнтæ... Йæ сыджыткъæсмæ кæсгæйæ йæ зæрдыл æрлæууыдысты йе ‘дзард æмбæлттæ, стæй Мурат. Цымæ, цы баци? Кæддæр æй ротæйы командир фарста, йæ ныййарджытæн ын куыд фехъусын кæнæм, зæгъгæ. Яровой йæ нæ бауагъта «сау гæххæтт» сæм арвитын...

Яровой кæд тынг бафæллад, уæддæр йе ‘мбæлттау аулæфынвæнд не скодта. Куыддæр немыцы фидæрттæ райстой, афтæ фæдзырдта Колямæ æмæ рацыдысты, «никæй» зæхх-иу кæй хуыдтой, уырдæм. Мураты хæцæнтæ агурæг. Зæрдæ, дам, хорз зоны. Бирæ фæразил-базилы фæстæ бафтыдысты иу стыр дзыхъмæ. Дзыхъхъы мидæг федтой æнахуыр диссаджы ныв: кæд æмæ дзы махон æмæ немыцаг хуыссыдысты иумæ, кæрæдзиуыл лымæнтау тыхстæй. Сержант базыдта йе ‘рдхорды. Нызгъордта дзыхъмæ. Адæлгом Муратыл. Мæлдзыджытæ рахил-бахил кодтой лæппуйы цæсгомыл. Фæлæ – диссаг! Марды тæф дзы нæ кæлы... Сержант фелвæста Мураты галиу цонг, иуварс æй æрæвæрдта æмæ йæ хъус нылхъывта лæппуйы зæрдæсæрмæ... Кусы! Кусы!

– Цу тагъд æмæ санитартæн бамбарын кæн хъуыддаг! Тагъд! – загъта салдатæн, йæхæдæг та йæм ног æргуыбыр.

Коля уыциу згъорд акодта. Сахаты фæстæ санитартæ базылдысты Муратмæ, стæй йæ ахастой дохтыртæм. Цалдæр боны фæстæ Мурат йе ‘муд куы ‘рцыд, куы ‘рчъицыдта, уæд æй Яровой абæрæг кодта.

Фæдзырдтой сæ тохы хабæрттæ кæрæдзийæн, фæцин кодтой Сырх Æфсады ног уæлахизтыл.

– Ме ‘рдхорд та цы фæци, ме ‘рдхорд? – бафарста йæ Мурат худгæбылæй.

– Куртæй зæгъыс? Де ‘рдхорд удæгас нал уыд уæдмæ. Æвæццæгæн, уыйразмæ ахицæн...

– Цæрыны ныфс æм рагæй нал уыд. Адæймагæн раздæр йæ ныфс амæлы, стæй та йæхæдæг, – загъта Мурат. Мæнмæ та уыд цæрыны ныфс, уæлахизы ныфс! Уыцы ныфсæй цардтæн, ирвæзтæн...

*БАБОЧИТИ Руслан*

# ДУВÆНДИТÆ

## ФÆНДОН

Æнæрæдуд лæг дуйнебæл
Некæд адтæй ‘ма нæййес,
Бухсун гъæуй кæрæдземæн,
Гæдзи буни сойнæ ес.

Ку неке ни ‘й æнæ азум,
Алли алцæмæй æнхæст, –
Кæрæдземæн бафæразæн,
Еу инней кæнæд æнхæст!

Ан не ‘гас дæр фæйнæ хузти,
Еу мадæй игурд нæ йан, –
Ес дзæбæхтæ ма лæгъузтæ,
Макæмæ си уæн хæран!

Ци адæм цæруй нæ хæццæ
Анхосгинæй, фудгинæй,
Æнæ уонæй æнæбæрцæ
Æнхæст цард кæнун зин æй...

Неци уайуй дзурди карзæй,
Фуди хуасæ æй е ‘гæр, –
Æнæбари хъæбæр хуарз æй,
Еугур хуарз ци нæ ‘й, е дæр.

*2014.16.01*

## ÆНДÆР НЕКУД

Хуцау ке бауарзта, етæ ‘нцæ гъæздуг,
Хиццаг айдагъдæр уони хъуатæ ‘й,
Се ‘гас дæр иннетæ, æд кадæ, æд мулк,
Æнцæ хумæтæг фахъæратæ...

Хуцау ке бауарзта, етæ ‘нцæ нивгун,
Райгонд уонæн æнцæ сæ бæнттæ,
Иннетæн дуйнебæл неци ‘й сæ цæрун,
Се ‘гас дæр æнцæ æнамæндтæ...

*2012.20.11*

## НЕЦИ УАЙУЙ...

Фæццæлмартæн æй мæ зæрдæ
Еске зинтæ хæссунæй, –
Неци уайуй аци царди
Аккаг унæй, бæззунæй...

Ниссор æнцæ мæ гагутæ
Хъæбæртæмæ кæсунæй, –
Неци уайуй аци царди
Фæлмæн æма раст унæй...

Бафæлладтæн хе баредзæй,
Хе тæразæй барунæй, –
Неци уайуй аци царди
Уоди пухцæ калунæй...

Ку нийирд унцæ бæрзæндтæ,
Ниммæйдар уй уæд бунæй, –
Неци уайуй аци царди
Рохс кæнунæй, цæфсунæй...

*2011.13.03*

## УАРЗУН ÆМА НÆ УАРЗУН

Нæ уарзун некæд адтæй мæ нети,
Нæ гъудæй мæн уарзунмæ æфсон.
Мæ зæрдæмæ райстон æз берети,
Сæ нимæдзæй сæнттадæ кодтон.

Бадæмуй адæймаги æ карæ,
Æ буни 'й æрсефуй и фæсмон.
Нæбал фæууй æнхæст æхе барæ,
Исæййевуй æхеми еу бон.

Æ уодбæл исбийуй æнгом кауæ,
Зæрди дуар ниххуйуй зæгæлæй.
Æхсæдуй лæмбунæг уарзти тауæ,
Мæнау ин нæ лæууй хæмпæлæй...

Æз фудгин нæ кæнун уæхæн адæм,
Берæ хузти фæууй уæлахез, –
Берæ уарзуни ес лæгдзийнадæ,
Æгирид нæуарзуни дæр ес...

*2013.17.09*

## ДЗИГИТМУГЪÆ

Мæ гъæунгæ нæбал ходуй,
Нæбал заруй мæ къанау, –
Æрталингæ 'й бониуодæй,
Æризæр æй рагацау...

Нæбал серуй мæ бæласæ,
Нæбал дзоруй мæ къела, –
Æхе бæрцæ, æхе асæ 'й
Мæ цъæх арвæн æ мела...

Нæбал фæлкъуæруй мæ тургъæ,
Нæбал бохъ кæнуй мæ къæс, –
Царди радæ, дзигитмугъæ,
Нæбал кæнуй уæрæдæс!..

Нæбал бериндзуй мæ сæумæ,
Нæбал рæхцуй мæ изæр, –
Мæ æнгъæлти райдзаст гъæумæ
Æрфестæг æй сау цидæр...

Нæбал телуй къох мæ тегъæ,
Нæбал догъ кæнуй мæ гапп, –
Мæ рохс сæнттæбæл – сау рехæ,
Мæ сагъæстæбæл – хиджаб...

Нæбал ихæлуй мæ наффæ,
Нæбал къæрцц кæнуй мæ й' арт, –
Дæ киунуги фæстаг тъаффæ
Ци зин кæсæн æй, о цард...

*2014.08.10*

* * *

Донуордæг –мæ бæхтæ,
Донардæг – мæ саргъ...
Мæ буни мæ къæхтæ
Фæуунцæ дудагъ...
Рæуæнтти мæ бæнттæ
Фæцæнцæ цъæхуæл,
Ме 'цæг мæ мæнгæтти
Дæмуй цæбæлдæр.
Мæ кадæ, ме 'гадæй
Исдæн æнихæс...
Мæ размæ – фарстатæ,
Хæлеу – сæ гъæлæс...
Мæ нет, мæ рохс сæнттæн
Фæцæй сæ ерис...
Мæ зинтæ ме 'нцæнттæн
Кæнунцæ федис...
Цидæртæ, куддæртæ,
Нæ 'й зонун зæгъун...
Къахнадбæл – мæ зæрдæ,
Цæлхнадбæл – мæ зунд...

*2012.04.02*

* * *

Ниттадæнцæ мæ фæндтæ
Мæ рæуæнтти гæбæти,
Зинаргъ дортæ фур берæ
Нæ фæцæй мæ æрзæти...

Фудевгед нийййердтонцæ
Мæ тæнтъех æнгъæлдзаутæ,
Ревæдæй æрцудæнцæ
Мæ бæллецти дондзаутæ...

Ниви къохи æнхъиртти –
Бунсугъд зæрди æскъорæ,
Мæ фæхъхъирди æ къоси
Ацауй биндзагорæг...

Нæ исдæн æнхæст фагæ,
Кæмидæрти не ‘схъæрттæн, –
Æхецæй фæффулдæр æй
Мæ æхсирæн е ‘скъæртæн...

*2012.19.05*

## НÆЙЙЕС

Æнæ къæвда нæййес, æнæ хор дæр,
Еугур фæлмæн неке ‘й, еугур дор дæр.
Еугур фудгин неке ‘й, еугур раст дæр,
Еугур уæгъдæ æма еугур баст дæр...

Æнхæст лæгъуз неке ‘й, æнхæст хуарз дæр,
Еугур гулдзуг æма еугур лагъз дæр.
Æнхæст нивгун неке ‘й, æнамонд дæр,
Еугур сабур æма еугур сонт дæр...

Æнхæст мæгур неке ‘й, æнхæст хъал дæр,
Æнæ цард дæр нæййес, æнадзал дæр.
Æнхæст хæран нæййес, æнхæст хъабил,
Еунæг дæр неци ес æнæкъаппил...

*2017.02.05*

## ÆНÆСАЙД

Мæ цардæй фулдæр æй мæ фæсмон,
Фулдæр æнцæ уомæй мæ рæдудтæ, –
Кæмæдæр нæ рахаттон ме ‘ргом,
Кæбæлдæр кæмидæр æревгъудтæн...

Мæ фæсмон фулдæр æй мæ цардæй,
Мæ рæдудтæ уомæй фулдæр æнцæ, –
Ходæн равги бадтæн æнкъардæй,
Кæуæн усми худтæн æнæбæрцæ...

Мæ цардæй мæ фæсмон фулдæр æй,
Фулдæр æнцæ уомæй мæ азумтæ, –
Уæлахезæй цудтæн губурæй,
Æргъувтон, фæммулдуогæй, мæ сунтæ...

Мæ цардæй фулдæр æй мæ фæсмон,
Фулдæр æнцæ уомæй мæ рæдудтæ, –
Ниххуæстæн цæбæлдæрти æнгом,
Фæккодтон цæмæдæрти æнгъудтæ...

Фулдæр æй мæ цардæй мæ фæсмон,
Фулдæр æнцæ уомæй мæ рæдудтæ, –
Фæххуардтон мæ мутултæй фæндон,
Гъе уæд ма мæ дæндаг ци истудта?..

*2014.08.06*

## ÆНÆ МÆНÆЙ

О, мæ рандæ усми бæрцæ
Неке бакæндзæнæй хъор,
Æнæ мæнæй кæсдзæнæнцæ
Ци и стъалутæ, ци хор...

И деденгутæ сæ ради
Уадздзæнæнцæ адгин тæф,
Мæн нæййеси æ тæхуади
Нæ ниллæудзæнæй Ирæф.

Зардзæнæнцæ, цит, и мæргътæ,
Идзулдзæнæй и дуйней.
Хуарздзийнæдтæ ‘ма бæлæхтæ
Æййевдзæнцæ кæрæдзей.

Царди арæзтбæл мæ рандæ
Ке нæ фæууодзæй бæрæг,
Е, нæййес ибæл дзубанди,
Устур нивæ ‘й æхуæдæг.

Фæлгæссæнæн æз дæр уæмæ
Мæ сау ингæнæй æнкъард,
Куд фæккæсуй, цит, уæлæмæ
Цъæх бæласæмæ бунгард...

*2017.12.03*

## Е ЦÆЙ АРГЪ ÆЙ ÆХУÆДÆГ!

Мæ рагбонтæй мæ зæруаймæ
Уæззау мурæй фæццагътон,
Сухæ бони сатæг цъаймæ
Фæндаггони æздахтон.

Æрдæгходгæ, æрдæгкæугæй
Мæ дзилагæн фæззардтон,
Мæ фæсонтæ, ех æрцæугæй,
Æмбæрзæнæн фæддардтон.

Уарзти гага царди хуми
Æмбæрзæги æмбарзтон,
И таламæ мети буни
Зæрди согæй æндзарстон.

Уæд абони ехниккалди,
Хоритъанг æма къæвдай,
И цъемосги, и уазалти
Цæмæннæ дæн зæрдирай?

Уарзти нæмуг ци сау мæри
Аразæги аразтон,
Куд разиндтæй е мæ зæри
Доргун æма зæрæстон?

Фудæнгъæл кæд уоди хуасæ ‘й,
Хъæрæуæн цума лæдзæг? –
Берæ ратгæй маци райсæ,
Е цæй аргъ æй æхуæдæг!

*2017.17.06*

## ДУВÆНДИТÆ

Æрдзæф гæнгæ ‘й æви ухæ-ха,
Куд кæсгæ ‘й мæ хъисмæтмæ, ци ‘рдæги?
Мæнæ цард куд неци ‘й, гæлæхха,
Æ фулдæр куд ратахтæй уайтæкки!

Нарти догъ æнгъалдтон мæ дзебæл,
Æз цидæртæ худтон æнæмæлгæ,
Æревгъудтæн, цума, мæхебæл,
Нæ ракодтон мæхемæ евдæлгæ.

Ци мæ уод, ци мæ зæрдæ – æрхæн,
Хорæфтуди нивтæ – мæ цæстæбæл.
Мæ рæнгъитæй алке дæр – къæпхæн,
Фал кумæ, ци мæрддаги бæстæмæ?

Кæд, миййаг, сайæггадæ ‘й хъурмæ,
Уæлахезæ кæд ес мæ фæдеси? –
Зад бæласæ ку ‘ркæлуй бунмæ,
Æ къабæзтæ сæрмæ уæд исесуй...

*2011.14.09*

* * *

Цудæй и арф мети бæхгин,
Уадæй си фестæг æ хуæдфарсмæ.
Хаста си алке æхе зин,
Алке дæр бæлдтæй æхе хуарзмæ...

Фестæги бæхгин нæ хизта,
Фестæг нæ сурдта и бæхгини, –
Алке æхе карнæ фиста,
Арази æма ихæсгинæй...

*2014.04.07*

## НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*ДЗГОЙТЫ Анатоли*

# АМ ДÆ КЪАЛАТИ ЦÆТТÆ...[1]

*Мысинæгтæ*

...Кусæнгæрзтæ – фæрæттæ, хырхытæ, мæцъистæ, белтæ бригадир нымадæй иста кулдуары æдде сæрмагонд æфтауцдонæй. Куысты фæстæ дæр-иу сæ фæстæмæ нымадæй сæ бынатыл сæмбæлын кодта. Фæзминаг фæтк, æдде бакæсгæйæ, афтæмæй та бирæтæ кæрдтæ дæр дардтой.

Цыппæрæм бон нæ æд дзаумæттæ вахтæмæ арвыстой. Бирæйæ уыдыстæм, цыппарсæдæ адæймаджы. Конвоиры хъæлæсыл, йе 'взидæн ныхæстыл ахуыр уыдыстæм. Хъæдмæ куы бацыдыстæм, уæд дзы ауыдтам чысыл æфсæнвæндаг. Гыццыл локомотив, «Кукушка» йæ хуыдтой, цæттæйæ лæууыд. Йæ разы тыхстæй рауай-бауай систой, ахæстоны цардмæ æппындæр бар чи нæ дардта, ахæм адæймæгтæ. Вагæттæм нæ бахизын кодтой, конвой нæ фæйнæ фæрсты æрбынæттон æмæ араст стæм. Уыдис уазал, æмæ иудадзыг нæ къæхтæ кæрæдзиуыл хостам. Гæрæны фæстæ ауыдтон бæмбæдджын уæлæдарæсы лæууæг нæлгоймаджы, æрмæст йæ дарæс æмпъызтытæ нæ, фæлæ уыди ног æмæ сыгъдæг. Бадтис æмæ агуывзæйы доны сау дзул тылдта æмæ йæ сындæггай æууылдта. Æз æй бафарстон, чи у, уымæй. Разынд Поволжьейы немыцæгтæй.

---

[1] Кæрон. Райдайæн кæс журналы 2017 азы 8-æм номыры.

Хæсты райдианæй нырмæ ам уыдысты хасты. Иууылдæр хъæдгуыст кодтой, фæлæ, æнцондæр кæм уыд, уырдæм-иу куыдфæстæмæ сæхи байстой æмæ куыстой механиктæй, тракториcттæй, кондуктортæй, паровозты машинисттæй. Цардысты сæрибарæй, фæлæ сæ куыст баст уыдис ахст адæмимæ. Æмæ мах дæр ныр ластой, хъæды астæу цы ног лагерь уыдис, уырдæм: йæ алыварс ног барактæ æмæ гæрæнæй æхгæд фæз. Бæстæ сабыр. Фæзындис лагеры хицауад. Мыггаггай нæ райдыдтой нымайын, æмæ нæ-иу алчидæр размæ æртæ къахдзæфы ракодта, фæстагмæ та-иу загътой бригадиры мыггаг æмæ барачы номыр. Иу бригад иууылдæр уыдысты япойнæгтæ. Мæнæн радтой интернацион бригад, уыдис дзы япойнæгтæ, китайæгтæ, харбинæгтæ, æдæппæт фондз æмæ ссæдз адæймаджы.
Барачы – дыууæ æддæгуæлæ, цыппарбынатон тъахтинтæ æнæ гобæттæй, байуæрстой нын дæрдджын, æмпъызтытæ бæмбæджджын уæлæдарæс дæр: хæлæфтæ, телогрейкæтæ, бушлаттæ, нымæтын цырыхъхъытæ. Дарæсæй тугæйдзæгтæ дæр уыдис. Æппæтæй цауддæр разындысты нымæтын цырыхъхъытæ: иутæ дзы уыдысты алыйæстæ, иннæтæ уыдысты иу къахыл карст, аннæтæн сæ хъустæ – цыбыр, сæ уæфстæ – бæзджын, хъæдын къуыдыртау тъæпп-тъæпп кодтой, уымæн æмæ нæ тасыдысты. Кæй сфыстой, уыцы зæронд хæдæттæй-иу нæхицæн къахтухæнтæн раскъуыдтам хæцъилтæ цырыхъхъыты мидæгæй дарынмæ. Уыдис ма дзы æрмкъухтæ дæр. Ацы «хæзнатæ» сæрмагондæй пъисыр йæ хыгъды бафыста – «Инвентарь». Абабау, уæлдæр ранымад уæлæдарæсæй кæцыдæр нæй – мæгуыры бон-иу ыл акодта, йæ куысты нормæтæ-иу фылдæрæй чи сæххæст кодта æмæ-иу уый тыххæй уæлдай паек лæвæрд кæмæн цыдис, уымæй дæр-иу æй фенæхай кодтой æмæ-иу æй «шизо»[2]-йы бамидæг кодтой. Куысты нормæ уæлдайджынтæй чи æххæст кодта, уыдонæн сæ ахæсты бонты æмгъуыд къаддæр кодта.

Хъæдмæ нæ куы акодтой, уæд нын техникон разамонæг амыдта, хъæд куыд калын хъæуы, уый. Йæ къухы уыдис канадæйаг даргъхъæдджын фæрæт. Бæласы зæнгæн дзы, кæцырдæм калгæ у, уыцырдыгæй цалдæр хафты фæкæн, стæй йæ нымад минуттæм хырхæй ахауын кæн. Алчидæр нæ боны дæргъы хъуамæ акалдтаид, йæ зæнджы ставд дыууæ дисныйы кæмæн у,

[2] Шизо – штрафной изолятор.

ахæм бæлас, уый фæстæ йын йæ къалиутæ æрцæгъд, цыппар метры дæргъæн хъæдтыл æй ныллыг кæн. Иу лæджы хæс хæрзхъæд хъæдæрмæджы 3 кубометры нормæ сæххæст кæнынæн уыдис уыдонæй æхсæз рагъы самайын, кусгæ дыгæйттæй кæй кодтам, уымæ гæсгæ та – 12 рагъы.

Райдыдтой нæ кусæн бонтæ. Райсомы æхсæз сахатыл фест, астыл кусынмæ ацу, изæры æхсæзыл дæ куыст фæу, авдыл зонæмæ æрбаздæх.

Бригад-иу пълан куы сæххæст кодта, уæд алы адæймагæн дæр дзул лæвæрдтой 600 граммы, нормæ уæлдайджынтæй чи æххæст кодта, уымæн та – 700 граммы. Фæлæ йæ фыццаг бон дæр бамбæрстам – 3 кубометры бацæттæ кæнын нæ къухы не ‘фтдзæн, уымæн æмæ бæлæсты бын иу метры æрфæн мит схъæпæн. Бæласы алыварс уал мит дæ къæхты бын ныннæм, йæ зæнг ын митæй ссыгъдæг кæн, стæй уæд хырх.

Нæ къæхты дæр хъару нæ уыди. Хъæд цæгъдын та хъуыд афтæ, цæмæй бæлæстæ иуырдæм калдаиккой. Стæй, хъæдæрмæг дзуарæвæрдæй амай. Æрмæст алы бæлас, мах куыд фæндыд, алкæд уыцырдæм нæ хауд. Ацы ран нын нæ уæззау уавæр банывыл кодтой китайæгтæ. Зыдтой цавæрдæр «та кандза» æмæ «сё кандза»-йы (стыр æмæ гыццыл мæцъисты) системæ, æмæ нæ куыст фæрогдæр.

Нормæ фыццаг бонты кæй не ‘ххæст кодтам, уый нæ хæринаджы хайыл уæд нæ фæзынд, фæлæ къуырийы фæстæ райдыдтам 400 граммы дзул исын. Цы гæнæн нын уыд? Алы бон дæр сменæйы кæрон æз зылдтæн мæ бригады æппæт звенотыл дæр æмæ сын сæ куыст бæрæг кодтон. Изæрæй-иу къантормæ рапорт балæвæрдтон. «Хистæртæ» нын бацамыдтой, рæстдзинад куыд бамбæхсæн ис, уый. Кæд æмæ бригад йæ пълан бонмæ не ‘ххæст кодта, уæд хицауадæн фылдæр звеноты куыст гæнæн æмæ амалæй æвдисын хъæуы бæрзонддæрæй, дыууæ-æртæ звенойы куыст та – 50 проценты къаддæрæй. Чекистты «компьютер» æнæ равзаргæйæ радих кæндзæн ацы дыууæ-æртæ звенойæн хæринаджы ныллæг хай, бригадир та сæ хъуамæ райуара.

Бонтæ ивгъуыдтой, нæ лагерæй хъæд бонæй-бон дардæйдарддæр кодта. Дыууæ нæ, фæлæ йæм цыппар километры дыууæ сахатмæ цыдыстæм, æмæ куысты рæстæг дæр къаддæр кодта. Æрдæгæххормагæй адæм сæ къæхтыл лæууынхъом нал уыдысты æмæ мæйы пълан дæр ничиуал æххæст кодта. Дæ амонд

дæ къухы. Йæ хъæд 80 сантиметры стæвдæн кæмæн у, ахæм нæзыйыл фæхæст дæ, уæд уымæй нормæ скæнæн уыд, фæлæиу хатт нæ размæ талатæ бахауд, æмæ уæд æнæхъæн бон уисæйттæ кæн.

Мæ бригады кусджытæй иу, Петр Магер, алыгъд дардыскæсæн лагерьтæй. Маньчжуримæ бæргæ бахæццæ, фæлæ йæхи бафæсвæд кæнын нæ базыдта, æмæ йæ нæ «сæрибаргæнджытæ» æрцахстой. Ныр ам комендантимæ схæлар, йæхицæн хорз звено сарæзта хуымæтæг лæппутæй æмæ афтæмæй размæ рацыд. Иудадзыг – хъæлдзæг, йæ худ – йæ сæры фахсыл, æдзух йæ дзыхы –тамако, цыбырдзырдæй – ницæмæй хъаст кодта. Алы сменæйы кæрон дæр йæ нормæ уыди уæлдайджынтæй æххæст. Мæнæн-иу афтæ дзырдта: «Закон – тайга, хозяин – медведь, нормочку давай и чуть-чуть сверху!»

Афтæ рауад, æмæ йе звено цыппар адæймагæй хъæды мидæг сæ кусинаг хайы астæу аззад, æз та йæм æмгъуыдæй сахат раздæр бацыдтæн хъæдæрмæджы бæрц анымайынмæ. Петр йе ‘мбалимæ арты фарсмæ бадтысты, иннæ дыууæ ‘мбалы та тагъдтагъд алыг кæныныл архайдтой æхсæз метры дæргъæн хъæды лыстæг кæрон. Уыцы хъæдыл æз бон раздæр æвзалыйæ ныффыстон, йе ставд цас у, уый. Лæппутæ балæууыдысты сæ куыстаг «ног» кæныныл. Сæ сусæг хин митæ сын куы базыдтон, уæд мын Петр афтæ бакодта: «Дæ дзыхыл хæц, науæд дæ амардзынæн». Тынг мæсты уыдтæн, æмæ йæ мæ зонд нæ ахста, 10 кубометры куыд ис бамбæхсæн, уый. Фæлæ сайгæ дæр кæй? Петя дæр ацы сусæг хин йæхæдæг не ‘рхъуыды кодта, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ иннæтыл сахуыр, æнæхъæн бæстæ дæр сайæгой сси: «Выполним, перевыполним на 200 процентов, на 300 процентов».

Ацы хъуыддаг нын æвыдæй нæ баззад. Иу изæр мæм хицаумæ фæдзырдтой. Æрыгон, æнæниз, цардæфсæст майор дын мын афтæ: «Ну, ты, когда план выполнять будешь?» Цы хæйрæг мæ ацардыдта – нæ зонын, фæлæ йын æз йæ фарстæн фарстæй дзуапп радтон: «А вот когда кормить будете, гражданин начальник». Хорз мæ бафхæрдта уырыссагау, стæй йæ бардзырд анæрыд: «Передай свою бригаду Магеру!» Ууыл фæци мæ куыст бригадирæй.

## ИУМÆЙАГ КУЫСТЫТЫ

Райсомæй бригад куыстмæ æз нал ракодтон. Петр куысты хæстæ амонæгимæ хъæлдзæг ныхас кодта, хатт-иу йæ къæхтæ кæрæдзиуыл бакъуырдта – уазал ын уыд. Уый уыдис æнцондæр цардыл æмæ удæгасæй баззайыныл тох. Баныхас кодтон Стукановимæ æмæ райдыдтам дыууæйæ кусын. Виктор æртæ азы кæстæр уыд мæнæй, фидæрттæарæзт, зыдта хъæды куыст, æмæ нæ хъуыддаг фæрæстмæ. Нæ нормæ-иу сæххæст кодтам, æмæ нын бригадир уый хыгъдмæ 600, иуæй-иу хатт та 700 граммы дзул лæвæрдта.

Бонтæ адаргъ сты, фесты февралы карз уазæлттæ. Уалдзæг æрбахæстæг, æмæ нæ-иу хур йæ хъарм тынтæй батавта. Хъæды ма мит урс гауызау æрттывта рухсмæ, фæлæ фæндæгтæ, фæндæгтæ... Ралæууыд мартъи, куыстмæ цыдыстæм салд зæххыл, фæссихормæ та-иу атад, æмæ-иу цъыфы лæгæрстам. Нæ нымæтын цырыхъхъытæ-иу æхсæв-бонмæ нæ бахус сты. Хуыссыдыстæм фæйнæджытыл бæмбæдждджын уæлæдарæсы.

Фыццаг æрлæмæгъ сты япойнæгтæ. Пырындз нæ уыдтой сæ цæсты кæронæй дæр, æмæ сæ ахсæнтæ риссын райдыдтой. Кусынхъом нал уыдысты, æмæ-иу фылдæр арты фарсмæ æрæмбырд сты. Хуыздæр уавæры нæ бахаудысты китайæгтæ дæр, кæд ма иучысыл змæлынхъом уыдысты, уæддæр.

Адæм æххормагæй лæмæгъæй-лæмæгъдæр кодтой. Райдыдтой æнæнхъæлæджы цаутæ дæр. Чидæртæ-иу, цы бæлæстæ калдтой, уыдоны бын фесты. Йе ‘нгуылдзтæ-иу чи алыг кодта, ахæмтæ дæр фæзынд. Къодахыл-иу се ‘нгуылдзтæ авæрдтой æмæ сыл-иу фæрæт æруагътой. Санитар сын-иу бабаста сæ хъæдгæмттæ, афтæмæй-иу изоляторы бадтысты, цалынмæ сæ хъæдгæмттæ байгас уыдаиккой, уæдмæ.

Лагеры фæткмæ гæсгæ-иу йæхицæн ахæм знаггад чи ракодта, уыдоны ахæсты бонтыл ноджы фылдæр æфтыд. Ныр махæн та ахæсты æмгъуыд нæма уыд.

Ахст кæдæй æрцыдтæн, уæдæй мын уæлæдарæс нал уыд. Дзул, кърупа, зети æмæ æндæр хойрагыл сæ баивтон. Мæ хъарм зымæгон япойнаг ботинкæтæ мын адавтой, фæззыгон палто комендантæн радтон, уый йæ хай – дзул æмæ хъæрмхуыпп алы райсом дæр мæнæн лæвæрдта. Фæлæ йæ мæйы фæстæ суæгъд кодтой, æмæ мæ базар дæр фæци. Ницыуал дзаума

мæм баззад уæлæмхасæн хойрагыл баивынæн. Æмбæрстон, кæй слæмæгъ дæн, бæласы къалиутæ акъуырыны хъару дæр мæм нал уыд. Куысты кæронмæ-иу фæрæт мæ къухтæй хауд, мæ къæхтæ та змæлынхъом нæ уыдысты. Фæндыд мæ-иу абадын, фæлæ та-иу Виктор сцырын: «Давай еще лесинку свалим». Кæцæй йæм уыдис уыйбæрц хъару æмæ быхсондзинад? Куыд хæрзæрыгон лæппу, афтæ йын хæринаггæнджытæ тæригъæд кодтой æмæ йын-иу кас кæнæ хъæрмхуыппы уæлдай къус дæр авæрдтой. Уырыссаг æмбисонд афтæ зæгъы: «Беда не приходит одна». Нымæтын цырыхъхъыты цæуын нал фæрæзтам, æмæ нын сæ бæсты къогъодзитæ райуæрстой, хуыдтой сæ, лагеры 65 азы кæуыл цыдис, ахæм ахст адæймæгтæ-инвалидтæ. Фæлæ та нын ацы къахыдарæс дæр нæ фæрæстмæ.

Хъæдмæ нæм-иу уæрдоныл кæнæ дзоныгъыл æрцыд хæринаггæнæг, аджы бын-иу бандзæрста, дон фыхта æмæ-иу дзы стуры хуылфыдзаумæттæ лыстæг карстæй ныккалдта, бафтыдта сæм-иу цъата кæнæ цъæмæлтæ æмæ – хæринаг цæттæ. Ацы хуыппаджы 500 граммы иу доннуазæгау анызтам, æмæ ууыл нæ сихор фæци. Сахатырдæг нын-иу кæд нæ фæллад суадзыны бар уыдис, уæддæр-иу нæ куыстмæ бавнæлдтам.

Сæрдæй-зымæгæй цæттæ хъæдæрмæг ластой бæхтыл. Хъæдæрмæг æвæрдтам дзоныгътыл, кæнæ уæрдоныл, æмæ та сæ иу бæхтæ ахæр-хæр кодтой дарддæр цырхæн фæзтæм. Сихорыл-иу æрцыд сæйраг бæхгæс æмæ-иу бæхтæн сысджы тæгæнаты ныккалдта. Мах-иу уыцы рæстæг архайдтам уыцы сысджыйæ армыдзæгтæ адавыныл. Æмæ йæ афтæмæй хордтам. Зонæмæ хæссæн ын нæ уыдис, куы нæм æй ссардтаиккой, уæд – къæрц цæттæ. Фæцалх стæм нæзыбæлæсты билцъытæ хæрыныл дæр. Тарстыстæм, нæ ахсæнтæ куы сриссой, уымæй, фæлæ нын дзы ницы уыдис.

Фæстæдæр куыд базыдтам, афтæмæй уыцы билцъыты фæрцы аирвæзтыстæм ноджы фыддæр низ – цингайæ. Иннæ лагерьты нын 1945–1948 азты лæвæрдтой фых нæзыдон, уымæн æмæ уыцы азты цинга æндæр тæссаг хæцгæ низтимæ адæмы куынæг кодта. Хæрын райдыдтам сусхъæды сыфтæ дæр, фæлæ нын хорзмæ нæ цыдис. Лæппутæй чидæр картофы цъæртты кæри ссардта æмæ уыдон дæр хордтам. Ахсæны низтæ ныл фæзындысты, фæлæ хицауадмæ нымады дæр нæ уыдис нæ уавæр. Кæнæ дæ нормæ сæххæст кæн, кæнæ – къæрц!

Нæ бригады дыууæ китайаджы ныффæрск сты: нал куымдтой кусын æмæ сæ шизойы бамидæг кодтой. Суткæ сын лæвæрдтой иу хатт хъæрмхуыпп æмæ 300 граммы дзул. Афтæ фæзæгъынц, хъæды, дам, фæцæрæн ис, мæлæтæй та аирвæзæн. Мах кæм уыдыстæм, уыцы хъæдты хæрынæн бæзгæ зайæгойтæ æмæ хъæддаг гагадыргътæ нæ, фæлæ сырдтæ дæр нæ уыд. Æхсæвыгæтты арæх уыдтон ахæм фын, цыма нæзыбæласы зæнгæй къæртт æрхырхтон, адджынæн æй хордтон æмæ мæм фæлмæн дзулы хуызæн каст. Мæ хъуыдытæ иууылдæр къæбæр æмæ хæринагыл уыдысты.

Ахст адæмы æнæниздзинады тæссаг уавæр уæлдæр хицауадмæ байхъуыст. Санитарон хайады кусæг кæнæ та лагеры хицаумæ мæсты чи уыдис, ахæм афицер сæм дзырд бахаста. Куыддæриддæр уæд, фæлæ нæм æвæстиатæй уæлдæр хицауады къамис æрбахæццæ æмæ райдыдтой се сгарæн куыст. Бæлвырд нын кодтой нæ ас, нæ уæз, не 'нæниздзинад. Къамис куы ацыд, уæд нæ алкæмæндæр къуыридæргъы дæттын райдыдтой фæйнæ дыууæ уидыджы туаг къабуска æмæ дыууæ картофы.

Хъæды цас фестæм, уый бæлвырд нæ хъуыды кæнын, уымæн æмæ уыйбæрц сæнæхъару, сæдых стæм, æмæ нын нæ ацы рæстæг нæ царды бирæ хабæрттæ ферох кæнын кодта. Æрмæст ма мæ зæрдыл æрлæууы, хъæдæй-иу зонæмæ куы æрцыдыстæм, уæд-иу нæ хуылыдз къахыдарæс раласынхъом дæр нал уыдыстæм. Хуыссыдыстæм тæрхæджытыл æмæ ме 'ххормаг хъуыдыты мысыдтæн дзул, хъæрмхуыпп. Иу бон нæ хъустыл æруад: уыдзæн, дам, ног слест, фæлæ дыууæ азы рацыд, уæддæр ницы федтам. Нæ фæсонæрхæджы дæр нал уыд, раст тæрхоны закъонтæ ма ис, уый. Ууыл фесты мæ царды æппæты уæззаудæр æмæ хъизæмайрагдæр лагеры дыууæ азы.

Уый фæстæ азтæ дæр кæд бынтон хорз нæ уыдысты, уæддæр иучысыл нывылдæр.

## АЗАНКÆ – СЛЕСТ – ТÆРХОН

Адæймаджы психологи диссаг у. Дыууæ азы нæ стонг æмæ фыдкуыстæй хъизæмарæй фæмардтой, скъуыдтæ дарæсы-иу уазæлтты сыдыстæм, баракты фынæй кодтам афтид тæрхæджытыл, сыстытæ æмæ нæ къогъотæ хордтой, нæ нын уыдис хи

найынæн хуымæтæг уавæртæ дæр, фæлæ нæ уæддæр ныфс фæзынд слестæй. Нæ зæрдæ дардтам, алцыдæр ногæй сбæрæг кæндзысты, æмæ рæстдзинад кæй ралæудзæн, ууыл. Иу гыццыл ма бабыхсын хъæуы, иу гыццыл!

Уалынджы райдыдтой чекистты цæстфæлдахæн митæ. Куыстмæ ацæуыны размæ-иу дуары раз æрлæууыд оперуполномоченный кæй хуыдтой, уыцы афицер, номхыгъдмæ гæсгæ-иу ракодта 20–25 адæймаджы æмæ сæ-иу уый фæстæ нал федтам. Бирæ рæстæг нæ рацыд, æмæ мæн дæр 30 адæймаджы къордимæ арвыстой горæт Азанкæмæ. Бакодтой нæ сындзджын телæй æхгæд чысыл зонæмæ æмæ нæ бaрактыл байуæрстой.

Ногæй та айдагъ тæрхæджытæ иу кæронæй-иннæмæ, мынæг цырагъ æмæ дуар чысыл рудзынггондимæ. Цыбыр дзырдæй, гыццыл ахæстон стыр ахæстоны. Тæрхонгонд адæм бригæдтæй куыстой егъау фæзахсты, хъæды заводы. Хъæдæрмæг æвгæдтой, хъæдгуыстæн дзы уыдис цехтæ дæр. Махæн та карантины æртæ боны радтой, цæмæй нæхимæ базылдаиккам, уæдæ чекисттæ «чъизи» адæймæгтимæ ныхас кæнын сæ сæрмæ кæм хастой. Нæ фарстытæн нын дзуапп дæр хатт нæ лæвæрдтой.

Æртæ боны фæстæ нæ кусынмæ ракодтой. Цалдæрæй вагонмæ æвгæдтам цавæрдæр хъæдтæ, фæйнæджытæ, къалиутæ, иннæтæн та радтой халамæрзæнтæ æмæ сæ бакодтой, «мертвая зона», зæгъгæ, телæй æхгæд бынатмæ. Ардыгæй алидзæн ницы хуызы уыдис, къахфæдтæ дзы хорз зындысты.

Фыццаг къуыри мæм фæсидтысты æрфарстмæ. Уыимæ дæр æхсæвыгон. Фарстытæ мæм чи лæвæрдта, уыцы сырх пъагонджын хистæр лейтенант, æгъуыссæгæй йын – сырх цæстытæ, уыдис тынг знæт, мæстджын. Мæ хиуæттæй, хæстæджытæй мæ куы фæфарста, уæд йæ иннæ фарстатæ карзæй-карздæр кодтой. Фарста мæ, Гонконг, Кукуцу, Маньчжурийы телеграфон агентад æмæ æрыгæтты Чырыстон Цæдис мæнмæ цы бар дардтой, уыдæттæй. Хуыссæг æй кæй ахста, уый бæрæг дардта, æмæ уымæ гæсгæ йе ‘нæуынон уыд дун-дуне, йæ сæргъы Маркс-Энгельс-Ленин-Сталин, афтæмæй. Цæмæй йæ хуыссæг фæлидза, уый охыл уаты сдыууæрдæм. Мæн та мæ хæйрæг сардыдта æмæ райдыдтон философон дзæнгæда цæгъдын, «ассоциация» уырыссагау «союз» нæ амоны, ХСМЛ та (Христианский Союз Молодых Людей) англисагау уыдзæн УМСА...

Ма, дам мæ ахуыр кæн, урсгвардион б...дь, зæгъгæ, мыл

фæхъæр ласта æмæ мын мæ былтæ тымбыл къухæй афтæ æрбацавта, æмæ æз дæр мæ дзых ахгæдтон. Мæ бинаг был куыд тагъд рæсийы, уый хатыдтон. Цыдæр лыстæг хабæрттæй ма мæ афарста, стæй мæ баракмæ акодтой.

Цæмæй йæ зыдтон, æмæ Ежовы сусæг бардзырдмæ гæсгæ, 1937 азы харбинæгтæ иууылдæр нымад кæй æрцыдысты алыхуызон эмигрантон-фашистон организациты архайджытыл, уый. «Союз мушкетеров», «Русский общевоинский союз», «Союз казаков», «Христианский союз молодых людей» æмæ æндæр «союзтæ» ахст цыдысты. Тæрхон сын хастой фæйнæ 10–25 азы, шпионы архайдæй та-иу кæуыл фæгуырысхо сты, уыдонæн та хастой марыны тæрхон. Цавæр аххосæгтæм гæсгæ бахаудысты гимнази æмæ колледж фашистон организациты номхыгъдмæ, уый та зыдтой æрмæст НКВД æмæ МГБ, стæй АБВГД... Бынæттон хицауад æмæ чекисттæ сæхицæн уæлдай зын нæ кодтой хъуыддæгтæ биноныг, бæлвырд равзарынмæ, фæлæ сæ къухты «бынмæ» чи хауд, уыдоны «ссывтой» дзырдхæсджыты ардыдæй. «Харбинаг», зæгъгæ, худинаджы гакк уыдис цæрæнбонтæм. Æмæ мæнæн дæр 40 азы Советон Цæдисы цæргæйæ ацы гакк суанг 1984 азмæ мæ фæдыл æфтыдæй баззад.

Цалдæр боны фæстæ та мæм фæдзырдта слестгæнæг. Æрфарсты протоколы бын мын мæ къух бавæрын кодта, кæсгæ дæр æй нæ бакодтон, афтæмæй.

Слест фæци æмæ нæм фæдзырдтой зылынгæнæг хъуыддаг кæронмæ сæхгæныны тыххæй. Æрдæгталынг агъуысты мын мæ къухы иу гæххæтт бакодтой. Тыххæй амæлттæй дзы бакастæн: «Дзгоев Анатолий Андреевич, 1923 года рождения, осужден на 10 лет исправительно-трудовых лагерей по статье 58 пункт 4.11 УК РСФСР».

Уый уыдис 1947 азы декабры. Мæ сæрибармæ баззад авд азы æмæ фараст мæйы. Нæ фæцæрдзынæн. Райсомæй мæ тæрхонгондтимæ арвыстой Алексей Поповы бригадмæ. Уыдис дзы – 30 адæймаджы. Иууылдæр харбинæгтæ. Се 'хсæн мын бирæ зонгæтæ разынд: Ю. Радоман, йæ фыд СМУ-йы проректор, В. Северюков, В. Степкин, Н. Лалетин, Акъоты А., В. Хундадзе, М. Колесников, В. Петров... Нæ бригады хæс уыди, хъæдæй цы хъæдæрмæг ластой, уый вагæттæм æвгæнын. Уæззау куыст уыдис, уымæн æмæ алцыдæр къухæй кодтам, хадзонджытæ æмæ хæбырæгъты фæрцы.

Æхсæз-авд метры дæргъæн хъæдтæ къулгондтæй вагоны фарсыл æвæрдтам, афтæмæй-иу сыл дыууæ адæймаджы хъæдтæ вагонмæ стылдтой. Уыимæ алы хъæды уæз дæр уыдис 600–700 килограммы. Æппæты уæззаудæр куыст уыди писийы удæст шпъалытæ æккойæ хæссын, сæ иу ласта 100–120 килæйы. Цалынмæ-иу вагæттæ нæ байдзаг сты, уæдмæ нын барактæм ацæуыны бар нæ уыд. Не уæхсчытæ-иу схаудтой æмæ-иу сæ туг хъардта. Нæ амондæн уыцы шпъалытæ алыбон не 'вгæдтам, æмæ-иу нæ хъæдгæмттæ иучысыл байгас сты. Абон дæр мæ уæхсчытыл ностæ урсæй зынынц.

Барвæндæй æххуырст мастертæ нын шпъалытимæ нæ удхар уыдтой æмæ-иу барæй зæронд голджытæ, алы хæцъилтæ æмæ сæ æрмкъухтæ махæн хъæдтыл фæуагътой. Фæлæ нын фаг нæ уыдысты. Уæддæр сæ бузныгæй баззадыстæм. Фыдбылызы цаутæ дæр нæ цух нæ уагътой. Æнарæхст чи уыд, уыдоныл-иу егъау хъæдтæ хаугæ дæр ракодтой. Мæн Хуыцау бахызта ахæм фыдбылызæй. Иунæг хатт æрмæст ныцъцъист кодтон мæ галиу къухы кæстæр æнгуылдз хъæды бын æмæ мын цæрæнбонтæм тъæпæнæй баззад. Хъæд-иу зæхмæ куы калдтам æмæ йæ рæдзæгъдтæ куы амадтам, уæд куыстам райсомы аст сахатæй изæры фондзмæ, цалынмæ-иу рельсы дзæнгæрæг нæ райхъуыст, уæдмæ. Рæнхъгай слæууу æмæ – размæ. Сахаты бæрц-иу схардз фæстæмæ барактæм здæхгæйæ.

Алы ран дæр æмхуызон бонывæтк: райсомы æхсæз сахатыл сыст, хæрæндоны дын 500 граммы донджахи, 200 граммы сысджыйы кас æмæ 400 граммы æрдæгфых къæбæр, стæй аст сахатыл – куыстмæ. 12 сахатыл сихор – ногæй та цыдæр быламыхъ, сахаты фæстæ та 'рлæуу дæ куысты уæлхъус. Цæрæн бынаты æхсæвæрæн дæр та зонгæ цымгæ æмæ 200 граммы къæбæр (чи-иу фесгуыхт, уыдонæн 300–400 граммы). Дæ хуыссæны 10 сахатыл батул, барачы дуар – гуыдырæй æхгæд.

Бæллæхы уавæры уыдысты уаргъцырхджытæ: нæ сын уыд сæ куыст ныууадзæн, цалынмæ-иу æппæт вагæттæ дæр нæ байдзаг кодтой хъæдæрмæгæй, уæдмæ. Вагæттæ та-иу куы цалдæргæйттæ æрбатардтой, куы иугæйттæ, куы та, æнхъæлмæ, дам сæм кæсут. Æмæ-иу уæд куы цы куыстыл хæст уыдыстæм, куы цæуыл – марзтам, æфснайдтам, æмбырд кодтам, вагæттæйиу цы хъæдтæ рахауд, уыдон.

Стæй-иу уæд... Бон-изæрмæ къæбæры хъæстæ дæр ма фæу

æмæ афтæмæй æмбисæхсæвтæм уыцы тæссаг æмæ уæззау куыст æнæкъуылымпыйæ кæн... Æрмæст фæсæмбисæхсæв кæддæр æрдæгмардау бафæлдæх дæ хъæбæр хуыссæны, æрдæгæуыылдтытæй цыдæртæ куы аныхъуырай, уæд...

Иу фæззыгон бон сæлфынæг кодта. Дыууæ вагоны байдзаг кодтам хъæдæрмæгæй æмæ нæхи цæттæ кæнæм зонæмæ, иууыл бригæдтæ дæр сæ куыст фесты æмæ ацыдысты, мах ма баззадыстæм. Фæлæ дын мæнæ конвой фæзынд æмæ нæ уæлхъус алæууыд. Ног вагон та нын æрбалæвæрдтой. Донластæй та райдыдтам кусын. Ныр, арæх фæхъуыды кæнын, цæуыл нæхи мардтам фыргуыстæй, цæй тыххæй нæхиуыл нæ ауæрстам? Уымæн, æмæ не 'хсæн æнгомдзинад нæ уыд æмæ тарстыстæм «сырхпъагонджынтæй», фыднад æмæ шизойæ.

Талынг, дæ цæст дæр акъах, ницы зыны, уыимæ къæвда дæр не 'нцад, уæддæр нæ куыст кодтам. Хъæдтæ хæрдмæ тулгæйæ не 'рхъуыды кодтон, æмæ мыл рахауд. Ницыуал бамбæрстон. Мæхимæ æрцыдтæн, рыстæй мæ бон сыстын нæ уыд. Стæй мын уæлдай нæ уыд, сыстдзынæн ма æви нæ, уый дæр. Фæлæ мæм фæзындысты конвоиртæ. Зæрдæйæ мыл, мыййаг, нæ рыстысты, фæлæ сæ «цъагъартæй» дыууæйæ нæ разындысты æмæ сæ агурын бахъуыд. Мæн хъарм бынатмæ ахæр-хæр кодтой, уый фæстæ æрбахастой дыккаджы дæр. Уымæн йæ уавæр фыддæр уыд. Рахауд вагонæй æмæ йæхи ныппырх кодта. Йæ хуылфыдзаумæттæ атыдтой æмæ туг мидæгæй фæцыд. Нал аирвæзт. Мæн та æртæ боны лазареты ныууагътой. Къуыри мæ куыстæй суæгъд кодтой. Зонæйы хæрæндоны мæхицæн рог куыст дæр ссардтон. Хæринаггæнæгæн æххуыс кодтон. Мæ куыстæн-иу райстон къусыдзаг хъæрмхуыпп кæнæ касы уæлдæйттæ агæй. Хорз цæстæй мæм каст гуырдзиаг пъовыр æмæ-иу мæ афарста: «Ирон, кушат будэшь?» Ацы амонд мын бирæ нæ ахаста. Фæстæмæ та иумæйаг куыстытæм рацыдтæн, фæлæ нын ацы хатт нæ бригад раивтой арæзтадмæ. Хъæды уавæртимæ абаргæйæ, ам уыдис хуыздæр. Фыццаджыдæр, хъарм, уарынтæй хызт, стæй баулæфынæн рæстæг. Сихорыл нын хæринаг нæ лæвæрдтой, фæлæ нæм уый хъаргæ дæр нæ кодта, изæры-иу æхсæвæрафон бахордтам.

Дыууæуæладзыгон бæстыхай тагъд фестæм конд æмæ нæ аивтой æндæр куыстмæ – агуыриййы заводмæ. Сахаты бæрц æм цæуын хъуыдис, уыимæ шпъалытыл, рагæпп-багæпп кæнгæйæ. Заводы куысты технологи ма, революциты агъоммæ куыд уыд, афтæмæй баззад.

Ӕлыг змæстой дыууæ адæймаджы, бæхтыл кусгæйæ. Ахæм куыст æрхауд мæнмæ æмæ Роман Северюковмæ дæр. Ӕлыг змæнтæн мигæнæны цъыфæн хъуамæ цавæр къахыдарæс бафæрæзтаид? Ӕмæ бæгъæввадæй фæззыгон уазалы змæстам цъыф. Цæмæй бынтон ма басийæм, уый тыххæй нæ тых, нæ бонæй змæлын кодтам нæ уæнгтæ. Фæлладуадзæн рæстæг-иу пецы сæрмæ схызтыстæм, схус-иу кодтам нæ уæлæдарæс æмæ маиу нæ фæллад дæр чысыл суагътам.

Бригадир куы бамбæрста, фæрынчынтæ стæм, уæд нæ бафтыдта хом агуыридур гарнатæм ласыныл. 20–22 дуры-иу иуцалхон лæгуæрдоны самадтам æмæ сæ судзынмæ ластам. Нормæ чи не ʻххæст кодта, уыдонæн та-иу йæ дзулы хай 400 граммæ æркъуырдтой. Ралæууыдысты уазæлттæ. Ӕлыг-иу æхсæвы ныссалд æмæ æгуыстæй лæууыдыстæм. Завод сæхгæдтой æмæ та нæ æндæр куыстытыл бафтыдтой. Фæлæ нæ царды ивддзинæдтæ дæр æрцыд. Иу бон нын мидæггæгтæ райуæрстой, стæй зæронд машинæты цæлхытæй конд резинæ дзабыртæ, уыимæ не ʻппæтæн дæр уыцы иу асыл карст. Зымæгон уазæлттæм та нын радтой бæмбæдджджын хæлæфтæ, хъусджын худтæ.

Ӕмæ та ногæй хъæдæрмæг æвгæныны куыст. Ахст адæмæй тынг бирæтæ афтæ слæмæгъ сты, æмæ сæ бон кусын нал уыд, сæ нормæ-иу нæ сæххæст кодтой æмæ сæ-иу ивар кодтой хæрдæй. Сæ уавæр-иу ноджы фыддæр фæцис, алыхуызон хъæдгæмттæ сыл-иу фæзынд, дзæбæх чи нал кодта, ахæмтæ, æмæ-иу цы фесты уыцы рынчынтæ, уый нал базыдтам. Фæстæдæр лагеры не ʻппæты уавæр дæр кæуинаг ссис. Уалдзæджы нæм фæзынд æфсæддон дохтырты къорд. Райдыдтой нын бæлвырд кæнын не ʻнæниздзинад. Мæнмæ куы ʻркастысты, уæд дохтыр, фысгæ чи кодта, уымæн афтæ бакодта: «Ну, с этого уже ничего не возьмешь. Третья группа. ОП».

Зыдтой йæ, фыццаг къорд мын кæй уыдис, ома, хъæдгуыстытæ, уæзæгтæ æвгæныны куыстытæ ацы къордмæ хаст цыдысты, се ʻнæниздзинад чысыл нывылдæр кæй уыд, уымæ гæсгæ. Ӕртыккаг къорд та нымад цыдис «хæдмæлтыл». Алы лыстæг куыстытæ кодтой æмæ сын хæринаг фаг нæ лæвæрдтой. Ӕмæиу афтæмæй инвалидты уавæрмæ æрхаудысты. ОП цы уыд? Уый нысан кодта «особое положение», ома, адæймаджы ма аирвæзын, сдзæбæх кæнæн ис.

Нæ бригады фыццаг къорды баззадысты авд адæймаджы, æз æмæ Михаил Колесников бахаудыстæм æртыккаг къорды «ОП»-мæ, иннæтыл та къух ауыгътой – «на слом», зæгъгæ, къордмæ хаст æрцыдысты. Къуыри дæр нæ рауад, афтæ нæ æндæр лагерьмæ аивтой. Уым уавæртæ, иннæ рæттимæ абаргæйæ, «дзæнæтон» уыдысты. Хуыссыдыстæм хъæмпын голджытыл, уыди нын базтæ, хъæццултæ, къуыри иу хатт та нын сау дзулы бæсты урс дзул лæвæрдтой, æртæ хатты истам хъæрмхуыпп, дыууæ хатты та – кас. Иумæйаг куыстытæм нæ нæ кодтой, фæлæ æфснайдтам хæрæндон, барак, сыгъдæг кодтам пысунæтæ. Æртæ къуырийы дзы фестæм æмæ нæ вахтæмæ арвыстой. Нæ уавæр, кæй зæгъын æй хъæуы, нывылдæр уыдис, фæлæ та фæстæмæ нæ раздæры удхæрттæм æрхаудтам. Ногæй та æххормаг бонтæ адаргъ сты. Колесниковимæ тынг схæлар стæм, не 'хсæн сусæг ницыуал уыд. Иуахæмы дын мын афтæ, цæй æмæ, дам, лыгъд раттæм ардыгæй. Загъта, цыма уыдон æртæйæ æмвæнд сты – Акъоты Алыксандр, Володя Хударза æмæ уый йæхæдæг. Алыксандр æмæ Володяимæ Харбины дæр зонгæ уыдыстæм, уыдон дыууæйæ баслужбæ кодтой бæхджын полкъ Сунгари-Н.-ы æмæ сын уыйадыл фæйнæ 15 азы радтой.

Æз фæтарстæн æмæ не сразы дæн лидзыныл, нæ мæ уырныдта, исты дзы рауайа, уый. Михаил иунæгæй афардæг иу мæйдар æхсæв – тыгъдызæйы аххосæй лагеры рухс куы ахуыссыд, уæд. Хæрæндоны йæ хæринæгтæ æнæвнæлдæй куы баззадысты, æрмæстдæр æй уæд фæхъуыды кодтой. Нoджы ма кæмæн йæ батинкæтæ амырхта, кæмæн йæ бæмбæдждджын. Мах æртæйæ хъуыддаг бамбæрстам, фæлæ нæ дзыхтыл хæцыдыстæм.

Хъарагъулæй, афицерæй, хицауадæй – иууылдæр сæ сæрыл хъен слæууыдысты, бæстæ рафæлдæхтой, джигул кодтой, фæссихæрттæм куыстмæ ничиуал ацыд. Фæдисæттæ арвыстой. Фæндзæм бон Михаилы æрбахæццæ кодтой. Куыд радзырдта, афтæмæй зонæйы сындзджын телы бынты абырыд, 4 метры бæрзæндæн (!) гæрæны сæрты ахызт æмæ æнæхъæн бон æмæ æхсæв къутæртæ æмæ хъæдты æмбæхсгæйæ фæцыд. Иу хъæугæрон зæронд усыл амбæлд æмæ йын йæ хабар ракодта. Ус æй суазæг кодта, фынг ын æрæвæрдта. Лæг бахордта æмæ фынгыл æрфынæй. Фæлæ æвиппайды фехъал, уымæн æмæ йæ фæсонты автоматы бырынкъ фæсагъд. Фæкаст æмæ ауыдта

дыууæ автоматджыны. Зæронд усæн Михаилы сæрмæ радтой голладжы æрдæг ссад, ноджы ма йын ус йæ давд батинкæтæ дæр амбæхста, куы афынæй ис, уæд (уыйразмæ сæ уый йæ къæхтæй раласта). Конвоиртæ Колесниковы нæмгæ нæ фæкодтой, ницæмæй йæ бахъыгдардтой, фæлæ фæсмон кодтой, уыдоны бæсты лагеры топпæхсджытæй кæй ничи фæци лидзæджы раз – акъæрцц æй кодтаиккой уайтагъд, ныр та йын хæринаджы мæт кæн, бынатмæ йæ фæхæццæ кæн.

Лагерæй лидзыны цаутæй цыппарæн уыдтæн æвдисæн. Мардæй кæнæ удæгасæй – уæддæр-иу сæ фæстæмæ æрбахæццæ ластой.

Зымæгмæ хæстæг нæ фæстаг хъарутæ тайын райдыдтой. Æртыккаг аз æнæ витаминтæ, æнæ сой хæринагæй бынтон лæмæгъ ныййистæм. Æхсæнтæкалæн мигæнæнтæ къахтам, дзул цъатайыл ивтам, картофы цъæрттæ æмбырд кодтам æмæ та ныл цинга схæцыд. Баракты та фæзындысты хихбæлæсты фыхдоны къæртатæ. Нæ цæсгæмтты рæсыд нал бадтис. Райуæрстой нын нымæтын цырыхъхъытæ. Галиу цæмæндæр разæй лыг уыд, стæй рæстмæ хуыд нæ рауад, æмæ мын мæ зæнджы хæцъæф риссын кодта. Санитарон хайады мын æй хосæй байсæрстой, фæлæ уæдмæ мæ тæвд дæр сбæрзонд. Иу бон мæ куыстæй суæгъд кодтой, дыккаг бон та сыстын нал бафæрæзтон.

Лагерьты фæтк ахæм уыд. Райсомæй-иу ахст адæмы куыстытæм куы кодтой, уæд сæ-иу бæлвырд нымадтой номхыгъдмæ гæсгæ. Стæй-иу джигул кæнын райдыдтой баракты. Уыцы бон æз нæ ацыдтæн куыстмæ. Сыстын мæ бон нæ баци, ризæг мыл бахæцыд, тынг рысти мæ къах. Изæрырдæм мæ уавæр фæфыддæр, цыдæр фæдæн, мæхи нал бамбæрстон. Цæстдарæг афтæ æнхъæл уыд æмæ мæхи рынчын æфсон скодтон, фæлæ куы бамбæрста, сайгæ нæ кæнын, уæд мæ санитарон хайадмæ бахæццæ кодта. Хъæцъæф схæф æмæ мын æй акъæртт кодтой æнæ рыстисæг хосæй. Мæ зæрдæ бахъарм.

«Как ты запустил такую флегмону?» – бафарста мæ дохтыр. Æз ын загътон, дæу дæр иумæйаг куыстытæм куы арвитиккой, уæд мæм ныр ахæм фарстытæ нæ дæттис. Стæй базонгæ стæм. Хæстон дохтыр, фронты архайæг. Кæмдæр цыдæр загъта, æмæ йæ æрцахстой. Æз ын йæ бæсты ныр фыстон курдиат, цæмæй йын йæ хъуыддагмæ ногæй æркæсой. Бамбарын

мын кодта, дæ хæцъæфы, дам, æмбæхст сынкъ фæзынд, æмæ йын гангренæйæ тæссаг у. Хорз мын ныссыгъдæг кодта мæ хъæдгом. Æмæ мæ дзæбæх кæнын райдыдта. Мæ къæхтыл слæууыдтæн. Палатæйы уыди 10 адæймаджы бæрц. Æндæр палатæйы амбæлдтæн ме 'мкъласон Борис Виттейыл (айдагъ йæ мыггаг дæр ын дæс азы ахæстоны фæбадыны аххос фæцис). Борисæн йæ къахы æнгуылдзтæ басыдысты, æмæ кæддæры хæрзконд, хæларзæрдæ адæймаг ныр хуыссыд уæззау рынчынæй, æнæбонæй, фыдхуызæй. Рынчындоны ма сæмбæлдтæн Виктор Борейкойыл дæр. Иумæ ахуыр кодтам 1932–1939 азты, Иумæ куыстам телеграфон агентады дæр. Викторыл хъæд рахауд æмæ йе уæхск фехæлд.

Дохтыр мæ хæрæндоны картоф стигъæгæй сæвæрын кодта æмæ халсартæ хордтон– уырыдзы, цæхæра, булкъ. Борис æмæиу Викторæн дæр хæйттæ авæрдтон. Дон та хæрæндонмæ иу тæтæйраг ласта, йæ уындæй дæр ын æмризæджы рызтысты иууылдæр. Æвæццæгæн, бандиттæй уыд. Мæнæн афтæ бакодта, картоф, дам, хъуамæ сылгоймæгтæ сыгъдæг кæной, ды та, дам, пецты æндзар. Хуылыдз кæнæ уымæл сугтæй цавæр пец ссудзын кæнæн ис? Æз сахуыр дæн арт хус къæцъæлтæй кæнын, ацы пец та, 300 адæймагæн хæринаг кæм кодтой, ахæм агимæ уыд. Тæтæйраг бирæ фæзагъд кодта мемæ, фæлæ мæ уæддæр сахуыр кодта ахæм пецы арт кæныныл. Æмæ уый мæ куыст ссис изæры дæс сахатæй райсомы æртæ сахатмæ. Уый фæстæиу афынæй кодтон. Æмбæрстон æй, ам мæ нормæ кæнын нæ хъæуы, æмæ нæ тагъд кодтон.

Ацы рынчындоны ма уыдис сæрмагонд агъуыст æнхъæлцау сылгоймæгтæ æмæ сæ сабитæн. Ахæм уавæры-иу куыд бахаудтой, уый зыдтой æрмæст конвоиртæ æмæ цæстдарджытæ: лагерьты ахст сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæ кæрæдзийæ уыдысты хицæн.

Тæтæйраг дон сылгоймæгтæн дæр ласта. Хатгай-иу мæнмæ дæр æххуысмæ фæдзырдта. Уый тыххæй мын-иу радта алыхуызон хæринæгтæ. Сылгоймæгтæ йын кас, адджын гуылтæ лæвæрдтой æмæ мын-иу дзы фæхай кодта.

Сылгоймæгтимæ-иу дзымандытыл схæцыдтæн æмæ иуахæмы йæ ныхасы уагæй, ома, йæ акцентæй, ироны базыдтон. Кæд æз нымадæй цалдæр дзырды йеддæмæ нæ зыдтон – «дæ бон хорз; фæндараст; æрбауай та нæм-иу; сбад; куыд у де 'нæниздзинад»,

уæддæр ын тынг æхсызгон уыд сæ фехъусын мадæлон æвзагыл цъæррæмыхстытæй дæр. Мæ мад-фыды ном загътон, цы хъæуæй сты Дзгойтæ, уый. Æмæ, дам дын æз дæ хион-хæстæджыты ссарын кæндзынæн мæ хæстæджыты æххуысæй. Афæдзы фæстæ райстон фыстæг æмæ хуын мæ фыдыхойæ. Уыцы заман уый Хуыцауы стыр лæварыл нымад уыд. Сухаритæ, нуры æмæ авджыдзаг сойыл æз тынг бацин кодтон. Мæ къахы хъæдгом дæр бадзæбæх, фæлæ мæм æнæнхъæлæджы цæстдарæг службæмæ фæдзырдтой цавæрдæр оперативон афицермæ. Йæ хинæвдылд фæрстытæн кæрон нал уыд. Афицер мæ фарста мæ ивгъуыды цард, архайд æмæ куыстытæй. Æз æм хъуыстон, фæлæ йын ницы 'мбæрстон. Æппынфæстаг уый сфæлмæцыд æмæ мын комкоммæ афтæ: «На тебя пришел запрос, отправляешься в этап». Фæлæ кæцæй уыд уыцы домæн æмæ мæ кæдæм æрвыстой?

## ÆБÆРÆГ ФИДÆН

Дохтырæн мæ хæрзбон зæгъыны фадат дæр нал фæцис, афтæ мæ «столыпинкæ» вагонмæ сæргъæвтой. Вагоны талынджы мæ цæст æрхæцыд дæс адæймагыл. Не 'хсæн ныхас бацайдагъ: чи дæ? кæцæй æмæ кæдæм дарыс дæ фæндаг? Фæлæ нæ уымæн бæлвырд ничи ницы зыдта. Харбинæгтæ разындыстæм æртæйæ – æз, Виктор Супрунов æмæ Вася Зырянов. Зыряновимæ хъазыдыстæм волейболæй, баскетболæй, уыдыстæм Синцзины скъолайы духовон оркестры къорды. Оркестры коймæ Супрунов дæр æрымысыд, уый дæр хæтæлæй куыд цагъта, уый. Женя Пожарский (г. Орелæй) цагъта басæй, Николай Пономаренко (Украинæйæ) – баянæй. Куыд рабæрæг, афтæмæй нæ алчидæр хъазыд исты музыкалон гарзыл. Æмæ бацин кодтам, кæд нын уый исты ахъаз фæуид, зæгъгæ, фæлæ нæ зæрдыл куы 'рлæууыд, алчидæр нæ тæрхонгонд 58-æм статьямæ гæсгæ у, уæд æй бамбæрстам, хорздзинадмæ политиконтæн æнхъæлмæ кæсæн кæй нæй. Æнæхъæн æхсæв нæ бацъынд кодтам, ахæм ныхæстæ дæр-иу райхъуыст, зæгъгæ, бирæтæн сæ 10 азы 15-æй баивынц. Райсомæй нæ рахизын кодтой вагонæй æмæ къахæй араст стæм лагерьмæ. Нæ алыварс хъæд, мах 15 адæймаджы, немæ дыууæ конвоиры. Нæ уындæй нын хъæды халæттæ дæр тарстысты.

Бахæццæ стæм нæ нысангонд бынатмæ. Ахæм егъау лагерь нæма федтон. Кæрон нæ зындис йæ дыууæ фарсы гæрæнтæн. Алырдыгæй дæр бæрзонд фæлгæсæн. Ам æндæрхуызон фæтк уыдис: цæстдарæг-иу æрмæст ахсты мыггаг загъта, уый та дарддæр йæ ном, фыды ном æмæ, кæцы азы гуырд у, уыцы бæрæггæнæнтæ ранымадта. Баракмæ нæ куы акодтой, уæд базыдтам, Свердловскы облæсты горæт Тавдайы центрон лагеры кæй стæм, уый. Цæгатырдæм махæй уыдысты зындгонд ахæстæттæ: Североуральск, Ивдельлаг, Печорлаг, Инга, Воркута, скæсæнырдыгæй – Тобольск, Усть-Илим, хуссарырдæм – Тюмень, ныгуылæны – Нижний Тагил æмæ Кушва. Нæ хицæуттæ æппæт лагерьтæ дæр хорз зыдтой, уымæн æмæ иудадзыг ахст адæмы иуæй-иннæмæ ратæр-батæр кодтой. Тавдайы лагеры разындысты харбинаг лæппутæ дæр, стæй культбригады артисттæ æмæ музыкæнтты æмбис дæр – харбинæгтæ. Се 'хсæн Виктор Лавров-Турчанинов æмæ Жорæ Кожевников. Сæ хæс уыдис лагеры хицауады, чекисттæ æмæ сын сæ сылгоймæгты ирхæфсын.

Цалдæр боны хъеллаугæнгæйæ æнхъæлмæ кастыстæм, кæй нæ цавæр куыстмæ арвитдзысты, уымæ. Не 'хсæн бирæ уыдис давджытæ, цæстфæлдахджытæ, æввонгхортæ (ома, фæллой кæнын чи нæ уарзта, ахæмтæ) æмæ æндæр советон æрдæгинтеллигенци. Адонимæ нын æнцондæр уыдис, уымæн æмæ сæм уыди тамако, махоркæ, аулæфын сæ-иу куы фæндыд, уæд улæфыдысты, нымады дæр сæм ницавæр нормæтæ уыди. Хæринагæй дæр цух нæ уыдысты. Хуынтæ-иу райстой, лагеры хæринæгтæм та кастысты уæлæнгай цæстæнгасæй, куыд уæлæфтуан хæлцмæ, афтæ. Уыди сын сæхи бригадир, æмæ йæ уый зыдта, кæмæн дзы цас æмæ цы хъæуы раттын, уыдæттæ. Мах дæр не 'фхæрдтой, уымæн æмæ нын нæ тæригъæддаг уавæрмæ кæсын нæ фæрæзтой. Цы нæ байстаиккой, уый дæр нæм нæ уыд.

Иу изæр нын фæскуыст нæ къордмæ фæсидтысты культурон-хъомыладон хайадмæ. Къæсхуыртæ ацæргæ нæлгоймаг нæ къордтыл адих кодта æмæ нын загъта, цæмæй нæ алчидæр йæ курдиат равдиса музыкалон инструменттыл. Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут æххормаг, чъизи, скъуыдтæ дарæсы лæгуынсæр музыкантты. Æртæ азæй фылдæр нæ йæ къухтæм ничи ницы цæгъдæн гарз райста æмæ нæ аивадæй ницы уадис, æнахъинон хъинц æмæ хъыс-хъысæй дарддæр. Фæлæ капельмейстер, хæрззæрдæ адæймаг, æмбæрста нæ уавæр æмæ нæ хицæнтæй

ацæгъдын кодта. «Уæддæр уе 'нгуылдзтæй равдисут, ацы аппликатурæ уын зындгонд кæй у, уый», – загъта нын. Иннæйы та нотæтæ зонынæй бафарста, æз та хъуамæ ныффыстаин музыкалон хъуыдыйад. Афтæмæй нын райуæрста цæгъдæн гæрзтæ. Фæлварæн радтам æнтыстджынæй.

Хицæн бынат нын радтой, æмæ удуæлдайæ нæхи хъардтам аивады. Капельмейстер нын хуыйы нард æрбахаста æмæ нæ куырдта, цæмæй йæ хæргæ ма кæнæм, фæлæ дзы æрмæстдæр нæ былтæ сæрдæм. Бахуыдтой нын хæлæфтæ æмæ гимнастеркæтæ дæр. Райдыдтой оркестры репетицитæ. Нæ фыццаг дебют райдыдта райсомæй. Цагътам марш, æмæ ахстытæ сæ куыстмæ разæнгарддæрæй цыдысты. Тынг уазæлттæ уыд, æмæиу нæ инструменттæ нæ уæлæ бæмбæдждждынты мидæг амбæхстам, цæмæй сæ клапантæ ма ныссалдаиккой. Ног дарæс фыццаг хатт скодтам, клубмæ нæ куы акодтой, уæд. Кæд æмæ культбригады хæс уыдис хицауады ирхæфсын, уæд мах хæс та – хуымæтæг адæмы. Æнæуи-иу æнцад бадтыстæм, нæ фæйнæ фæрсты та – дыууæ салдаты. Чи хъуамæ алыгъдаид ахæм амондæй? Сыгъдæг, æфсæст, алы бон дæр абанамæ цу, табуафси. Репетицитæ-иу кодтам хæрæндоны æмæ-иу нын хæринаггæнджытæ уæлдæйттæ дæр радтой. Кафаг фæсивæд дæр нæ рохуаты нæ уагътой, кæм нын-иу картоф, кæм дзул авæрдтой. Нæ аивадон къорды уæнгтæ сабыргай сæхиуыл фæхæцыдысты, нæ рæсыдтытæ æрбадтысты, нæ хъæдгæмттæ байгас сты, фыд ныл фæхæцыд. Цалдæр хатты нæ хъуыддаг дæр ацыд: æхсæвыгон нæ вагæттæ æвдæлон кæнынмæ куы ракодтой, уæд дзы ссардтам маргарин гæххæттын къоппыты.

Фæкуыстам æмæ нæхи дæр хорз федтам. Цæстдарæг нæм вахтæйы никæмæ баджигул кодта æмæ, нæ дзыппытæ маргаринæй дзæгтæй, фæмидæгæй стæм.

Иннæ хатт та вагæттæй истам еууы касаджы голджытæ æмæ йæ иунæг Хуыцау зоны, цас дзы ныккодтам нæ дзыппыты æмæ нæ нымæтын цырыхъхъыты, уый. Сæрдмæ фæцардыстæм хицæн ран, фæлæ лæджы амондæн дæр искæд бон кæрон æрцæуы.

Изæры нын фехъусын кодтой бардзырд, цæмæй нæ сæрмагонд уæлæдарæс æмæ музыкалон инструменттæ раттæм фæстæмæ. Æмæ та нæ этапы арвыстой, «Карьер», зæгъгæ, лагерьмæ. Ногæй та хъæд, ногæй та хъæдæрмæг æвгæныны куыст. «Карьер»-ы нæ йæхимæ бакодта бригадир Николай Орехов.

Къуыдипп, схъæларæзт лæппу, раздæры давæг, фæлæ, бригадирты ныхæстæм гæсгæ, уыдис «парень то, шо надо». Уый размæ бригадæн разамынд лæвæрдта Махмуд Давлет-Гиреев, фыдуаг, æгæнон адæймаг. Хъæдæрмæджы амад рагъыл æнарæхстæй рахæцыд, æмæ хъæдтæ ратылдысты. Давлет вагонырдыгæй хъæдты уæлæ рацæйлыгъди, фæлæ фæкалд, ахауд æмæ сæ быны фæци, ныцъцъист æй кодтой. Давлетæй лагеры иууылдæр стъæлфыдысты. Бригады фидар фæтк сæвæрдта, æмæ нын цы ‘мбæлдис, 800 граммы дзул, улæфæн бонтæ – уыдон уыдысты афоныл æмæ нывыл. Мах-иу хæрæндонмæ куы бацыдыстæм, уæд-иу алы быдылотæ федде сты уырдыгæй. Николай Орехов дæр æппæт адæттæ дарддæр æххæст кодта æмæ дзы алкæддæр бузныг уыдзынæн, уымæн æмæ йæ бригады фæстæмæ нывыл адæймаг сдæн суанг ме ссæрибары онг.

Хъæдæрмæг æвгæныны технологимæ гæсгæ «Карьер» æппæты æнтыстджындæр уыдис. Амад рагътæ-иу иунæг адæймаг дæр сахатмæ вагонмæ баппæрстаид, фæлæ тынг тæссаг уыд, æнарæхстдзинад равдыстай, зæгъгæ, уæд-иу уыцы цæндтæ ракалдысты. Давлет дæр афтæмæй фæмард. Æнæуи-иу дыгæйттæй куыстам. Мæ зæрдыл æрлæууынц Сашкæ Теличенко æмæ Вася Олейнин (дыууæ дæр украинæгтæ), фидæрттæ арæзт лæппутæ – мемæ-иу, æнарæхстимæ, куыстой. Орехов сын-иу кæй загъта, уый та фæстæдæр базыдтон.

Æз нæ хъуыды кæнын, æмæ советон ахст адæмæй исчи йæхи тыххæй æргомæй дзура. Нæхæдæг-иу æй бамбæрстам, политикæйы амæддæгтæ кæй сты адон дæр. Се ‘ппæт дæр уарзтой хъусын фæсарæнты царды хабæрттæм. Нæ куысты заман-иу сын цыбыр улæфты рæстæг Харбин æмæ Гонконгы царды тыххæй дзурын райдыдтон. Стæй рахызтæн чингуытæм. Фылдæр сæ зæрдæмæ фæцыд роман «БО Жест». Ахæм фæлладуадзæн рæстæг нæ уыд, æмæ мын-иу æй ногæй кæм нæ радзурын кодтой: «Толик-пацан, а ну «тисни» романа». Афтæ мæ кой айхъуыст Толик-пацанæй, романтæ дзурыны специалистæй.

Мæ хъусджытæй мын-иу исчи йæ хуынæй бахай кодта. Иуахæмы мæ стыр дисы бафтыдта Теличенко Саша – нæдæр ын дзуар уыд, нæдæр Хуыцау, сау дзыхæй æлгъитæг. Фæрсы мæ:

– Хуыздæр цы уыдзæн, уый ма мын зæгъ: мæнæ дæуау – цы дæм уыдис, уый дын фесæфæд, æви мæнæ махау – мур дæр дæм мацы уæд?

Æмæ йæхæдæг йæхицæн дзуапп радта:

– Фæлтау дæм мацы уæд, æмæ æвæсмон уыдзынæ, науæд цæрæнбонты мысдзынæ, цы фесæфтай, уыдæттæ.

Йæхæдæг-иу цыфæнды хицæутты раз дæр йæ хъæлæсыдзаг нылгъыста: «Гуталинщик усатый, рябая морда, грузинская ж... чтоб тебе...»

Сашкæйæн тæрхонгонд уыди 20 азы, фондз азы та ма – хъæлæс кæныны барæй цухгонд. Æппæтæй æфхæрддæр нæм уыди Николай Лемешинский, белорусаг: 25 азы лагерьты фæуын, фондз азы та ма – хъæлæс кæныны барæй цухгонд. Цæмæн æй афтæ бафхæрдтой, стæй «хасты фæуынæй» «хъæлæсы барæй цухгондæй» цы хъауджыдæр ис, уыдæттæн Коля ницы зыдта. Ахст кæй æрцыд, ууыл дæр-иу бадис кодта: «За що?»

Ореховы бригады цынæхуызон адæмыхатт уыдис, цынæ: украинаг, белорусаг, казахаг, узбекаг, уырыссаг, ирон, немыцаг, цигайнаг, суанг ма дзуттаг дæр. Коля Карахан-иу, одессæйаг, хъæзгæмхасæнты арæх афтæ дзырдта, Цæдисы, дам, æрмæстдæр дыууæ дзуттаджы кусы: йæхæдæг æмæ Каганович, иннæ дзуттæгтæн, стыр ахуыргæндтæн, сæ нæмттæ сусæггонд сты. Куы-иу æй фарстам, цæй тыххæй дæ ацы ран, зæгъгæ, уæд-иу загъта: «Мæ фыд хæрзæдылы разынд, йæ рæстæджы афоныл йæ мыггаг нæ аивта, афтæмæй амард. Йæ фырты та йын дæс азы æмгъуыдмæ ахæстæтты бакодтой».

Караханимæ дæр акуыстон. Цæрдæг лæппу уыдис, арæхстис алцæмæ дæр. Хорз хæлар мын сси. Нæ къæбæр дих кодтам. Бирæтау йæ цæхх, йæ кæрдзын сусæгæй нæ хордта...

Фæлæ ныл бæллæх æрцыд. Хъæдæрмæг æвгæнгæйæ æнæнхъæлæджы мæ къухтæй хъæд фæбырыд æмæ вагоны дуарыл сæмбæлд. Уыцы уысм Коля иу къухæй хæцыди дуарыл, æмæ йæ иу æнгуылдз фæтахтис. Йæ хъæрмæ æз вагонмæ æргæпп ластон. Фæлæ мæ уый йæхимæ хæстæг нæ уагъта. «Куыддæр мæм æрбаввахс уай, афтæ дæ амардзынæн», – нæ сабыр кодта йæ загъдæй, рахиз къухы æфсæйнаг хадзонæг даргæйæ. Цыдæриддæр фыдæлгъыстæй зыдта, уыдон мыл ныккалдта, æрсабыры амал ын нæ уыд. Æз бригадиры ссардтон, æмæ Коляйы зонæмæ арвыста. Лæппутæ мæ фæдзæхстой, цæмæй дзы мæхи хъахъхъæнон – фыдлæг, дам, у.

Сагъæс æмæ мæтæй æхсæвы мæ бон бафынæй кæнын нæ уыд. Фæлæ иу афон, кæм хуыссыдтæн, уыцы тъахтины раз

цыдæр хъæлæба ссыд. Коля мæм цыппæрæм тæрхæгмæ кардæлвæстæй куыд фæцæйбырыд, афтæ йæ æхсæвгæс ацахс-та. Орехов æмбæрста, Карахан мæ йæ маст кæй исдзæн, уый æмæ æхсæвгæсæн бафæдзæхста, цæмæй мæм йæ цæст дара. Уый æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ мæ Коля амардтаид, фæлæ ныс-сахъат кæныны фаг уыд йæ маст.

Коляйы лазареты фæдардтой, йæ рыстимæ йæ маст дæр куы ссыд, уæд та фæстæмæ схæлар стæм. «Карьер»-ы нын хорз фадæттæ уыд. Уæлæдарæс æмæ, сæйрагдæр, къахыдарæс – хуызæнон. Сæрдыгон нын лæвæрдтой кирзæ батинкæтæ, мидæггæгтæ, хæдон, бæмбæджджын. Зымæг та – нымæтын цырыхъхъытæ, хæлæфтæ, мидæггæгтæ. Алы къуыри дæр иу хатт цыдыстæм абанамæ. Фæзынд нæм уидгуытæ, цайцымæн мигæнæнтæ æмæ чысыл цуайнæгтæ (чи сæ ивгæ бакодта, чи та давгæ). Нæ сæртыл-иу æркодтам хъусджын худтæ æмæ пи-лоткæтæ. Алкæмæндæр нæ уыд хъæццултæ, æмæ хъæмпæй конд базтæ æмæ гобæттæ. 1949 азы нæм конвоирты ахастдзи-над дæр фæивта. Æдылы хъæр ныл нал кодтой. Колоннæйы фæрсты-иу æдзæмæй куыйтимæ цыдысты. Æхсæвы куыстмæ та-иу немæ дыууæйæ уыдысты 30 адæймагæн.

«Карьер»-ы æвдисæн уыдтæн иу æвирхъау цауæн. Нæ ба-рачы уаргъцырхджыты бригадæй иуимæ, йæ фæсномыг – Ма-нюня, æмæ Пожарскиимæ схæлар дæн. Сæ дыууæйæн дæр сæ зæрдæйы ахаст хорз уыдис. Бурдзалыг уырыссæгтæ. Сæ иу, куыд загътон, афтæ – горæт Орелæй, иннæ – Курскæй.

Манюня, асæй чысыл лæг, Фыдыбæстæйы стыр хæсты уыди танкист. Танкисттæ та ныфсджын адæм куыд не сты! Танчы удæгасæй басудзын, кæнæ срæмыгъды уæнггай фæхауын, уымæй тæссагдæр мæлæт нæй. Гъемæ Манюня ноздджынæй чекисттæй кæимæдæр фæхыл. Йæ пъагæттæ йын растыгътой, байстой йын йæ хæрзиуджытæ æмæ йын ахæстоны 20 азы фæбадыны тæрхон рахастой.

Манюня фыццаг аивæй, стæй æргомæй радзырдта, цыппар танкисты æмæ дыууæ денджызоны лидзынвæнд кæй скодтой, уый тыххæй. Мах дæр амидин кодта. Фæлæ нын фæйнæ æхсæз азæй фылдæр нал баззад, уыдонæн та – 15-гай азтæ. Зонæйæ нæ алыгъдысты, фæлæ хъæдæй, хъахъхъæнæгæй хъахъхъæнæ-джы ‘хсæн иуцасдæр дæрддзæг кæм уыдис, уырдыгæй. Фондзæн дзы дыккаг бон сæ мæрдтæ уæрдоныл æрбахæццæ кодтой æмæ

сæ раппæрстой стыр фæзы. Се ‘ппæты дæр уый размæ автоматтæй фехстой. Мах дæр федтам уыцы æбуалгъ цау. Æрмæст Манюня се ‘хсæн нæ уыд. Уый æрбаластой цалдæр боны фæстæ, фыднад æй фæкодтой, афтæмæй. Шизомæ йæ баппæрстой, æмæ нын фадат нæ фæцис йемæ аныхас кæнынæн. Уыйфæстæ йæ слестмæ аластой æмæ йæ нал федтам. Фæлæ бамбæхсæн ницæмæн ис, сусæг телеграф йæ куыст кæны. Иу иуæн радзырдта хабар, иннæ – иннæмæн.

Куыд рабæрæг, афтæмæй лигъдæттæ куыддæртæй æрхъулайæ аирвæзтысты, фæлæ хæрхæмбæлд фесты хъахъхъæнджытимæ. Уыдон сыл автоматтæ суагътой, фæцæфтæ сæ кодтой. Иу сæ фæстæмæ зонæмæ æрбабырыныл архайдта, æмæ йæ хъахъхъæнæг фехста. Уыцы хъахъхъæнæгæн йæ ном уый фæстæ сбæрæг. Бирæ нал ацард. Æхсæвыгон сменæйы йын йæ мард вагоны цæлхыты бын ссардтой. Никæйуал фехсдзæн...

Нæ хъуыды кæнын, кæд уыдис уый, æнхъæлдæн, 1949 азы, нæ куыстæн нын фидын райдыдтой. Иууылдæр æмхуызон истам, æрмæст чысыл фылдæр нæ бригадирæн уыдис йæ мызд. Уæд советон сомы бæркад æрхаудта. Нæ мызд хызти 1000 сомæй 1200 сомы онг. Хæринагæн нæ урæдтой 700 сомы, уæлæдарæсæн – 200 сомы, хъахъхъæнынæн – 100 сомы, культпросветæн – 60 сомы, абанайæн – 50 сомы, хилдасæн æмæ къахыдарæсы цалцæгæн – 50 сомы. Куыд федтам, афтæмæй нæ хъахъхъæнгæ дæр кодтой æмæ нын культурон æгъдауæй рухстауæн куыст дæр кодтой. Фæлæ нæ кæмæй хъахъхъæдтой? Цавæр культурон рухстауæн куыст кодтой? Не ‘рвылмæйон хыгъдтыл афоныл æфтыдис 30–40 сомы – ома, дæ фæллойæ ма дæм цас хауы, уый. Æнæбары æрхъуыды кæндзынæ зарæг: «нам помажут и покажут, а покушать не дают». Æхца цыдис алкæмæн дæр йæ номы хыгъдмæ, фæлæ нын æй дæттгæ нæ кодтой. Куы йæ истаиккам, уæддæр æй кæм хардз кодтаиккам? Лагерьты ларектæ нæма уыд. «Вольнонаемный» кæй хуыдтой, уыдоны лæггæдтæй пайда кæнын та нын не ‘мбæлди. Гъе, афтæ, мах, фидæны социалисттæ æмæ коммунисттæ, æвиппайды капиталисттæй агæпп ластам, нæхи æвæрæнтимæ. Куысты амынд хæстæ 120 процентæй чи æххæст кодта, уымæн иу кусгæ бон нымад цыдис дыууæ боныл. Афтæмæй, кæй зæгъын æй хъæуы, тæрхоны æмгъуыд дæр цыбырдæр кодта, фæлæ ацы закъон æххæстгонд куы цыдис, куы та нæ. Æппынфæстаг харбинæгтæм

æфтуан бонтæй æстгай мæйтæ бамбырд æмæ, дæс азы ахæстоны фæбадыны тæрхон кæмæн уыд, уыдоны 1955 азы уæгъд кæнын райдыдтой.

Уый дæр хорз уыди, фæлæ мах дарддæр Советон Цæдисы хъæдыхæдзарад халыны куыст кодтам. Уæд мын уæлдай нæ уыд, фæстæдæр æй бамбæрстон, бæстæйы хъæдтæ цагъды кæй кодтой, уый. Уæддæр ма уыдис техникон разамонджытæ, хъæд раст калын æмæ æвгæныны мадзæлттæ нын чи амыдта, ахæмтæ, æвзонг талатæ цæмæй ма фесæфой æмæ ма бамбийой, уый амонынæн нын сæ зонд нæ хæлæг кодтой. Фæлæ уæд та нæ куыст нал ахадыдта, æмæ-иу ахæм мастеры йæ куыстæй систой, тæрхон ын-иу рахастой, куысты пълан не 'ххæст кæныс, зæгъгæ. Æнцондæр уыдис цæттæ хъæдæрмæг раласын, къæцæлтæ, къалиутæ та-иу куысты бынаты баззадысты, бандзæрстой-иу сыл, сæ фылдæр та æмбыдысты æмæ æвзонг талаты сæфтой.

Сыхаг лагерьты дардтой ахст сылгоймæгты. Нæ технорук-иу афтæ загъта: «Там, где десять баб лес наваляют, ста медведям не разобраться». Æмæ æцæгæйдæр афтæ уыд, боны æрдæг-иу нын фæци сылгоймæгты фæстæ æфснайгæйæ.

Политикон æмæ æнæуи ахст адæмы æмхæццæтæй цы лагерьты дардтой, уым ма уыдис «воры в законе», кæнæ «блатные», зæгъгæ, ахæм къордтæ. Алы бригады дæр æмбæлдис «артисттæ», кусын чи нæ куымдта, фæлæ сæ бонтæ изоляторты чи æрвыста, ахæмтæ. Æдзух се 'нæниздзинадæй хъаст кодтой æмæ-иу рынчынæфсон зонæйæ æддæмæ нæ цыдысты. Сæхицæн алы фыдмитæ арæзтой. Чи-иу йæ цæстыты махоркæ бакалдта, чи та – исты æхсæры чысыл къæртт, райсомæй-иу сæм уæд бакæсæн дæр нæ уыд, афтæ сын-иу барæсыдысты. Æмæ цынæ диссæгтæ арæзтой. Фыцгæдоны цуайнаг сын сæхиуыл æркалын бачъыртт кæнынау уыд, кæнæ-иу сæ буары судзин æмæ сæтæй хуылыдз æндах кæм аластой, уым-иу схæф.

Фæлæ-иу хицауадимæ чи схæлар æмæ-иу исты бæрнон куысты лæуд чи фæцис, уыдоны хуыдтой «гадзатæ».

Иухатт куыстæй здæхтыстæм, не уæхсчытыл хус сугты чысыл æргъæмттæ фæрæттимæ, афтæмæй. Нæ фæрæттæ хъуамæ раттаиккам æфтауцдонмæ, хус сугтæн сæ кæцыдæр хай хаудта цæстдарджытæм, иннæ хай та-иу нæ баракмæ ахастам. Куыддæр нæ фæрæттæ радтам, афтæ нын цæстдарæг мынæг хъæлæсæй бафæдзæхста, кусæнгæрзты æрмадзы цур цæндæй

цы фæрæтхъæдтæ лæууыд, уыдонæй, дам, фæйнæ райсут. Куы йæ бафарстам, «цæмæн», зæгъгæ, уæд нын афтæ бакодта: «Зонæйы хъаугъа райдыдта». Дуæрттæ байгом сты, джигул дæр нæм нал бакодтой, афтæмæй æмбырдæй цæрæн зонæмæ бакалдыстæм. Нæ сыхаг баракты цур æрæмбырд лæдзæгджынты къорд æмæ пырх кодтой рудзгуытæ, дуæрттæ басæттыныл архайдтой. Мах сæ уайтагъд фæсырдтам, баракмæ бацыдыстæм æмæ ауыдтам бинты тыхтæй Виктор Стукановы. Уый нын радзырдта, хæрæндонæй здæхгæйæ «блатнойты» чысыл къордыл хæрхæмбæлд кæй фæци, фæхыл сты æмæ йæ уыдон хæрынкъайæ барæхуыстой. Йæ хъæрмæ æрбамбырд сты уаргъцырхджытæ, уыдоны фæстæ блатнойтæ æмæ сын райдыдта иумæйаг хъаугъа. Ме ‘рдхорд Женя Пожарский, бындз бафхæрын дæр чи нæ зыдта, уый ахæм мæсты сси, æмæ йæ ныхмæлæууæджы сындзджын телтæм батардта. Цæстдарæг къорд сæхи бафæсвæд кодтой, фæлгæсæнтæй та автоматты къæр-къæр ссыд. Мах афтæ смæсты стæм æмæ нæ фæллад дæр ницæмæуал дардтам, нæ хъæлæсы ахастам уыцы блатнойты къорд, шизойырдæм сæ басырдтам. Уыцы рæстæг фæзынд опер дæр йæ къорд æмæ æртæ автоматджынимæ.

Уый уыдис æппæт закъонты сæрты ахизыны æгъдаухæлд. Зонæмæ хæцæнгарзимæ никуы ничи бацыд. Мах дæр нæ барактыл фæхæлиу стæм.

Райсомæй куысты бон райдыдта æнæ ивддзинæдтæй, æрмæст «блатнойтыл» нæ цæст нал æрхæцыд. Алкæддæр-иу хæрæндоны раз æрæмбырд сты æмæ-иу хæринаггæнджытæй куырдтой уæлæмхасæн.

Бригадир загъта, æхсæвы, дам сæ кæдæмдæр аластой. Махмæ нæдæр æрфарстмæ фæдзырдтой, нæдæр опермæ. Æмæ нæ æрбайрох уыцы цау. Фæлæ хицауадæй нæ ферох. Ахст адæм æмзонд æмвæндæй архайой, уый сæ зæрдæмæ нæ цыд. Иу зымæгон бон нын нæ кусæнгæрзтæ æфтауцдонмæ раттын кодтой æмæ нын бафæдзæхстой, цæмæй нæ дзаумæттимæ кæртмæ рацæуæм. Ногæй та – этап!

## КАРАГАНДА, ШАХТÆТÆ

Фæндаггагæн нын байуæрстой дзул æмæ сæкæр. Дзулы бæрцмæ гæсгæ бамбæрстам, фæндагыл æртæ цыппар боны кæй

уыдзыстæм, уый. Раздæр-иу нæ цы вагæтты ластой, ныр дæр та ахæмты, фæлæ уæддæр нæ фæндаг æнцондæр рауад, фыццагимæ абаргæйæ. Хæст куы фæцис, уымæй цыппар азы рауад, æфсæнвæндаг нывыл скуыста, æмæ æнæ къуылымпытæй цыдыстæм. Свердловск, Челябинск, Петропавловск, Павлодар Караганда... Карагандæйæ (Казахстаны облæсты центр) нæ арвыстой поселок Дубовкамæ. Мит уарыд, дымгæ афтæ къуыззитт кодта, æмæ нын раст нæ улæфæнтæ æхгæдта. Уый дын Казахстан.

Лагеры та барактыл фæпырх стæм. Ацы хатт бaрактæ хъæдæй конд агъуыстытæ нæ уыдысты, фæлæ зæххы бын къахт ныккæндтæ. Сæ къултæ сæрст уыдысты хъæмпимæ хæццæ æлыгæй, чысыл рудзгуытæ, хуымæтæг хæдзары дзаумæттæ. Хатæны фæйнæ фæрсты рæнхъæй дæсгай тъахтинтæ æвæрд. Сæ астæу уынгæг ацæуæн. Тъахтинты ‘хсæн – цыдæр стъолгонд. Уый дын 80 адæймагæн цæрæн бынат.

Миттымыгъ хуымæтæджы не схъызыд. Къуыри барактæй æддæмæ нæ ракастыстæм. Æрмæст нæ-иу миттæ калынмæ ракодтой. Куыддæр боныхъæд фæхуыздæр, афтæ нæ бригæдтыл дих кæнын райдыдтой. Мæныл хорздзинад æрцыд: сæйраг зынгхуыссынгæнæг нæм уыдис Акъоты Тох, раздæры капитан-тæхæг. Уæззау цæфæй немыцмæ уацары бахауд. 1945 азы йæ америкæгтæ ссæрибар кодтой, уырыссæгтæ та йын тæккæ уыцы аз фынддæс азы ахæстоны фæбадыны тæрхон рахастой. Фылдæр æмгъуыд ын нæ радтой, йæ къух суанг уæхсчы онг нæмыгдзæфтæ кæй уыдис, уымæ гæсгæ йын нал куыста. Номхыгъдтæ кæсгæйæ мæ мыггагмæ фæкомкоммæ – æмзæххон!

Хæстæ фæдзæхсæг нын уыди Сашæ Гречкин, бæхджын æфсады афицер Сунгари-П.-йæ. Зыдтон æй Харбинæй. Бригадиры бынатмæ мæ уыдон бакодтой, фæлæ мын цы къорд скодтой мæ разæй, уымæн хуымæтæг ныхæстæй зæгъæн нæ уыд! Эстойнæгтæ, литвайæгтæ, латыштæ, румынæгтæ, венгрийæгтæ æмæ иу немыцаг – Граф. Уырыссæгтæ дзы дыууæ уыди: Николай Бендер (Остап Бендеримæ йæм иумæйагæй ницы ис) æмæ Петро Базулев. Петро, раздæры лейтенант, уацары кæй бахауд, уымæ гæсгæ уымæн дæр стæрхон кодтой 20 азы ахæстоны фæбадын. Уыдис æмгаруарзаг, йæ урсдæндаг рæсугъд мидбылхудтæй не ‘ппæты зæрдæтæ дæр балхæдта, алкæимæ дæр иумæйаг æвзаг ардта. Хъуыддаджы лæг кæй фæхонынц, уый,

æмæ йæ «замполит» рахуыдтам. Кæмæй цы ракурын, кæмæн цы раттын æмæ кæм цы ссарынмæ дæсны.

Бригады уыд 30 адæймаджы. Батинкæтæ, нымæтын цырыхъхъытæ, бæмбæджджынтæ æмæ æрмкъухтæ афойнадыл райсыныл архайдтам. Æмæ, цæмæй алкæмæндæр йæхи аккаг разыной æмæ сфаг уой, ууыл уыди нæ мæт. Цалынмæ зонæйы бадтыстæм, уæдмæ дымгæ не 'нцад. Базонгæ дæн мæ бригады уæнгтимæ. Кæрæдзи æвзаг хорз не 'мбæрстой, æмæ мæ хæс уыдис дыууæ уырыссаджы се 'хсæн бакæнын. Звенотыл сæ байуæрстон, алы звенойы сæргъы дæр – иу уырыссаг лæг. Æппæты зындæр уыдис эстойнæгтимæ. Æппындæр уырыссагау не 'мбæрстой. Фæлæ та уыдоны 'хсæн дæр разынди сæрæн, ныхæстæ-иу уайтагъд чи ацахста, ахæм – Эдгар Ныу. Эдгар иудадзыг Петройы цурæй нæ цыдис æмæ афтæмæй фæцалх уырыссагау дзурыныл. Миттымыгъ банцад, æмæ зонæ сыгъдæг кæнынмæ бавнæлдтам. Мах размæ, лагерь «Дубовка»-йы уыдысты æфсæддон уацайрæгтæ. Баракты къултыл фыстытæй йæ базыдтам: япойнаг, итайлаг, румынаг æвзæгтыл къухфыстытæ. «Сырх къуымы» та разындысты музыкалон нотæтæ, чингуытæ, сценикон ифтонггæрзтæ, æмæ бамбарæн уыдис, ам цавæр ахст адæм уыд, уый. Нæ разæй ардæм чи æрбахауд, уыдонимæ æмбæлдыстæм æмæ афтæмæй базыдтам, æвзалыйы шахтæты арæзтады кæй стæм. Ацы районы æппæт шахтæты арæзтадæн дæр разамынд лæвæрдта «Карагандашахтострой», Советон Цæдисы æвзалыйы промышленносты министрады егъау комбинат.

Барвæндæй кусджытæ фаг уыдис æрмæст иу сменæйæн, æмæ ГУЛАГ уынаффæ рахаста кусæг тыхтæ ма ноджыдæр дыууæ сменæйыл айуарын. Барвæндонтæ сылгоймаджы фæллойæ дæр пайда кодтой. Стæй ардæм уыйбæрц ахстытæ æрбаластой, æмæ куыстытæ цыппар хатты тагъддæр цæуын райдыдтой. Мидхъуыддæгты министрады æмæ Минæвзалыйы бадзырд хуымæтæг разынд: чекисттæ кусæг тых амал кодтой æмæ цагъайрæгты фыдæбоны фæрцы сæхицæн стыр æхцатæ истой. Ахст адæмы 'хсæн уыдис иттæг дæсны механиктæ, сантехниктæ, электриктæ æмæ æндæр специалисттæ, æмæ уымæ гæсгæ «Карагандашахтострой» штатон кусджытæй дардта æрмæстдæр хайады хицау æмæ фондз хæххон инженеры. Иннæ æппæт куыстытæ кодтой ахст адæм.

Шахтæйы алыварс митæй æрлæууæн нæ уыд. Арæзтæдтыл цæст не 'ххæссыд. Фæзы астæу хæрдмæ фæцыд егъау «террикон». Куыд нын бамбарын кодтой, афтæмæй уый уыдис æрзæткъахæнты уæлдæйтты хох. Шахтæйы кусджытæ йæ хуыдтой: «порода после отвала выдается на – гора в «террикон».

Ацы «террикон» хъуамæ лæгуæрдæттæй ластаиккам æнæхъæн арæзтадон фæзыл. Цæмæ хъæуы бульдозертæ, тракторта æмæ иннæ техникæ агурын, кæд æмæ ацы куыст «адæмы знæгтæ» бакæндзысты, уæд? Худинаджы гакк ныл хорз ныффидар! Дыууæ азы фæстæ не 'нтыстдзинæдты фæдыл газеты фыстой: «Павел Гутманы Фæскомцæдисон-фæсивæдон бригад». (Уыцы П. Гутман венгриаг адæмыхаттæй уыд. 15 азы фæбадыны тæрхонгонд ын æрцыд, стæй йæ 1955 азы реабилитаци скодтой). «Карагандашахтострой» æмæ шахтæ «Дубовка»-йы хицæутты ныхасæн уæд æз æвдисæн фæдæн. «Дубовкæйы» хицау комбинаты хицауæн дзырдта, æрзæткъахæнтæй иуы тæссаг кæй у дарддæр кусынæн, æмæ адæмы уырдæм кæй нал арвитдзæн, фæлæ комбинаты хицау йæ хъæлæсы дзаг фæхъæр ласта: «Ды семæ къаддæр дзæнгæда цæгъд, уадз æмæ ныцъцъист уой – сæ фæндаг уырдæм у!» Æз уæлæдарæс ивæн хатæны уыдтæн æмæ сын сæ ныхас фехъуыстон. Афтæмæй уыцы хицау чысыл раздæр уæзласæн машинæйæ лæппутæн махоркæ уæрста.

Æрзæт лæгъз кæнынмæ уыйбæрц адæм ракодтой æмæ æнæхъæн бæстыхайы алыварсыл æххæссыдысты. Мæ бригад куыста Женя Воротынцевы бригады фарсмæ. Фæсномыгæй йæ Воротила хуыдтой. Ростоваг, æвзæр лæппу нæ уыдис, дыккаг æмгъуыд бадтис ахæсты æмæ лагеры цард не 'ппæтæй хуыздæр зыдта. Бахæлар стæм. Мæ бригады фæсивæд кусаг уыдысты æмæ Воротилайы бригадæй нæ хæстæ фылдæр æххæст кодтам, 115–120 проценты. Фæлæ, алы цæсфæлдахæн миты фæрцы Воротилайы бригады куыст 130 процентыл нымад цыдис. Æмæ йæ бригады уæнгтæй алчидæр кас æртæ хатты фылдæр иста, мæн бригады та – дыууæ хатты.

Хъарм рæстæджытæ скодта, æртыкаг мæй «террикон» æмлæгъз кодтам. Æрзæты уæлдæйтты обау-иу иннæ бригæдтæй искæцы арфдæр куы бакъахта, уæд-иу тæссаг уыдис, тарвазгонд сыл куы 'ркæла, уымæй. Æмæ-иу æй ныууагътой, цалынмæ йæхæдæг йæхи уæзæй не 'ркалдаид, уæдмæ. Афтæмæй-иу цал-

дæргай бонтæ рацыд. Мах сахуыр стæм. Фæлæ рæстæг куы фæхъарм, уæд уыцы æрзæты миниуæг дæр аивта. Æмæ ‘ркалд иуахæмы: йæ быны фесты мæ бригадæй дыууæйæ, цыппарæй та – Воротынцевы бригадæй. Скъахтам сæ, фæлæ ма дзы æрмæстдæр дыууæйы нæ бон бацис аирвæзын кæнын. Уыцы рæстæг куыстытæ рæстæгмæ æрлæууын кодтой. Уымæн æмæ æппæт æвирхъау цаутæн дæр дзуапдæттæг уыдис комбинат «Карагандашахтострой». Цыппар адæймаджы сæфты цау æнцон бамбæхсæн нæ уыди, сæ мæлæт сфыссын дæр афтæ. Лагеры хицауады бон уыдаид, фæлæ граждайнаг кусæндæттæн – нæ.

Хæххон куыстыты тыххæй нын инструкци куы бакастысты, уæд нæ зæххы бын арæзтæдтæм аивтой. Карагандайы æвзалыйы шахтæтæ кæм уыдысты, уырдæм. Уымæл æмæ хуылыдз ран иудадзыг. Радтой нын резинæйæ къурткæтæ, хæлæфтæ, чъилджын худтæ æмæ цырыхъхъытæ, цæмæй нæм дон ма хъардтаид, фæлæ уыцы мадзæлттæ фаг уыдысты æрмæстдæр сменæйы æрдæгæн. Кусгæ та кодтам фараст сахаты. Æмæ уыцы рæстæг æдзухдæр зæххы бын уыдыстæм. Карагандайы хуылыдз шахтæтæ нын не ‘нæниздзинад фервæзын кодтой, бирæтæн та сæ цард дæр. Балхаш æмæ Джезказганы æрзæткъахæнты чи куыста, уыдон сæ рæуджытæй уæззау рынчынтæ фесты, уымæн æмæ куыстой рыджы.

Цыди 1952 аз. Нæ царды уавæртæ чысыл фæхуыздæр сты. Нæ уæлæдарæс сыгъдæг, хуыссæнгæрзтæ нын, фæлæ хæринагæй алкæд æфсæст нæ уыдыстæм. Кæй зæгъын æй хъæуы, раздæры хуызæн æххормаг бонтæ нал æвзæрстам. Нæ бинонтæм фыссыны бар дæр нын радтой. Æрмæст афæдз дыууæ хатты.

Нæ цард фæнывылдæр, фæлæ фæзындысты националистты къордтæ: украинæгтæ, литовæгтæ, уырыссæгтæ, кавказæгтæ. Хылкъахæн митæ кодтой, кæрæдзи кæрдтæй рæхуыстой. Сæ тохы сæр та уыдысты – хæрæндон æмæ санитарон хай. Хицауад ацы хъаугъатæ уыдтой, фæлæ ницы мадзæлттæ арæзтой уавæр банывыл кæнынæн. Кæрæдзиуыл сæ ноджы тынгдæр ардыдтой. Стæй сын ацы уавæр ахъаззагдæр уыдис.

Ахст адæм æмдых, æмзонд уой, уый хицауады нæ фæндыд, намæ сæ къухы бафтыдаид сусæг æмгуыстад (секретное сотрудничество) саразын. Дзырд ничи хаста, хахуыртæ ничи фыста, фæлæ ахст адæмæй дыууæ къорды кæрæдзи ныхмæ фесты, зæгъгæ, уæд-иу опертæ ацы ран сæхи «равдыстой» сæ хицæутты раз.

Ахæм ардауæг уыдис хистæр оперуполномоченный мах лагерь Дубовкайы. Йæхимæ-иу фæдзырдта фыццаг украинагмæ æмæиу йемæ бирæ цæуылдæрты ныхас кодта. Стæй та-иу литовагмæ фæдзырдта æмæ-иу æй истæмæйты фæаххосджын кодта, уыимæ-иу амыдта къордты уæнгтæм. Дзырд дыл бахастой, зæгъгæ. Афтæмæй, ахст адæм кæрæдзимæ знаджы цæстæй акастысты. Иу иннæйыл гуырысхо кæнын райдыдта, дзырдхæссæг у, уымæй. Уыцы хабæрттæ фæстæдæр бамбæрстам, къорды ‘хсæн æмбаргæдæр раздзæуджытæ куы фæзынд, уæд. Фæлæ уал чекистæн йæ куысты бирæ æнтыстис. Иуахæмы йæ галиу миты амæддаг фæци мæ хæстæг Царахаты Хазби. Хæринаггæнæгæй куыста дæрддзæф участокты. Лагеры-иу афтæ загътой: «Работа не пыльная, но сытная». Ничи ницы зыдта, оперативники Царахы-фыртæй цы хъуыдис, уымæн. Алы бон дæриу æм фæсидти, æмæ Хазбимæ æнæуынон цæстæй кæсын байдыдтой. Дзырдхæссæг у, зæгъгæ, йыл гуырысхо кæнын райдыдтой. Иу ахæм «фембæлды» фæстæ, Хазби оперæй рацыд æмæ сындзджын телмæ йæ ных сарæзта. Автоматджын æй иу æхстæй æрлæууын кæнынмæ хъавыд, фæлæ уый телыл сбырыныл архайы. Дыууæ бæрзонд фæлгæсæнæй йæ уыциу æхст фæкодтой, æмæ лæг дзыхъмард фæци. Цæуыл афтæ тынг смæсты ис Хазби, оперимæ ныхасгæнгæйæ, уый дæр ничиуал базыдта. (1986 азы Лос-Анджелесы амард йæ хо Царахаты Арисæ, Иугонд Штатты цардис 1955 азæй фæстæмæ).

Лагеры сæрмæ «сау мигътæ» æмбырд кодтой. Сихор кæнгæйæиу хæрæндоны дыууæ сæдæ адæймаджы бæрц уыд. Цыппар украинаджы лагеры уырыссаг коменданты кардæй скъуыхтæ кодтой. Фæлæ дзы уый дæр иуы барæхуыста. Иннæ æртæйы æрцахстой æмæ сын фыднад фæкодтой. Стæй лагеры ахæм егъау хыл рауад, æмæ баракæй æддæмæ ракæсын ничиуал уæндыд. Мæ бригадæй иу литоваг – Глинда, уыцы рæстæг хæрæндоны уыдис æмæ тыхтæй-амæлттæй сæрæгасæй йæ бынатмæ æрбалыгъд. Рудзгуытæй кастыстæм, ахст адæмы къордтæ куыд дыууæрдæм кодтой, стæй шизомæ сæхи куыд фæцарæзтой, уый. Уым уыдисты, кусын чи нæ куымдта, уыдон – æдæппæтæй дæс лæджы. Барак ныддæрæн кодтой. Цæстдарджытæ куы фæзындысты, уæд сыл дурадзагъдæй æмæ лæдзджытæй ралæууыдысты. Фæлгæсæнтæй æхстой, хæстæг цæуæн кæдæм нæ уыд, уыцы зонæ, фæлæ уырдæм æнæуи дæр æввахс ничи цыд.

Уалынмæ кулдуæрттæ фегом сты, æмæ зонæмæ дæс æмæ ссæдз автоматджыны æрбагæппытæ кодтой. Сæ фæстæ – æфсæддон къорд, лагеры хицау сæ сæргъы, афтæмæй. Загъдкъахджытæ æфсæддонтимæ ныхас кæнынıл нæ разы кодтой, домдтой фембæлд прокуроримæ. Æмæ фæзынд прокурор – дæлбулкъон. Фæлæ йæ чи зыдта, æцæгдæр прокурор уыд, уый? Дæлбулкъон змæнтæг къордты ‘хсæнæй цалдæр адæймаджы фæхицæн кодта æмæ сæ райдыдта фæрсын, цы аххосаг уыдис ахæм быцæутæ æмæ хылæн, уыдæттæй.

«Делегаттæ» радзырдтой, лагеры хицау бæззы, фæлæ, опер ахст адæмы штрафбаракмæ кæй бантъæры æмæ а.д. Фарстытæ æмæ дзуаппытæй «хъазт» райдыдта. Дæлбулкъон сын ныфсытæ бавæрдта хъуыддаг банывыл кæнынæй. Ныхас куы фесты, уæд автоматджынтæ делегатты семæ акодтой. Æппæт украинæгты этапæй арвыстой, лагеры хицауы систой йæ куыстæй, «хорз» цæстдарджытæ дзы нал уыдис, фæлæ уыцы опер кусгæйæ баззад, ноджы ма капитаны цин дæр райста. Ома, нæхионты æфхæрын нæ уадзæм!

Шахтæ «Дубовка»-йы арæзтад фæцис, æмæ та мæ шахтерты къордимæ æндæр ранмæ арвыстой. Ацы хатт поселок Акгасмæ. Уым сæмбæлдтæн Дубовкайæ æрвыст æппæт украинæгтыл. Хицаудзинад ацы ран уыдоны къухты уыдис æмæ уырыссæгтæй сæ маст истой суанг лагерьмæ бацæуæны. Мæн нæ бахъыгдардтой. «Харбинæй» кæй уыдтæн, ома, партийы рæнхъыты кæй нæ уыдтæн, уый тыххæй. Уырыссаг æмбисонд «Ни Богу свечка, ни черту кочерга», зæгъгæ, афтæ. Мæ бригады дыууæ адæймаджы куыста бендеровæгтæ æмæ мæнæй ницы рахъаст кодтой. Фæлæ мæм нырма æркæсынтæ хъуыд.

Фыццаг къахтон къанæуттæ, æххæст кодтон æппæты уæззаудæр куыстытæ. Мемæ куыста иннæ бригадир Павел Гутман дæр æмæ мын-иу алыхатт дæр ныфсытæ æвæрдта: «Вот придет август и нам повезет, а пока долби землю и надейся, что не прирежут».

Æмæ æцæгдæр: Гутманæн радтой бригад, мæн та куыстыты хистæрæй снысан кодтой. Мæ хæс уыдис, чи цас бакуыста, уый хынцын. Æххуысгæнæг та мын скодтой компартийы Алма-Атайы обкомы раздæры дыккаг секретарь Степан Кузичы. Ахæстоны бадтис 1937 азæй. 1947 азы йæ суæгъд кодтой, фæлæ та йæ фæстæмæ цыппар боны фæстæ æрцахстой. 1955 азы суæгъд,

1956 азы реабилитацигонд ӕрцыд, фӕлӕ партимӕ ногӕй бацӕуыныл нал сразы. (Ӕз ӕм 1957 азы уазӕгуаты уыдтӕн Алма-Атайы.)

Абоны хуызӕн мӕ зӕрдыл лӕууы «ӕппӕтцӕдисон саударӕн бон, пролетариаты стыр фӕтӕг кӕй амард, уый фӕдыл – нал ис адӕмты уарзон фыд, ӕнӕзӕгъинаг фашисттӕй нӕ чи ссӕрибар кодта, уый ӕмӕ а.д. ӕмӕ уымӕй фалӕмӕ, ӕмӕ ма бирӕ ӕндӕр цыдӕртӕ». Сталины амӕлӕты уац нӕм ӕрбайхъуыст дыккаг ӕви ӕртыккаг бон, цӕстдарджытӕ сӕхи куыддӕр ӕнахуыр дардтой, «пъагонджынтӕ» кӕмдӕр бафӕсвӕд сты, сӕхи нӕм не 'вдыстой.

Фӕсивӕд сӕ рохтӕ суагътой, куы кӕцӕй, куы кӕцӕй уыдис фехъусӕн: «Загнулся гуталинщик», «Подпрыгнул рябой, шилом бритый», «Грузинская морда», «Чертов поп-расстрига», – ӕмӕ уыдӕттӕ сусу-бусугӕнгӕйӕ нӕ дзырдтой, фӕлӕ хъӕлӕсыдзагӕй. Конвой сӕхи афтӕ дардтой, цыма ницы хъусынц.

Цӕстдарджытӕ афӕлвӕрдтой змӕнтджыты ӕрсабыр кӕнын, сӕ амидингӕнӕгыл сын фӕхӕст сты ӕмӕ йӕ шизомӕ ахӕрхӕр кодтой. Фӕлӕ уый уӕддӕр не 'рсабыр, тынгдӕр хъӕр кӕнын райдыдта йӕ лозунгтӕ: «Да здравствует новое правительство, да здравствует русский вождь, да здравствуют Ворошилов, Булганин, Маленков!» Цӕстдарджытӕ фӕуыргъуыйау сты, фӕзы астӕу ӕй фӕуагътой ӕмӕ сӕхи айстой.

Зын бауырнӕн у, фӕлӕ Сталины фӕстӕ нӕ царды уавӕртӕ уайтагъд хуыздӕр кӕнын райдыдтой. Ногӕй та нымад цыдысты кусгӕ бонтӕ, фӕзындис нӕм ӕхцайы капеччытӕ, кусын райдыдтой, хойрӕгтӕ кӕм уӕй кодтой, уыцы дуканитӕ дӕр. Хӕрӕндоны раздӕрау хӕринаг дӕттӕн рудзгуытӕ нал уыд, фӕлӕ хъӕрмхуыпп кӕнӕ касы кастрункӕ иудадзыг дӕр стъолыл лӕууыд, ӕмӕ-иу дзы алчи дӕр йӕхицӕн йӕ хай ӕркодта. Зӕххы бын чи куыста, уыцы шахтерты дзулы бӕрц ныр хӕццӕ кодта 800 граммӕ. Хъӕрмхуыппы фӕзындысты дзидза ӕмӕ халсартӕ, иуӕй-иу хатт та нын лӕвӕрдтой цӕхджын пъамидортӕ дӕр – ӕцӕг ӕвзаргӕ комдзаг!

Нӕ аивта ӕрмӕст оперты знӕт цӕстӕнгас ӕмӕ сӕ гуырысхо. Ӕдзух ардауӕн куыст кодтой ахст адӕмы 'хсӕн. Уымӕ гӕсгӕ иудадзыг къӕрцхъус уӕвын хъуыд, цӕмӕй нӕ иу уӕлдай ныхас ма сирвӕза, ууыл архайдтам. Зӕххы бын чи куыста, уыдонӕн бар радтой сихор кӕнынмӕ уӕлӕмӕ схизынӕн. Уӕлбыл

нæхицæн чысыл хилдасæн дæр ацарæзтам æмæ-иу нæхимæ базылдыстæм сихорафон.

Уыцы хилдасæны сæргъы лæууыд литоваг лæппу, æмæ йæ бригады хардзæй дардтам. Иуахæмы йæм бацыдтæн æмæ айхъуыстон, шахтертæй куыд домдта, мæ пецæн мын æвзалы хæссут, зæгъгæ. Нæ йæм фæлæууыдтæн æмæ йын загътон, дæхæдæг цу æмæ дæхицæн æвзалы хæсс, цас дæ зæрдæ зæгъы, уыйас, уæддæр бон-изæрмæ куы ницы кусыс, зæгъгæ. Хæрæндоны мæ алыварс литовæгтæ амбырд сты æмæ мæм бартхъирæнтæ кодтой, сæ хъæбатыр партизаны сын кæй бафхæрдтон, уый тыххæй. Ацы хабар базыдтой мæ раздæры литоваг бригадиртæ, æрбатахтысты нæ размæ æмæ сæ æрсабыр кодтой. Фервæзтæн!

Иннæ хатт та дын ныгуылæйнаг украинæгты къорды рæзты фæцæйцыдтæн. Уыдон цæлхæмбырдæй бадтысты æмæ зарыдысты. Тынг рæсугъд æмæ зæрдæмæхъаргæ хъæлæстæ сын уыд, æмæ сæм мæ дыууæ къухы хистæр æнгуылдзтæй ацамыдтон, тынг хорз, зæгъгæ, æмæ ма мæ къахфындзтыл дæр æркафыдтæн. Изæрæй мæм баракмæ украинæгты «сæрæндæртæ» æрбацыдысты æмæ мæ æрдомдтой, цæмæй сын бамбарын кодтаин, мæхи афтæ цæмæн дардтон, уый. Мæ амондæн се 'хсæн разындис Вася Горобец, львоваг интеллигент. Йемæ-иу арæх ныхас кодтам алы темæйыл дæр. Васяйæн бамбарын кодтон хъуыддаг. Украинаг къорды ма уыдис Петр Доценко. Оперæйы солист. Йе 'мбæлтты курдиатмæ гæсгæ йæ донцъирæны слесырæй сæвæрдтон. Токæй афтæ тынг тарстис, æмæ даргъ лæдзæгæн йæ дыууæ кæроны дæр резинæ стыхта æмæ-иу æрмкъухты уыцы лæдзæгæй прибортæм æвнæлдта. Йæ къæхтыл дæр резинæ цырыхъхъытæ, афтæмæй. Æдзух-иу дзырдта: «Техника безопасности на все 100 процентов».

Разы нæ уыд йæ къорды разамонджыты митæй, æмæ уый фæдыл семæ ахастдзинæдты къæм бахауд. Нæ разы кодта сæ фыдвæнд хъуыддæгты архайын æмæ мæнæн ныллæгъстæ кодта, цæмæй йæ æндæр ранмæ аивын кæнон. Зæрдæ йын бавæрдтон, фæлæ уыцы хъуыддаг афтæ æнцон саразæн дæр нæ уыдис. Цасдæр рæстæг рацыд, æмæ иухатт фыццаг сменæ зæххы бынæй уæлæмæ куы схызт, уæд Петр семæ нæ разынд. Æнхъæлмæ йæм кастыстæм, фæлæ æрæгмæ куы зындис, уæд йе 'мбæлттæ фæстæмæ зæххы бынмæ ныххызтысты æмæ йæ уым доны малы мардæй ссардтой. Ирвæзынгæнджытæм фæдзырдтой, мах та

зонæмæ акодтой, уый фæстæ базыдтам, чидæр точы телæн йæ цъар растыгъта, æмæ ток Петры ныццавта. Уый йе ‘мзæххонты куыст уыдис. Сæ маст дзы райстой.

Цыдис 1954 аз. Иу мæй ма мæ хъуыди сæрибармæ. Бирæ æрыгон фæсивæды суæгъд кодтой амнистийы руаджы. Ахæм амонддджынтæ уыдысты, æстдæс азы кæуыл нæма цыдис æмæ афтæмæй кæй æрцахстой, уыцы лæппутæ. Се ‘хсæн ме ‘мбæлттæ æртæйæ: Георгий Дубинин, Арпад Галгоци æмæ Стасис Тамулявичюс (йемæ ма йын æрцахстой æвзонг лæппуты æнæхъæн къорд).

Гера Дубинин цыдæр хуызы Харбинмæ хабархæссæг фæцис, ссардта мын мæ бинонты дæр. Фыццаг хатт сæ 1954 азы ноябры райстон фыстæг. Уыцы аз мæм фæдзырдтой æмæ та мæ кæдæмдæр фæласынц. Петропавловскы дыууæ къуырийы фæдæн. Уым та нæ «Столыпинкæтæм» батардтой æмæ нæ скæсæнырдæм аластой. Камерæйы мемæ уыдысты æрмæст китайæгтæ. Æз æнхъæл уыдтæн, æмæ Харбинмæ, Китаймæ цæуæм. Китайæгтæй бирæтæ уырыссагау хорз зыдтой, раздæр куыстой маньчжуриаг (япойнаг) куыстуæтты æмæ сæ 1945 азы япойнæгтимæ Советон Цæдисмæ уымæн æрбаластой. Цыппæрæм бон нæ сæрмагонд машинæтæм схизын кодтой. Уыдон уыдысты «воронок», кæнæ «черный ворон» кæй хуыдтой, ахæм даргъ автобустæ æнæ рудзгуытæй, иунæг дуаримæ, мидæгæй та йæ фæйнæ фæрсты къалатитæ. Уырдæм нæ сыдз-мыдзы батардтой, æмæ куыддæр сбадтыстæм, афтæ дуæрттæ сæхгæдтой, æмæ нæ уæрджытæ дуармæ фæбыцæу сты. Къуындæг къалатийы мидæг къæхтыл слæууынæн амал нæ уыд. Ноджы дзы – талынг, раст цыма хæйрæджы гуыбыны бадыс. Æрмæст ныл кæцæйдæр уддзæфы æртау æрбакæлы. Афтæ иу сахаты бæрц куы абадай, уæд ноджы зындæр вæййы сыстын, суанг дын дуар куы бакæной, уæддæр.

Кæддæр-уæддæр нæ рахизын кодтой æмæ, мæ алыварс кæй уыдтон, уыдон уыдысты æрмæст япойнæгтæ. Цалдæрæй æфсæддон дарæсы, пъагонджынтæ. Ноджы ма сыл, дон кæм нæ хъары, ахæм уæлæфтаутæ дæр, сæ сæртыл «сентобоу» худтæ. Сæ пъагæттæм гæсгæ дзы раиртæстон майортæ æмæ дæлбулкъонты.

Уалынджы кæцæйдæр фæзындысты худæндзаст уырыссæгтæ дæр, æмцегад ныл кодтой. Япойнаг чи нæ уыд, уыдонæн лæвæрд

ærцыди хицæн барак – иу 35 лæджы фаг. Мах уыдыстæм хæстон уацайрæгты лагеры. Уый уыдис китайаг æмæ япойнаг уацайрæгты егъау лагерь Хабаровскы горæтгæрон. Ам æппæты дæр цæттæ кодтой сæ райгуырæн бæстæтæм аздæхынмæ. Æмæ æндæр ницæуыл дзырдтой япойнæгтæ, фæлæ уал коммæгæсæй арæзтады куыстытæм цыдысты, инæлæрттæ æмæ булкъонтæй фæстæмæ – уыдон-иу лагеры баззадысты.

Лагеры царды фæтк æфсæддон фæткы хуызæн уыдис. Бæрæг æмгъуыдмæ гæсгæ куыстам. Æрвылсахат нын бар уыди 10 минуты аулæфынæн. Хæринаг нын лæвæрдтой фыццагæй арæхдæр. Æрмæст нæм пырындз хаудис талонтæм гæсгæ. Къуыри иу хатт – абана. Япойнаг бассейн тæвд донимæ, стæй хъæдын боцкъаты дæр тæвд дон, хъæдын тастæ-тъæпæнджытæ. Æвзæр цард нын нæ бацайдагъ!

Мах, ома уырыссæгтæ, æгуыст уыдыстæм, æмæ-иу барактыл зылдыстæм. Иухатт изæрæй картæтæй хъазджыты ерысмæ куыд кастæн, афтæ хъæр айхъуыстон: «Дзугоэфу-сан, десука?» Уæлæмæ скастæн æмæ дын, 1943 азы кæм куыстон, уыцы базарадон-промышленнон банчы директор Куботайы худæнбыл цæсгом. Æдзæстуарзон адæймаг уыд, æфсадæй суæгъд и майорæй, йæ къух мæм тылдта, уазæгуаты мæм рацу, зæгъгæ. Дыккаг уæладзыгмæ схызтæн æмæ япойнаг-уырыссаг æвзæгтыл зæрдиаг ныхас фæкодтам.

Дыккаг бон мæ уæлæдарæс хуыйæн æрмадзмæ бакодтой, мæ дæргъ æмæ мын уæрх сбарстой æмæ замманай бæмбæджджын галифе хæлаф райстон... Уый дын дзы раздæры майор! Арфæйагæй æрымысыдтæн, Харбины мын япойнаг æвзаг чи амыдта, уыцы ахуыргæнæджы дæр: ахсджиагæн мæ бахъуыдысты Былысдарæг Хуры Бæстæйы æвзаг æмæ культурæ.

Æфсæддон лагеры кусгæ бонтæ нымады нæ цыдысты. Банымадтон та мæ бонтæ æмæ афтæ рауад: ме суæгъды æмгъуыд у 1 февраль. Ныр та ма у 1954 азы декабрь. Дарæсæй уæлдай ма мын куыст дæр радтой – авгæвæрæгæй агæпп ластон. Цæйбæрц æвгтæ ныппырх кодтон лыггæнгæйæ, фæлæ уæддæр нæ сарæхстæн.

Ног азы хæдагъоммæ ссæрибар дæн цæстдарджытæй – кæдæм дæ фæнды, уырдæм цу, стæй дæ кæд фæнды, уæд. Ныр уыдтæн хойраджы уæзæгтæ хæссæг. Шофыримæ-иу скъладмæ ссад, сæкæр, дзидза ласынмæ ацыдтæн. Иуæй-иу хатт-иу

цæмæндæр дзидзайы къуылдых мæ фæсрон, кæнæ сæкæр мæ дзыппы стæлфыдысты, фæлæ Женя Мацюцяимæ ууыл нæ тыхстыстæм.

Райдыдтой уырыссæгты уæгъд кæнын. Евгений Мацюцяйы суæгъд кодтой, стæй фæдзырдтой мæнмæ дæр æмæ мæ бафарстой, кæдæм цæуынмæ хъавын, уымæй. Загътон сын, нæхимæ, Харбинмæ. Дыккаг бон мæ æнæ конвойæ нал рауагътой, авгæвæрæджы куыстæй дæр мæ фелвæстой æмæ мæ змис æвгæнынмæ арвыстой. Сæрæй хъуыды кæнын хъуыд. Сæрибары размæ фæстаг бонтæ тынг уæззау уыдысты мæнæн. Æдзухиу мæ фыны уыдтон: мæ рæстæг æрцыд, фæлæ мæм нæ сидынц. Япойнæгтæ мæ сабыртæ кодтой. Хуынтæ Сырх Дзуары æххуысæй истой æмæ мын хуызæнон уæлæдæрæс æрæмбырд кодтой.

1955 азы 1 февраль. Фараст азы æмæ цыппар мæйы уыдтæн ахст æмæ мæнæ æддæмæ ахизынмæ рацæуæны лæууын. Цæстдарджытæ мын мæ чумæдан сгарынц, дыккаг бын ын, мыййаг, ма разынæд, бомбæ кæм бамбæхсай, ахæм. Мæ палто дæр ма мын раласын кодтой. Мæ бушлатыл цы номыр уыдис, уый сахуырстой æмæ мæ лагеры комендантмæ барвыстой. Цалдæр боны размæ йын мæ хионты адрис Цæгат Ирыстоны радтон, Харбиныл хъуыды кæнын дæр нал уæндыдтæн. Комендант мын мæ къухы маршрутон гæххæтт горæт Орджоникидзейы (Владикавказы) онг бакодта, радта мын дзул æмæ сæкæр. Уый фæстæ базыдтон, поезды хъæбæр вагоны билет балхæнынæн ма мæ æхца бафтауын кæй хъуыди, фæлæ комендант Хабаровскы баззад, æз та ныридæгæн уыдтæн Хъазаны.

Фæстаг хатт ма мæ конвоир цы вагонмæ æрбакодта, уым къахбакæнæн дæр нæ уыд. Уыдысты дзы, йæ ахæсты бонтæ Колыма æмæ Магаданы чи арвыста, уыцы фæсивæд – цæгатæй хуссармæ. Дæс азы рацыд, Фыдыбæстæйы стыр хæст куы фæцис, уæдæй æмæ раздæры æфсæддон уацайрæгтæй æмæ «власовонтæй» сæрæгасæй чидæриддæр баззад, уыдон сæ хæдзæрттæм здæхтысты.

Æмæ та мæнæ фæстæмæ ныгуылæнмæ уыцы иу фæндагыл фæцæуын, фæлæ ныр сæрибар адæймагæй (кæд ма 30 азы дæргъы мæ фæдыл гурæй-гурмæ зилдзысты, уæддæр). Павлодары мæ рæхизын бахъуыд, цæмæй дарддæр цæуыны охыл мæ билетæн ноджыдæр уæлæмхасæн бафидон. Кассæтæм бакъ-

ахдзæф кæнæн нæ уыд адæмæй, вагзалæй «фысымуат» рауад. Адæм сæ голджытыл, бандæттыл, рудзгуытыл æмæ зæххыл фынæй кодтой.

О, зынаргъ чиныгкæсæг, искуы уыдтæ, хъæбæр вагонмæ билеттæ кæм уæй кæнынц, ахæм уæрæсейаг вагзалы? «Интурист» нæ, фæлмæн хуыссæнтæ кæм уыдаид, ахæм дæр нæ, фæлæ цыппар тæрхæгыл æстгæйттæй кæм бадтысты, ахæм вагонмæ. Фæндагыл та æртæ суткæйы цыдыстæм.

Ахæм уавæры, Колымайы чи уыд, уыцы ахст адæм станцæйы хицауыл æрæмбырд сты æмæ йæ бафарстой: «Отправляй, начальник, дальше, а то разнесем твой Павлодар вместе с тобой и твоей красной фуражкой». Цы гæнæн ма йын уыдис? Арвыста нæ. Афтæ Челябинскы раздæры ахст адæм вагонæй фæсырдтой граждайнæгты. Сылгоймæгтæ нæ лыгъдысты, раст цыма дæлимонты ауыдтой, афтæ – сæ чыргъæдтæ, урс дзул, адджын гуылтæ æмæ хуыйы нардимæ.

Мæскуыйы фæхицæнтæ стæм. Мæ алыварс æрæмбырд ис, хуссармæ чи цыд, ахæм адæмы чысыл къорд: гуырдзиаг зæронд лæг, гуырдзиаг чызг æмæ горæт Орелæй цалдæр лæппуйы.

1955 азы 12 февралы Беслæны станцæйы мæ размæ рацыди мæ фыдыхо. Уыйразмæ ма мæ фæстаг хатт федта Харбины 1932 азы.

1956 азы 11 ноябры мæ сраст кодтой. Ме ссæрибар кæныны бонæй рацыди 29 азы, æмæ мыл 1984 азы 19 декабры, Диссæгтæаразæг Сыгъдæг Николайы бон Сан-Францискойы аэропорты сæмбæлдысты мæ мад, мæ хо æмæ мæ хæрæфырт. Семæ фæхицæн дæн 1945 азы сентябры.

1994 аз, Сан-Франциско.

### *Фæсныхас*

Мæгуыры дуг скодта «харбинæгтыл». 1937 азы Стыр терроры рæстæг дзы æрцахстой 36 мин адæймаджы, сæ фылдæр цагъды фесты ахæстæтты æмæ лагерьты, 670 адæймаджы та æнæ тæрхон æмæ слестæй фехстой. 1945 азы советон лагерьтæм æрбаластой мингай харбинæгты, фæлæ сæ цас бабын, уый нырма бæрæг нæу.

Мæнæн абон зындгонд чи сты, уыдон:

Маньчжурийы:

1. Дзгойты Инал – мæ фыдыфсымæр. Фæмард лагеры 1936 азы.

2. Дзгойты Иваны фырт Никъала – мæ хæстæг, йæ хъысмæт бæрæг нæу.

Харбины:

1. Калоты Константин. Фехстой йæ 1937 азы.

2. Калоты Романы чызг Варварæ. Лагеры фæбадтис 1937 азæй 1947 азмæ. Стæй та ногæй 1948 азæй 1955 азмæ.

3. Калоты Константины чызг Иринæ. Амард лагеры 1937 азы.

4. Царахаты Хазби – мæ хæстæг. Фехстой йæ лагеры 1949 азы.

5. Иван (Вано) Григорийы фырт Акопов. Амард лагеры 1949 азы.

6. Радоман – Маньчжурийы Цæгатаг университеты проректор. Амард лагеры 1949 азы.

Ольгинскæйæ:

1. Дзгойты Алихан – мæ хæстæг. Фехстой йæ 1943 азы.

2. Дзгойты Алыбеджы фырт Николай – мæ хæстæг. Алыгъд немыцы уацарæй. Фехстой йæ нæхионтæ 1945 азы.

3. Дзгойты Мæхæмæты фырт Сергей. Лагеры уыдис 1944 азæй 1954 азмæ.

4. Галойты Георги – мæ хæстæг. Лагерьты æрдаудта 1945 азæй 1952 азмæ.

5. Гæздæнты Батыр – мæ хæстæг. Лагерьты фæцис 1945 азæй 1955 азмæ.

*Уырыссаг æвзагæй*
***Саутæты Тамилæйы*** *тæлмац*

*КОКОЙТЫ Махар*

# ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

## СÆУМÆРАЙСОМ

Нæ бæрзæндтæм сæумæрайсом куы скæсын,
Мæ цин, мæ дисæн нал вæййы кæрон.
«Нæй а зæххыл мæнæй хъалдæр, – фæзæгъын, –
О, зардзынæн сыл, цалынмæ цæрон».

Æфсады мæ йæ урс æхсырæй цъити,
Рæууддзæф мын ныццæйкæны хъæбыс,
Ныззары мын нæ цæугæдон Сымыти,
Йæ уылæнтæм сæуухон стъалы æрхызт.

Мæ хъару мын куы басæтта мæрдон тых,
Куы нæуал уа мæнузæгъын мæ бон,
Уæддæр, мæ мад, дæ иунæг фыртыл ма тыхс, –
Рæвдаудзæн мæ йæ уылæнтæй нæ дон.

## ТÆХУДЫ

Тæхуды, лæгау-лæг куы уаин,
Нæ лæзæрин тар хъæды уæд.
Мæ уд уын цырагъау фæдарин, –
Уадз, макуы фесæфа уæ фæд.

О Уастырджи, курын, æрцар мæ,
Мæ лæгъстæйæн исты дзуапп ратт!
Мæ арфæ куыд хъуыса уæларвмæ,
Куыд кала тæмæнтæ, цъæх арт!

...Æххуысмæ мæм иу зæд нæ зыны,
Куырмæджы кæдæмдæр тындзын, –
Фæкалди мæ удæртау рындзыл,
Куы ахуысса, уымæй тæрсын...

# СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*ТМЕНАТЫ Дзерассæ*

## ЙÆ ЦЫРТДЗÆВÆН – ЙÆ ФÆЛЛÆЙТТÆ

*(Цабайты Уасойы райгуырды 120 азмæ)*

*1979 азы Тогошвили Георги æмæ Четиты Рубен журнал «Фидиуæджы» рауагътой уац Цабайты Георгийы фырт Уасойы тыххæй. Æрмæг у цымыдисаг, фæлæ бæлвырдæй зыны: Цабайы-фырты цард æмæ сфæлдыстад дзы æххæстæй æвдыст не 'рцыд.*

*Кæд æз дæр фаг æрмæг не 'рæмбырд кодтон, уæддæр цыдæртæ ссардтон æмæ сæ журналкæсæджы размæ хæссын: хал халæн æххуыс у.*

*Цабайты Георгийы фырт Уасо райгуырди 1897 азы Гуырдзыстоны Дзалисы хъæуы.*

*XX æнусы райдиан Георги йæ бинонтимæ ралыгъди Дзалисæй Тбилисмæ. Ам Уасо бацыд ахуырмæ дины гимназмæ æмæ йæ каст фæци. Революцийы фæстæ сахуыр кодта рабфакы монтеры дæсныйадыл. Уый йын фадат радта Тбилисы вагæттæ цалцæггæнæн заводы электромонтерæй кусынæн. Бирæ дзы нæ бакуыста. Бацыди Тбилисы паддзахадон университеты экономикæйы факультетмæ. Æнтыстджынæй йæ каст фæци æмæ 1937 азы кусын райдыдта Тбилисы горсоветы инструкторæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ куысты фæдыл афтыди Гуырдзыстоны алы къуымтæм, стæй Хуссар Ирыстонмæ. Уым базонгæ æмæ балымæн бирæтимæ. Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæг институты кусджытæй дæр кæимæдæрты фæлымæн, æмæ йын уыдон бахæс кодтой, революцийы агъоммæ гуырдзиаг газеттæ æмæ журналты Ирыстон æмæ ирætты тыххæй цы уацтæ мыхуыр æрцыд, уыдонæн аннотацитæ саразын. Тынг зæрдиагæй бавнæлдта уыцы куыстмæ. 1819 азæй 1917 азмæ цы бирæ алыхуызон газеттæ æмæ журналтæ цыди гуырдзиаг æвзагыл (350 бæрц), уыдон рафæлдæхта. Цалдæр азы дæргъы кодта уыцы куыст, æмæ йын бантысти тынг бирæ. Ссардта фондз мин уацæй*

*фылдæр, сарæзта сын цыбыр аннотацитæ. Уый æдде сæ сæ тематикæмæ гæсгæ фондз къордыл ныддихтæ кодта. Къордты мидæг сæ хронологион уагыл æрфыста. Фыццаг къордмæ бахаста «Æрдз æмæ æрдзы бæрæггæнæнтæ». Дыккаг къордмæ – «Цæрджытæ», ома статистикон бæрæггæнæнтæ ирон адæмы тыххæй, сæ уæлæдарæс, сæ цард сæ сыхаг адæмтимæ, сæ миграцийы хабæрттæ. Æртыккаг къордмæ – ирон адæмы истори, археологи æмæ этнографийыл дзурæг æрмæджытæ, сæ социалон æмæ æхсæнадон царды фарстатæ. Цыппæрæм къорды кой цæуы Ирыстоны экономикæ, адæмон хæдзарады уавæр æмæ рæзтыл. Фæндзæм къорд хуыйны «Культурæ» æмæ дзы сты ахуырад, культурæ æмæ рухсад, рауагъдаттæ, æнæниздзинады æмæ æндæрты хабæрттæ.*

*Цыбыр дзырдæй, къухфыст у тынг бæстон арæзт. Фæлæ нырмæ дæр джиппы уагъд нæма 'рцыд.*

*Уасо ноджы æрæмбырд кодта диссаджы æрмæг ирон театры тыххæй, бæлвырддæр та Хуссар Ирыстоны театры тыххæй. Газетты ссардта, ирон интеллигенци 1906 азы Тбилисы драмон къорд куыд сарæзтой æмæ спектакльтæ куыд æвæрдтой, уый тыххæй æрмæг. Драмон къорды архайд Уасо бæтты Хуссар Иры профессионалон театры фæзындимæ. Æвзары йын йæ репертуар, йæ режиссертæ æмæ артистты куыст. Уæвгæ бирæ уацтæ ныммыхуыр кодта журнал «Мах дуджы» дæр театры тыххæй: «Ирон фыццаг спектакльтæ», «Къостайы пьесæ «Дуня» фыццаг хатт ирон сценæйыл», «Н. В. Гоголы пьесæтæ ирон театры», «Л. Н. Толстойы пьесæтæ ирон сценæйыл» æмæ æндæртæ.*

*Цы æрмæг æм æрæмбырд, уыдонæй бацæттæ кодта иртасæн куыст, æмæ 1950 азы уырыссаг æвзагыл джиппы рацыди чиныг «Юго-Осетинский театр». 1954, 1961 азты дæр ма уагъд æрцыд. 1954 азы ма Тбилисы рацыди гуырдзиаг æвзагыл дæр.*

*Цабайы-фырт наукон кусæг нæ уыд, фæлæ йæм уыди цыдæр тырныдзинад. Наукон разамонæг ын куы фæуыдаид, уæд дзы æнæмæнг ахуыргонд рауадаид.*

*Уасойæн газеттæ фæлдахгæйæ йæ цæст æрцахста гуырдзиаг сауджын Бакурадзе Нестъоры фыстытæ. Бакурадзе йæхицæн псевдонимæн райста «Картвели Осетши», ома «гуырдзиаг ирæтты æхсæн». Уый XX æнусы райдиан сауджынæй куыста Цæгат Ирыстоны æмæ алы кæмттæм цæугæйæ ирæттæй фыста дзыхæй-*

*дзургæ сфæлдыстады уацмыстæ. Ивта сæ гуырдзиаг æвзагмæ æмæ сæ мыхуыр кодта Гуырдзыстоны. Цабайы-фырт нæ базивæг кодта æмæ сæ рафыста, раивта сæ уырыссаг æвзагмæ. Йæхæдæг дæр райдыдта ирæттæй фольклорон уацмыстæ фыссын.*

*Йæ рæстæг хуымæтæджы никуы сæфта, уый бæрæг у йæ иннæ чиныгæй дæр: «Военно-грузинская дорога». Цæвиттон, 1952 азæй суанг 1972 азы онг Уасо куыста Тбилисы турбазæйы экскурсоводæй. Арæх цыд Арвыкомы фæндагыл Цæгат Ирыстонмæ æмæ дарддæр. Афтæмæй сабыргай райдыдта ахуыр кæнын фæндаджы истори, йæ фæйнæфарс Тырсыйы, Къобы, Хъуды, Казбегийы цæрджыты цардыуаг, сæ цыртдзæвæнтæ, цымыдисаг бынæттæ, таурæгътæ. Фæстагмæ йын дзы рауади монографи. Мыхуыргонд æрцыди Тбилисы, стæй Дзæуджыхъæуы уырыссаг æвзагыл. 1962 азы та йæ рауагътой англисаг æвзагыл.*

*Цабайы-фырт арæх æфтыд Мæскуы, Ленинград, Дзæуджыхъæу, Баку æмæ æндæр рæттæм æмæ-иу алы ран дæр æнæмæнг бацыди библиотекæмæ.*

*Иуахæмы та йæ зæрды æрæфтыд ирон чиныджы библиографи саразын. Ацæргæ лæг уыд æмæ йæхицæн цæдисон æмбал дæр ссардта – Четиты Рубены. Иумæ дысфæлдæхтæй бавнæлдтой, æмæ 1977 азы Цæгат Ирыстоны чиныгуадзæны джиппы рацыди сæ фундаменталон фæллойы цыбыр вариант, «Ирон чиныг», зæгъгæ. Цы æрмæг дзы лæвæрд цæуы, уый у дыууæ ‘взагыл: ирон æмæ уырыссаг.*

*Уасойæн уый уыд йæ фæстаг фæллой. 1978 азы йæ цард аскъуыди. Цыдис ыл цыппарыссæдз азы. Йæхи фæндонмæ гæсгæ йæ баныгæдтой йæ райгуырæн хъæу Дзалисы. Йæ цыртдзæвæн та систы йæ куыстытæ.*

## ЗÆРОНД ЛÆГ ÆМÆ ЙÆ БИНОНТÆ КÆНÆ НОГ ЧЫНДЗЫ КУРДИАТ

Иу хæдзары уыди бирæ бинонтæ. Иууылдæр уыдысты иу фыды цот. Бакастæй афтæ зынд, цыма бонджын сты, кæрæдзи æмбаргæйæ цæрынц. Фæлæ хабар уыд бынтон æндæрхуызон. Иудадзыг быцæу, кæрæдзиимæ хылтæ, загъд, сæ куысты бæркад нæ уыд. Алчидæр ивæзта йæхирдæм. Чындзытæй алкæцы дæр хицæн æвæрæнтæ кодта, æрмæст йæхи зæнæгмæ каст, хæрд лæвæрдта æрмæст уыдонæн.

Бинонты хистæр æппæт уыдæттæ уыдта, фæлæ сæ уымæ ничи касти, хъуыды дæр æй ничи кодта, хæринаг дæр ын ничи лæвæрдта, æмæ æнкъардæй йæ къæлæтджыны бадт, сагъæс кодта.

Иу хатт, Ногбон куы æрхæццæ, уæд зæронд хæдзары хицау йæ бинонтæм се 'ппæтмæ дæр бадзырдта. Иууылдæр куы æрæмбырд сты, уæд сын загъта:

– Курын уæ, æмæ ахсæв æддæмæ мачи ацæуæд. Мæ ныхасмæ байхъусут æмæ мын йæ сæххæст кæнынæй мæ зæрдæ балхæнут. Фидиссаг фестæм – уæ сывæллæттæ мæ хынджылæг кæнынц. Æгъгъæд у.

Се 'ппæт дæр ын дзырд радтой, ахсæв æддæмæ кæй ничи ацæудзæн. Уыцы æхсæв арф мит рауарыд. Райсом раджы зæронд лæг се 'ппæты разæй сыстад, дуар бакодта. Кæсы æмæ фæд æддæмæ ацыд, ома чидæр хæдзарæй федде. Зæронд мидæмæ бахызт, йæ къæлæтджыны æрбадт æмæ бинонтæм бадзырдта:

– Худинаг уын фæуæд. Дысон мын дзырд радтат, æддæмæ ничи ацæудзæн, зæгъгæ, æмæ уæ ныхас нæ сæххæст кодтат.

Цот иууылдæр сомытæ фæкодтой, кæй ничи сæ ацыд, ууыл.

– Цæй, уæдæ кæд сымахæй ничи ацыд, уæд, чи ацыд, уый æз базондзынæн, – загъта зæронд лæг, систа йæ фæрæт, йæ роны йæ рацавта æмæ федде. Цæуын байдыдта фæдыл. Уыцы арф миты фæцыди бон-изæрмæ. Фæд æй иу тар хъæдмæ бакодта æмæ стыр бæласы бын фæцис. Уыцы бæласы бын уыд иннæ рæттæй фылдæр мит, цыма йæ исчи æмбырд æркодта. Ноджы уæлдæф уыди хъарм. Уырдыгæй фæд ничердæм цыд. Уæд лæг йæхи йæ кæрцы æрбатыхта æмæ уым æхсæвиуат кæнынвæнд скодта. Æцæгæй дæр ыл уым сбон. Зæронд сласта йæ фæрæт, раласта йæ кæрц æмæ йа-мардзæ, зæгъгæ, бæлас калыныл балæууыд. Уалынджы йæм чидæр бæласы сæрæй æрдзырдта:

– Цы кæныс, зæронд, цы дæ хъæуы, цæмæн мын калыс мæ бæлас?

– Чи дæ, цавæр дæ? – фæрсы йæ зæронд лæг.

– Æз дæн уæ царды ис, дæ хæдзары фарн, – æрыхъуысти дзуапп.

– Æмæ ам цы ми кæныс? – фæрсы йæ лæг.

– Æз ралыгътæн дæ хæдзарæй, дæ бинонтæй. Уыдонæй алчи æрмæст «мæн у» кæны, дæу кой, мæн кой ничи кæны, кæрæдзи

не ‘мбарынц, кæрæдзийæн нал барынц æмæ ахæм ран мæнæн бынат нæй, уый тыххæй уæ ныууагътон æмæ ардæм ралыгътæн.

– Æрхиз æмæ цом нæхимæ. Бамбардзысты кæрæдзи æмæ дзæбæх цæрдзыстæм, – лæгъстæ кодта зæронд лæг.

– Мæнæн гæнæн нæй, фæлæ дæ бинонтæй чи цы кура, уый мæ бон раттын у, – æрдзырдæуыд бæласæй.

Цы гæнæн ма уыд зæронд лæгæн æмæ загъта:

– Уæдæ мын сомы зæххæй æмæ арвæй бакæн, мæ бинонтæй чи цы кура, уый йын куыд сæххæст кæндзынæ.

Зæронд лæг сомы райста бæласыл бадæгæй, йæ фæрæт йæ фæсрон нытътъыста æмæ йæ хæдзармæ рараст. Йæ хæдзармæ изæрдалынгты æрхæццæ. Йæ фæрæт систа æмæ йæхи йæ къæлæтджыны мæсты æппæрст æркодта.

Бинонтæ иугай уадысты йæ размæ æмæ йæ фарстой, дысон кæм уыд, уымæй.

Иууылдæр куы æрæмбырд сты, уæд сын хæдзары хицау радзырдта, цы федта, цы фехъуыста, уыдон сæрæй бынмæ.

– Нæ хæдзарæй, махæй алыгъдис нæ фарн, уымæн æмæ сымах иудадзыг загъд æмæ хыл кæнут, мæнмæ нал хъусут, уæ кæрæдзи ныхас нал æмбарут, алчи уæ хицæнæй æвæрæнтæ, тъыссæнтæ кæны, кæстæр, хистæр нал ис. Æз ын бæргæ бирæ фæлæгъстæ кодтон, фæлæ фæстæмæ рацæуыныл нал сразы. Æрмæст мын загъта: «Ацу, æмæ дæ бинонты стырæй, чысылæй бафæрс, кæй сæ цы хъæуы, уымæй, æмæ йын æй ратдзынæн». Гъеныр, мæ хуртæ, зæгъут, кæй уæ цы хъæуы: иунæг курдиат йеддæмæ не ‘ххæст кæны.

Райдыдтой дзурын: чи зæгъы, хорз галтæ мын раттæд, чи куры бæхты рæгъау, чи – хоры къутутæ, чи – дзаумайы хорз, чи – хæцæнгæрзтæ. Се ‘ппæт дæр сæ курдиæттæ загътой, баззади ма иу ног чындз. Уый зæронд лæгмæ уайсадгæ кодта æмæ йæ тиуы чызджы хъусы сусæгæй загъта:

– Зæгъ дадайæн, æз, зæгъ, курын æрмæст, цæмæй нæ цард, нæ ныхас иу уой, кæрæдзи æмбарæм. Æндæр курдиат мæм нæй.

Хæдзары хицау се ‘ппæты курдиæттæ дæр райста йæ зæрдæмæ. Дыккаг райсом раджы, фыццаг кæркуасæнты, зæронд лæг сыстад, йæ фæрæт фæсрон æрсагъта, йæ кæрц æрбакодта æмæ хъæдмæ фæраст.

Цæуы, изæрырдæм та бахæццæ уыцы бæласы бынмæ. Йæ кæрцы та йæхи æрбатыхта æмæ бæласы бын баззад.

Райсом куы сбон, уæд та фæрæтæй бæлас лыг кæнын байдыдта.

– Цы ми кæныс, цæмæн калыс мæ бæлас? – æрдзырдæуыд æм уæле.

– Æрбацыдтæн дæумæ, æрбахастон мæ бинонты курдиæттæ æмæ мæм байхъус, – сдзырдта йæм зæронд лæг æмæ радзырдта се ‘ппæты курдиæттæ дæр.

– Дæ бинонтæ цы курынц, уыдон сæххæст кæндзынæн иууылдæр, иуæй фæстæмæ. Дæ чындз домы, цæмæй уæ хæдзары, бинонты æхсæн уа кæрæдзи æмбарындзинад, ома фарн. Уый та дæн æз мæхæдæг æмæ фæстæмæ нал аздæхдзынæн.

Зæронд лæг асагъæс кодта æмæ та йæм дзуры:

– Ды мæнæн фидар сомы бакодтай арв æмæ зæххæй, се ‘ппæты курдиæттæ дæр кæй сæххæст кæндзынæ, фæлæ кæсын, æмæ ног чындзы курдиат не ‘ххæст кæныс, ома дæ сомы ницы у. Йе та дæхæдæг дæ аххосджын ацы хъуыддаджы æмæ нæ хæдзарæй дæр уымæн рацыдтæ.

Исдугмæ бæласыл бадæг æдзæмæй лæууыд, стæй йæм æрдзырдта:

– Цы дын зæгъон, æз дын ахæм сомы радтон, æмæ йæ басæттын мæ бон нæу. Цæугæ, зæронд, хъæмæ, æз дæр демæ.

Зæронд лæг рараст ис æмæ талынджы йæ хæдзармæ æрхæццæ. Бинонтæ иууылдæр ракалдысты: чи йын йæ къогъодзитæ ласта, чи йæ кæрц, чи та йын хæринаг скъæфта. Се змæлд уыди хъæлдзæгæй æмæ уарзонæй. Зæронд лæг сыл цингæнгæ йæ цæстæнгас хаста æмæ æмбæрста, сæ фарн йемæ кæй æрцыд, æмæ уарзонæй, бæркады æвдулгæйæ, кæрæдзи æмбаргæйæ, кæрæдзиуыл цингæнгæйæ кæй уыдзæн нырæй фæстæмæ сæ цард.

Аргъау фæцис. Уæ цард æмæ уæ бонтæ хуыздæр уæнт. Уыдонæй куыд ницы федтат, афтæ рынæй, сонæй мацы фенут.

*Радзырдта йæ* ***Томайты Алексийы фырт Мыта.*** *Ныффыста йæ Цабайты Георгийы фырт Уасо.* Калак, 1950 аз

## МÆГУЫР ЛÆГ ÆМÆ КАЛМ

Цардис иу мæгуыр лæг, уыдис ын ус æмæ лæппу. Фосæй сæм уыди дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр иу хъуг. Æрдыгъта-иу

ус хъуджы æмæ-иу æхсыр æртæ дихы бакодта се ‘хсæн. Иу рæстæг лæджы не ‘вдæлдис æмæ йе ‘хсыры хай рагъы лæгъзыл æрæвæрдта æмæ йæ куыстмæ бавнæлдта. Фæскуыст йæ æхсыры къусмæ бацыд, баназон æй, зæгъгæ. Кæсы, æмæ къус афтид, æцæг къусы æрттивы сызгъæрин æхца. Лæджы йе ‘хсыр æрбайрох æмæ йе ‘хцайыл тынг ныццин кодта, systa йæ æмæ йæ бафснайдта, æцæг йæ бинонтæн ницы загъта.

Дыккаг бон дæр та мæгуыр лæг йæ къус æд æхсыр рагъыл сæвæрдта æмæ йæхинымæры сфæнд кодта бахъахъхъæнын, æхсыр чи нуазы, уый.

Уалынджы лæг кæсы, æмæ æхситгæнгæ æрбабырыд калм. Æвæццæгæн, хилæг бафиппайдта, лæг æм кæсы, уый, æмæ тынгдæр æхситт кæнын байдыдта. Лæг æнцад, æнæзмæлгæ бадт. Калм æхсыр банызта, стæй йæ комæй сызгъæрин æхца къусмæ æрæппæрста æмæ абырыд.

Лæг калмы нал хъахъхъæдта, фæлæ-иу уый фæстæ æрбацыд, æхца систа æмæ-иу æй бафснайдта. Лæг схъæздыг: йæ хæдзар алы хорзæй байдзаг, ницæмæй æййæфтой хъуаг.

Иу хатт куы уыд, уæд æй кæдæмдæр æхсызгон хъуыддаджы фæдыл цæуын хъуыд цалдæр боны æмгъуыдмæ. Катайы бацыд: йæ сусæг хъуыддаг æй никæмæн фæндыд æргом кæнын. Æппынæрæджиау æрхъуыды кодта йæ сусæг хъуыддаг лæппуйæн радзурын:

– Зон, лæппу, иу сусæгдзинад мæм ис, цæмæй бонджын кæнæм, уый, æмæ дын æй зæгъдзынæн, фæлæ йæ хъуамæ ды макæмæн зæгъай, суанг дæ мадæн дæр. Æрвылбон хъуамæ ды къус æхсыримæ обауы рагъыл æвæрай. Калм æм æрбабырдзæн, æхсыр баназдзæн æмæ къусы æхца ныуадздзæни. Афтæ кæндзæни алы бон дæр. Ды йæ ма бахъыгдар, æрмæст æхца ис æмæ сæ æфснай, исчи сæ куыд нæ фена. Фæдзæхсын дын, ма фæтæрсын кæн калмы: уый у нæ царды хос, нæ бæркадхæссæг.

Лæг ацыд. Лæппу йæ фыды фæдзæхст æххæст кодта цалдæр боны, сусæгæй каст, калм кæдæм бырыд, уымæ æмæ хъуыды кодта: æвæццæгæн, калмæн ацы обауы бирæ сызгъæринтæ ис, махæн та дзы иугæйттæ дætты. Цæй, æмæ йæ амарон, обау ракъахдзынæн æмæ сызгъæринтæ иууыдæр сисдзынæн, цалынмæ мæ фыд нæма æрбаздæхт, уæдмæ.

Афтæмæй иннæ бон дынджыр лæдзæгимæ бабадт æмæ калм куы рабырыд, уæд æй ныддаудта. Цæф æрцыд калмæн йæ

къæдзилыл, æмæ къæдзил фæхицæн. Калм йæхи уыциу æппæрст лæппуйыл бакодта, фæхæцыд ыл æмæ обауы æрбайсæфт. Лæппу йæ мидбынаты æрбамард.

Ус йæ лæджы æрыздæхтмæ нæ фæлæууыд, фæлæ баныгæдта йæ фырты мард.

Цалдæр боны фæстæ фæзынди лæг дæр. Хабæрттæ базыдта æмæ ацыд уæлмæрдмæ, йæ фыртыл тынг фæкуыдта.

Дыккаг бон ус хъуг куы æрдыгъта, уæд лæг къусы æхсыр ныккодта æмæ йæ обауыл сæвæрдта. Уалынмæ калм æхситгæнгæ, къуыззитгæнгæ рабырыд обауæй:

– Нæ сусæгдзинад никæмæн хъуыд æргом кæнын. Кæсыс, мæ къæдзил нал ис мæ уæлæ æмæ мын нал разайдзæн. Кæй аххосæй нал ис, уымæн та цард нал ис æмæ нæ райгас уыдзæнис. Амæй фæстæмæ хорзæй баззай, – загъта калм æмæ обауы хуыккомы фæмидæг. Уымæй фæстæмæ калм уырдыгæй никуал рабырыди.

Уый адыл нæ аргъау дæр фæцис, æмæ уыдоны æрцыдмæ бирæ фæцæрут.

*Радзырдта йæ **Томайты Мате,** Къосыкъы хъæууы цæрæг. Ныффыста йæ Цабайты Уасо 1950 азы.*

*ХОДЫ Дзаххотт*

# ХЪАРМ АХОДÆНТÆ ÆМÆ УЫРЫТÆ

## *Фельетон*

Раджыма-раджыма уыдис хъæу, – Беслæныхъæу. Хъæуы уыдис скъолатæ, скъолаты та уыдис скъоладзаутæ. Уыдис Беслæныхъæуы ноджы хицæуттæ. Кастысты хицæуттæ скъоладзаутæм æмæ сын тæригъæд кæнын байдыдтой. Тæригъæд дæр сын куыд нæ кодтаикккой: фестадаид скъоладзау сæумæкъуырццæй, уазал къæбæр йæ дзыхы баппæрстаид æмæ дæлæ фæтæхы скъоламæ.

Хорз фæнд æрбадт хицæутты сæрты, хъуамæ хъарм аходæнтæ дæттын байдайой скъоладзаутæн. Уыцы фæнд уайтагъд айхъуысти скъоладзаутыл, æмæ сæ цин æмæ сæ кафынæн кæрон нал уыди. Ауад уыцы фæнд скъоладзаутæн сæ ныййарджыты хъустыл дæр æмæ уыдонæн дæр æхсызгон уыди.

Хицæуттæ æмгъуыд дæр скодтой, мæнæ, зæгъгæ, уыцы бон скъоладзаутæ хæрдзысты хъарм аходæн. Уыцы бон ралæууыди, æмæ скъоладзаутæй йæ хæдзары айдагъ хус къæбæр дæр йæ дзыхы ничиуал баппæрста, æмæ цæмæн баппæрстаид, мæнæ иу сахаты фæстæ, мыййаг, хъарм аходæн нæ хæрдзæн скъолайы!

Мæнæн дæр дзы иу æвзæр лæппу ахуыр кæны, æмæ йæ, æвæццæгæн, хуыссæг дæр нал æрцахста. Куыннæ стæй, æмæ йæ хъарм аходæн хæрын нал хъæудзæн?..

Фæссихор былысчъилæй æрбацыд сывæллон.

– Нана, стонгæй мæлын, исты мын авæр!

– Стъæлды фæуай, йæхи хъарм аходæнæй ныттыппыр кодта æмæ ныр хынджылæг скъæры.

– Нæй, нана, нæма ис хъарм аходæн. Æгас хордоны дзаг касаг æрбаластой, фæлæ аг нæма ис. Аг уыдзæн æртæ боны фæстæ, æмæ уæд хæрдзыстæм хъарм аходæн.

Æртæ боны фæстæ та мæ лæппу райсомæй хæрын ницы бакуымдта, афтæмæй афардæг и скъоламæ. Фæссихор та былысчъилæй ссыди æмæ та дзуры йæ мадмæ:

– Нана, исты мын, стонгæй мæлын!

– Цы хабар та у? Нæй та хъарм ходæн?!

– Нæй, нана, нæй. Аг ссардтой, фæлæ хуынкъ разынди, Дзæуджыхъæумæ йæ æмпъузынмæ ласынц. Æхсæз боны фæстæ, цыппæрæмы, хæрдзыстæм хъарм ходæн.

Æхсæз боны фæстæ та мæ лæппу ницы бакуымдта хæрын, афтæмæй ацыди скъоламæ.

Фæссихор кæсын, æмæ та уæртæ былысчъилæй йæ мадмæ фæлæсы.

– Цы та у, мæ бон, ныр дæр та нæй хъарм ходæн?

– О, нана, аг бæргæ æрластой Дзæуджыхъæуæй æмпъызтæй, фæлæ ма йæ къаладонæй сæрдын хъæуы. Райсом æй ласынц фæстæмæ, къаладонæй сæрдынмæ. Иннæ цыппæрæмы æнæмæнг хæрдзыстæм хъарм ходæн.

Ралæууыди иннæ цыппæрæм. Кæсын, æмæ ме ’нæуаг лæппу, гæппытæ кæнгæйæ, дæлæ фæтæхы скъоламæ.

Фæссихор та лæппу æмæ йæ мады баййæфтон ахæм ныхасыл:

– Бауырнæд дæ, нана, айдæнау æрттивы аг, афтæ йæ скъала кодтой.

– Хорз, мæ бон, хорз, æмæ уын уæдæ уыдис хъарм ходæн?

– Нæма, нырма, хъуамæ уал ын суанцъæт саразой. Æртæ боны фæстæ цæттæ уыдзæн. Нана, стонджы мын у, исты мын авæр!

Æртæ боны фæстæ та лæппу, райсомæй скъоламæ цæугæйæ, ницы бахордта, мад ын бæргæ дзырдта, фæлæ уымæ чи хъуыста.

Уалынмæ та кæсын, æмæ лæппу былысчъилæй æрбацæуы.

Мад æм дзуры:

– Нæ дын дзырдтон, нæ! Уый нырма тагъд нæ уыдзæн!

– Нæ, нана, тагъдæй тагъд уыдзæн. Æрмæст ма йын агуыритæ хъæуы иу мин, æмæ райсом Дзæуджыхъæумæ æрвитынц, цыппар боны фæстæ, къуырисæры, хæрдзыстæм хъарм ходæн.

Цыппар боны фæстæ лæппу тынг æнкъардæй сыздæхти скъолайæ. Куыд радзырдта, афтæмæй алцыдæр цæттæ у, æрмæст сын нæма ис къустæ æмæ уидгуытæ. Телефонæй адзырдтой Дзæуджыхъæуы горæтмæ, Цæгирцæдисмæ, фæлæ уым къустæ æмæ уидгуытæ нæ разынди. Цæгирцæдис арвыста Крайцæдисмæ æмæ ныфс бавæрдта, мæйы фæстæ, дам, къустæ æмæ уидгуытæ Бесланыхъæуы уыдзысты.

Мæйы фæстæ æцæгдæр айхъуысти Беслæныхъæуыл, мæнæ, дам, хъарм аходæнты тыххæй къустæ æмæ уидгуытæ райстой. Скъоладзаутæ сæрра сты, кæрæдзимæ хæрзæггурæггаг уадысты, сæ цинæн кæрон нал уыдис.

Сæумæцъæхæй æфсапъæ, ома хæринаггæнæг, йе спецдарæсы фæзынди, фæзындысты хицæуттæ дæр, скъоладзаутæ дæр сæ алыварс æмбырд. Æнхъæлмæ ма кастысты хордонгæсмæ. Хъуамæ уырдыгæй раттой касаджы холлаг.

Фæзындис хордонгæс йæ дæгъæлтимæ. Байгом ис дуар. Хордон æмызмæлд кодта гæдыйы йас уырытæй, уырыты æхсæнмæ'хсæнты лæууыдысты голлæгты хæррæгътæ. Касагæн хордоны йæ кой дæр нал уыди.

Æнæдзургæйæ, хæлиудзыхæй, хордонмæ кæсгæйæ, баззадысты хицæуттæ дæр, скъоладзаутæ дæр æмæ сæ разæй – хæринаггæнæг æмæ хордонгæс дæр.

Афтæ ахицæн æртæ мæйы тухиты фæстæ хъарм аходæны хъуыддаг. Фæлæ хъуыддаг афтæ кæй фæрцы рауад, уыдон æнцад куыд сбаддзысты? Фæйнæ уырыйы сын уæддæр раттут!

*Газет «Рæстдзинад»,*
*1931 аз, №270.*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Автопортрет.*

*Нæ равдысты фендзыстут мæздæггаг нывгæнæг* ***Юри Побережныйы*** *ног куыстытæ.*



*Горæтæгтæ.*



*Зæронд лæг йæ зæронд усмæ ‘рбаздæхт.*

*Хæрзуац.*





*Мариайы мидбылхудт.*



*Хъæмæ здæхгæйæ.*



*Бæлæстæ кæм нæй, ахæм сахар.*

*Фын.*





*Мыггаг.*



*Изæрзæрины æнгæс дæ.*



*Мæ сыхаг Лизкæ.*

*Мæ мад-иу мын дзырдта.*






*Хъызт.*



*Хъахъхъæнæг зæд.*



*Æркæс-ма ацы диссæгтæм.*



*Сызгъæрин къалати.*



*Къæлæу.*

*Ромкæ.*





*Сæрдыгон æхсæв.*

# НЕ 'ВЗАГ – НÆ ФАРН

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

## ÆВЗАГ ХЪУАМÆ ХЪÆУГÆ УА

*(Интервью Куыдзойты Анжелæимæ)*

*Ме 'взаг,*
*Мæ лæджыхъæд, мæ сæрибар!*
*Æз æнæ дæу цы дæн?*
*Æнæхæдзар, искæйон!*

Дзуццаты Хадзы-Мурат

Æрæджы «Северная Осетия»-йы бакастæн Куыдзойты Анжелæйы уац «Родной язык спасет его статус» (2017 аз, 30 мартъи, № 53, 3 ф.). Ахуыргонды уацы ссардтон арф хъуыдытæ не 'взаджы абоны уавæры æмæ, ирон адæм сæ мадæлон æвзагмæ цы цæстæй кæсынц, уый тыххæй.

Бафæндыд мæ ацы уацы авторимæ базонгæ уæвын æмæ йæ наукон-иртасæн куысты тыххæй, сæйрагдæр та – нæ мадæлон æвзаджы нырыккон уавæрыл æрныхас кæнын.

Анжелæ у филологон наукæты кандидат, доцент, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг.

Мæ ныхас ахуыргондимæ рауад æргом æмæ зæрдæагайгæ, уымæн æмæ не 'взаджы фарстатæ абон сты уæлдай актуалондæр, куыдфæндыйы цæстæй сæм нæй кæсæн.

– *Нæ Республикæйы абоны бонмæ цæй тыххæй нæй закъон æвзаджы тыххæй?*

– Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвзæгты тыххæй закъоны проект рагæй у цæттæ. Скодтой цалдæр экспертизæйы, хорзыл æй банымадтой наукон-экспертон совет, ирон æвзаг бахъахъхъæныны æмæ райрæзын кæныны тыххæй къамис. Цалдæр азы размæ йæм æркасти республикæйы парламент. Проектмæ ницы лаз æрхастой. Ныронг фидаргонд цæуылнæ у, уый нæ зонын. Уымæй бафæрсын хъæуы республикæйы хицауады.

*– Цавæр мадзæлттæ арæзт цæуы, цæмæй, æхсæнадон царды не 'взаджы ахадындзинад куыд æмбæлы, афтæ фæуæлдæр уа?*

– Паддзахадон æвзаг хъуамæ архайа æхсæнады царды алы къабазы дæр: политикæйы, культурæйы, зонады, спорты, экономикæйы, ахуырады, барады æмæ а.д. Уыцы хуызы ирон æвзаг «паддзахадон» у æрмæст формалон æгъдауæй – нæ Конституцийы афтæ фыст кæй у, уый фæрцы. Цæмæй æцæгæй паддзахадон уа, уый тыххæй та йын закъонæй сбæрæг кæнын хъæуы йæ функцитæ. Æвзаджы ахадындзинад фæуæлдæр кæныны тыххæй, мæнмæ гæсгæ, райдайын хъæуы ахуырадæй, уыимæ сывæллæтты рæвдауæндонæй уæлдæр скъолайы онг. Байгом кæнын хъæуы, сабиты ахуыр æмæ хъомыл ирон æвзагыл кæм хъуамæ кæной, ахæм рæвдауæндæттæ æмæ хицæн къордтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы къордты сывæллæттæн амонын хъæудзæнис уырыссаг æвзаг дæр. Ирон æвзагмæ æргом аздахын хъæуы астæуккаг æмæ уæлдæр скъолаты дæр.

Цалдæр азы ныхас цæуы национ телеуынæн байгом кæныныл дæр. Уымæй уæлдай ма фæстаг рæстæджы фылдæр кæнынц ирон интернет-ресурстæ, ног хабæрттæ хъусын кæнынц уырыссагау дæр æмæ иронау дæр.

*– Ирон æвзаг бахъахъхъæныны æмæ йæ райрæзты фæдыл сæрмагонд къамис цæмæн сарæзтой æмæ цы кусы?*

– Сæрмагонд къамис арæзт цæмæн æрцыдис, ууыл дзурæг у йæ ном дæр – уымæн æмæ æвзаг ахæм уавæры ис, æмæ йæ бахъахъхъæнын хъæуы. Цæуыл кусы, уый дын нæ зæгъдзынæн. Фæстаг хатт ацы къамисы æмбырд уыдис дыууæ азы размæ.

*– Цы пайда у Ирон æвзаджы бон, ЮНЕСКО-йы æнувыддзинад ирон æвзаджы хъысмæтыл?*

– Ирон æвзаджы бæрæгбон у нæ адæмы иудзинады, нæ культурæйæн аргъ кæныны, æрыгон фæлтæр раст хъомыл кæныны мадзæлттæй иу. Иннæмæй та республикæйы разамынд æмæ специалистты æргом здахы национ культурæйы лыггæнинаг фарстатæм. Сæрмагонд республикон программæтæ æнæмæнг хъæуынц. Раст уынаффæ рахæссын фаг нæу – йæ сæххæст кæнынæн хъæуы сæрмагонд пълан саразын æмæ уымæ гæсгæ куыст домын.

ЮНЕСКО иузæрдион у æппæт æвзæгтыл дæр. Ацы æппæтдунеон организацийы фæрцы æххæстгонд æрцыдысты ирон национ ахуырады стратегийы цалдæр хайы. Зæгъæм, авторты кол-

лективтæ бацæттæ кодтой æмæ мыхуыры рауагътой программæтæ, чингуытæ, цæстуынгæ æрмæг, кусæн тетрæдтæ, методикон амындтытæ, уæлæмхасæн æрмæджытæ æмæ æндæртæ ирон æвзагыл (йæ дыууæ литературон хуызыл дæр) сывæллæтты рæвдауæндæттæн, астæуккаг скъолайæн. Ноджы бацæттæ кодтой ахуырадон-методикон комплексты дыгай хуызтæ – ирон æвзаг фыццаг кæмæн у (ома дзы мадæлон æвзаджы хуызы чи пайда кæны), уыцы сывæллæттæн æмæ, дыккаг кæмæн у (ома йæ æрмæст скъолайы чи райдыдта ахуыр кæнын), уыдонæн.

– *Анжелæ, ирон æвзаг нæ парламенты депутаттæй иуы дæр нæ хъæуы – нæдæр парламенты куысты (æмбырдтæ цæуынц уырыссаг æвзагыл, кæд ирон æвзаг дæр уырыссаджы æмрæнхъ паддзахадон у, уæддæр), нæдæр сæ хæдзæртты. Ирон депутаттæ сæ фылдæр иронау нæ зонынц, æмæ сын цæмæй æнцондæр уа, уый тыххæй паддзахадон æвзаг уырыссаг скодтой. Ахæм уавæр ма нæ парламенты бирæ ахæсдзæн? Афон нæма у парламентæн иронау сдзурынæн?*

– Аслæнбег, хъуыддаг бынтон афтæ нæу. Уырыссаг æвзаг «барæй паддзахадон» мах депутаттæ не скодтой. Ирыстон Уæрæсейы Федерацийы хай у, æмæ уырыссаг æвзаг паддзахадон у æппæт бæстæйы дæр, йе ‘ппæт регионты дæр. Депутаттæй ирон æвзаг чи нæ зоны, уыдон дæр, мæнмæ гæсгæ, афтæ бирæ не сты. Уæдæ иронау цæуылнæ дзурынц? Уымæн æмæ иуæй ирон æвзаджы архайды «официалон регламент» бæрæггонд нæу, иннæмæй дзыхъхъылæуд у не ‘взаджы официалон-хъуыддагон стиль (ног сæрмагонд терминологи аразын хъæуы), аннæмæй та сæ фылдæрмæ паддзахадон хъуыддæгтыл иронау дзурыны арæхстдзинад нæй. Ахæм уавæр нæ парламенты цас ахæсдзæн, уый тыххæй та парламенты сæрдары æмæ уæнгты фæрсын хъæуы.

Фæсивæдон парламенты бындурæвæрæг документтæ иуыл дæр арæзт сты дыууæ æвзагыл – уырыссагау æмæ иронау. Æрæджы, ирон æвзаджы бæрæгбоны кадæн, сæ радон æрбадты дзырдтой æрмæст иронау. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый хъуамæ æрмæст «бæрæгбоны мадзал» ма уа. Фæлæ, проблемæ алыг кæнынæн фæрæзтæ кæй агурынц, уый хорз у.

– *«Æппæты фыццаг нæ иронау дзурын хъæуы æрмæст бинонты ‘хсæн нæ, фæлæ паддзахадон куыстуæтты æмæ æхсæна-*

*дон бынӕтты дӕр. Ирыстон дыууӕвзагон республикӕ у, фӕлӕ нӕм ӕцӕг дыууӕвзагондзинад никуы уыди. Стӕй, райсом фӕзындзӕн, зӕгъгӕ, куы зӕгъон, уӕд раст нӕ уыдзынӕн. Тынг бирӕ нӕ бакусын хъӕуы», – загъта республикӕйы раздӕры Сӕргълӕууӕг Ӕгъуызарты Тамерлан не 'взаджы уавӕры тыххӕй. Дӕумӕ гӕсгӕ, цы хъӕуы бакӕнын, цӕмӕй паддзахадон куыстуӕтты ӕмӕ ӕхсӕнадон бынӕтты фехъусӕн уа ирон ныхасӕн?*

– Ацы фарстӕн дзуапп ис, цы цитатӕ ӕрхастай, уым – «тынг бирӕ бакусын хъӕуы». Паддзахадон кусджытӕ хъуамӕ дыууӕ ӕвзаджы дӕр зоной. Уый у, мӕнмӕ гӕсгӕ, куыстуӕтты ирон ныхас фехъусыны фыццаг фӕрӕз.

– *«Нӕ адӕм сӕ мадӕлон ӕвзагыл кӕй сыстырзӕрдӕ сты, ирон скъолатӕ кӕй нӕй, уый аххосӕй нӕ литературӕ дӕр бахауди уӕззау уавӕры. Нӕ литературӕмӕ ног фӕлтӕр нал цӕуы...» – сагъӕс кӕны не 'взаг ӕмӕ нӕ мадӕлон дзырдаивады абоны уавӕрыл «Мах дуджы» сӕйраг редактор Хъодзаты Ӕхсар («Мах дуг», 2012, №8). Фӕлӕ Ӕхсары ахӕм зондахастимӕ нӕ интеллигенцийы бирӕ минӕвӕрттӕ разы не сты. Ӕмбары ирон интеллигенци, цы уавӕры сты не 'взаг ӕмӕ нӕ литературӕ абон, уый?*

– Аслӕнбег, «ирон интеллигенци» кӕй хоныс? Интеллигент ӕмӕ ирон уӕвгӕйӕ, ирон ӕвзаг чи нӕ зоны, уыдоны дӕр? Уыдон ӕвзаджы ӕмӕ литературӕйы мӕт нӕй. Фӕлӕ ирон культурӕмӕ бар чи дары, уыдон ӕмбарынц уавӕры зындзинад.

Литературӕмӕ ног фӕлтӕр кӕй нӕ цӕуы, уым диссагӕй ницы ис. Уый у 60-ӕм азты паддзахадон политикӕйы фӕстиуӕг. Скъолайы ирон ӕвзаг факультативон кӕмӕн уыдис,— кӕнӕ йӕ ӕппындӕр ахуыр чи нӕ кодта, уыдон куыд бацӕуой литературӕмӕ? Астӕуккаг фӕлтӕр куынӕ уа, уӕд кӕстӕр фӕлтӕр дӕр нӕй. Иннӕ аххосаг та уый у, ӕмӕ хистӕр фӕлтӕры фысджытӕ фӕсивӕдимӕ фаг кӕй нӕ кусынц. Нӕ агурынц курдиатджын ӕрыгӕтты, нӕ цӕуынц скъолатӕм, институттӕм (каджын ӕмбырдтӕ ӕмӕ фембӕлдты кой нӕ кӕнын), нӕ аразынц «литературон ӕрмадзтӕ», къордтӕ ӕмӕ а.д. Зӕгъӕм, Джусойты Нафи къорд азы куыста ирон филологийы факультеты. Цалынмӕ йӕ бон уыдис, уӕдмӕ ӕмбӕлдис, сфӕлдыстадон «зынг» кӕмӕ ис, уыцы студенттимӕ, амыдта сын ӕмдзӕвгӕтӕ ӕмӕ прозӕ фыссыны хъуыддаджы сусӕгдзинӕдтӕ.

– *«Рæстæджы цыды гуылфæнты ирон æвзаг дæр хъизæмæрттæ æвзары... Уæдæ цы мæгуыры бонтæ æрвиты ирон æвзаг, уый нæхи цæстæй уынæм. Уый уырыссаг æвзаг бынтон скаст нæ уадзы. Ирон адæм хъæуа-нæхъæуа фылдæр дзурын райдыдтой уырыссагау кæнæ хæццæ-мæццæ уырыссагау-иронау», – афтæ фыссы газет «Рæстдзинад»-ы (2017 аз, 25 мартъи, №50) Цгъойты Хазби. Цы ис бакæнæн, цæмæй не 'мзæххонтæ хæццæ-мæццæ æвзагæй ма дзурой, фæлæ раздахой се 'ргом сæ мадæлон æвзагмæ, уый тыххæй?*

– Ацы уавæры уырыссаг æвзаг азымджын кæнын раст нæу. Уырыссаг æвзаг нæ нæ уадзы иронау раст дзурын?

Цæмæй ирон адæм сæ мадæлон æвзагмæ се 'ргом раздахой, уый тыххæй уыцы æвзагæн хъуамæ бæрзонд уа йе 'хсæнадон статус. Социолингвистикæйы ис «социалон престижы» æмбарынад. Ома æвзаг хъуамæ **хъæугæ** уа. Хъæуы, суткæ 24 сахаты чи кусдзæнис, ахæм национ телеуынæн. Хъæуы цымыдисаг æмæ бæрзонд аивад хæссæг театр. Хъæуы национ ахуырад. Иу дзырдæй, æцæгæй уарзын хъæуы ирон æвзаг.

– *Нæ зындгонд поэт æмæ литературæиртасæг Дзуццаты Хадзы-Мурат йæ уацтæй иуы фæрсы: «Сегодня всем ясно: была, есть и будет в Осетии русская литература. Но не всем ясно: будет ли в Осетии осетинская литература и будет ли жить осетинский язык без осетинской литературы?» (Дзуццаты Х.-М. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, Ир, 2010).*

Цавæр уыдзæн дæ дзуапп ахæм судзаг фарстæн?

– Раст æвзагон политикæ нæм куынæ фæзына, уый бындурыл та – «æвзагон арæзтады» программæ, уæд фыццаг фесæфдзæн литературæ, стæй та – æвзаг.

– *Анжелæ, æз мæхæдæг 36 азæй фылдæр бакуыстон астæуккаг скъолайы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Мæ бон у фидарæй зæгъын: скъолаты дæр мадæлон æвзаг ис æдзæллаг уавæры, куыдфæндыйы цæстæй йæм кæсынц ахуыргæнджытæ сæхæдæг дæр æмæ скъоладзаутæ дæр, уымæн æмæ йын нæй кад нæдæр бинонты 'хсæн, нæдæр æхсæнады. Мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг, мæнмæ гæсгæ, хъæуы бындуронæй ивын. Цы хъæуы уый тыххæй бакæнын? Æви разы нæ дæ мемæ?*

– Фыццаджыдæр, мадæлон æвзаг алы скъолайы дæр æдзæллаг нæу. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахуыргæнæг йæ пред-

метмæ куыдфæндыйы цæстæй куы кæса, уæд ын скъолайы бынат нæй, цыфæнды предмет куы амона, уæддæр. Ирон æмбисонд афтæ у, зæгъгæ, дæ куыдзы цы хонай, адæм дæр дын æй уый хондзысты.

Раст зæгъгæйæ, æдзæллаг уавæры æрмæст ирон æвзаджы уроктæ не сты. Цавæр зонындзинæдтæ æвдисынц скъоладзаутæ математикæ, физикæ, хими, фæсарæйнаг æвзæгтæ, уырыссаг æвзаг, литературæ, географи æмæ иннæ предметтæй? Кæй дзы сайæм, стæм скъоладзаутæ сæхи зонд æмæ хъаруйæ ахуыр кæнынц иттæг хорз. Сæ фылдæрæн хистæр къæсты баххуырсынц, «хъæугæ» предметтæ сын чи амона, ахæм ахуыргæнджыты. Уый быхсинаг уавæр у?

Фæлæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй фылдæр æмæ карздæр домын кæй хъæуы, уыимæ разы дæн.

– *Хуымæтæг адæмæй бирæтæн сæ фæсонæрхæджы дæр нæй, цы уыдзæн не 'взагæн йæ фидæн, уый. РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Къубалты Солтан та у ахæм зондыл хæст: «Ирон адæмæн мадæлон æвзагæй дарддæр стыр мæтаг сты нæ ирон удварн, уаг æмæ æгъдау. Уыдонæй иуæй куы фæиппæрд уæм, уæд фæиппæрд уыдзыстæм нæ адæмæй. Афтæ куы рауайа, уæд тæссаг у, нæ ирондзинад куы фесæфа, уымæй. Хуыцау нæ ахæм бæллæхæй бахизæд!» (газет «Рæстдзинад», 2017, 20 январь). Цæуылнæ æмбарынц ирон адæм се 'взаджы тæссаг уавæр? Цы хъæуы бакæнын?*

– Æвзаджы уавæрыл мæт кæнын алкæй хæс нæу. Уымæн ис хицауад, республикæйы разамынд, стæй специалисттæ. «Хуымæтæг адæм» кæй хоныс, уыдон та æвзагыл дзургæ куы кæной, фысгæ æмæ кæсгæ куы кæной, уæд сæ уымæй фылдæр домын нæ хъæуы. Ирондзинад та хистæрæй кæстæрмæ цæуы. Саби бинонты 'хсæн хъомыл кæны хистæрты фæзмгæйæ. Хистæр «афтæ кæн» цасфæнды куы дзура, фæлæ йæхæдæг афтæ куынæ кæна, уæд ныхæстæй пайда нæй.

– *Ацы хъуыды та загъта цалдæр азы размæ нæ зындгонд поэт Хъодзаты Æхсар йæ публицистон уацтæй иуы: «Уынджы фембæлгæйæ, кæстæрты иронау истæмæй куы бафæрсай, уæддиу нын дзуапп раттын уæддæр куы бафæразиккой! Фæлæ нæ уыцы амонд дæр нал и: нæ ног фæлтæртæ фæиппæрд сты, адард сты нæ ирон дунейæ, ирон царды хъæр нал æмбарынц». Цавæр комментари радтис ацы зæрдæрисгæ ныхæстæн?*

– Ацы фарстæн дæр йæ дзуапп уæлдæр ис. Уавæр чи æмбары, уыцы хистæртæ сæ кæстæртæм иронау дзурынц, мадæлон æвзаг сын бацамыдтой? Нæ мæ уырны. Алчидæр хъуамæ йæхи бинонтæй, йæхи къабæзтæй райдайа. Бафиппайдзынæн ма уый дæр, æмæ фæстаг азты ирон æвзаг сындæггай «модæйы цæуын» райдыдта, арæхдæр хъуысы горæты уынгты дæр. Фæсивæд махæй æнæзонддæр не сты. Фæнды сæ, цæмæй сæ сабитæ иронау дзурой.

*– Курдиатджын поэт, чиныгуадзæн «Ир»-ы редактор Кокайты Тотрадзы хъуыдымæ гæсгæ, ирон йæхи чи хоны, уый хъуамæ фыццаджыдæр райдайа йæхицæй – хæдахуырæй: «хъуса æрвылбон ирон ныхас, кæса ирон газет, ирон журнал, ирон чиныг, кæддæра нæ фæцалх уаид æмæ нæ банкъарид нæ мадæлон æвзаджы ад! Хиуыл кусын хъæуы, удыхъæд хъæздыг кæнын хъæуы» (газет «Рæстдзинад», 2016, 10 ноябрь).*

*Разы дæ Тотрадзы хъуыдытимæ? Цы ма сæм бафтауис?*

– Тынг раст загъта Тотрадз. Йæ алы дзырдимæ дæр разы дæн.

– Абайты Вассойы номыл Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор Хъаныхъуаты Зæлинæ æвзаджы уавæры тыххæй загъта: «Абон рæстæг бынтон аивта. Ницы хъуаг стæм. Цы уæрæх гæнæнтæ нын ис, уыдонæй хъæуы раст спайда кæнын. Ирон æвзаг бахъахъхъæныны тыххæй бирæ мадзæлттæ арæзт æрцыд, фæлæ дзы ис, зæрæстонæй чи баззад, ахæм бынæттæ. Ноджы активондæрæй бавналын хъæуы грантты системæ æмæ сæрмагонд программæты руаджы канд наукон куыстытæ размæ кæнынмæ нæ, фæлæ ахуырадон рухстауæн куыстытæ кæнынмæ. Ирон æвзаджы райрæзтæн ма ахъаз уаиккой медиапроекттæ. Ис гæнæнтæ». («Рæстдзинад», 2017, 6 апрель, №58). Дæумæ та куыд кæсы, Хъаныхъон цы мадзæлтты кой кæны, уыдоныл зæрдæдарæн ис? Ирон æвзаджы хъысмæтыл хорзырдæм сахаддзысты?

– Раст зæгъы Зæлинæ. Ног рæстæгмæ ног домæнтæ куыд ис, афтæ ног гæнæнтæ дæр ис. Æмæ уыдонæй пайда кæнын хъæуы. Къуылымпыйы хос у æрмæст специалистты нымæц – æгæр гыццыл сты. Ныртæккæ ирон æвзаг иртасджыты уавæр æмбисондау у: бæндæн, дам, иу дагъæй не 'ххæссыди æмæ йæ дыдагъ кодтой. Афтæ мах дæр алырдæм нæхи айтындзæм.

*– Анжелæ, чи уыдысты æмæ кæцæй дæ фыдæлтæ? Цæуыл у*

*ныртæккæ дæ наукон-иртасæн куыст? Цавæр нысантæ æвæрыс дæ размæ куыд лингвист?*

– Мæ фыдæлтæ цардысты Мамысоны комы. Мæ фыд дæр ма хохы райгуырдис, Хълиаты хъæуы. Нæхицæй раппæлон: Ирыстоны æппæты бæрзонддæр уыдис Боциты мæсыг. Хæсты фæстаг азты хохæгты æрцæрын кодтой Мæхъхъæлы зæххытыл. Уырдыгæй фæндзайæм азты куы æрыздæхтысты, уæд æрцардысты Ног Бирæгъзæнджы. Уый у мæ райгуырæн хъæу. Ам каст фæдæн астæуккаг скъола. Ацы скъолайы фæндзай азæй фылдæр физкультурæйы ахуыргæнæгæй фæкуыста мæ мад, Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт ахуыргæнæг Агънаты Зоя.

Мæ куысты нысантæй мæ кæд фæрсыс, уæд сæ «хæстæгдæртæ» сты: ирон æвзаджы æртæ ахуыргæнæн чиныджы дыккаг рауагъдмæ бацæттæ кæнын (8 æмæ 11 кълæстæн), ирон æвзаг амоныны методикæйы ахуыргæнæн чингуытæ (студенттæн) саразын, ирон вазыгджын хъуыдыйады синтаксисы теорийыл дарддæр кусын æмæ монографи ныффыссын.

– *Анжелæ, бузныг! Мæ зæрдæ дын зæгъы, цæмæй, дæ размæ цы арфæйаг нысантæ сæвæрдтай, уыдон Хуыцауы фæрцы дæ къухы бафтой.*

*УАНИТЫ Аллæ*

# ДЫУУÆ НЫХАСЫ ФРАЗЕОЛОГИЗМТЫ ТЫХХÆЙ

Фразеологийæн йæ сæйрагдæр хицæндзинæдтæй иу у, æнкъарæнтæй дзаг кæй вæййы, уый. Цыфæнды фæзындмæ дæр адæм кастысты аргъ кæныны цæстæй. Се 'нкъарæнты фæрцы фразеологизмтæ адæмæн сты æнцон æмбарæн. Не 'взаджы ис ахæм фразеологизмтæ, сæ нысаниуæгмæ гæсгæ иннæ лингвистикон иуæгты æнгæс чи у. Фæлæ уыцы хъуыддаг, æвзаджы мидæг бирæ мадзæлттæ кæй ис, ууыл нæ дзуры. Уымæн æмæ хуымæтæджы дзырдтæй фразеологизмтæ æппæты фыццаг хицæн кæнынц сæ экспрессивон тыхæй. Йæ нысаниуæгмæ гæсгæ адæймагмæ чи хауы, уыцы фразеологион иуæгтæн ис сæрмагонд хæс. Уымæн æмæ, адæймаджы характер цы миниуджытæ æвдисынц – хи дарыны фæтк, æддаг бакаст, архайд, адæмимæ ахастдзинæдтæ – уыдон иууылдæр вæййынц аргъ кæныны бындурыл.

Алыхуызон æвзæгты фразеологион системæты сæйрагдæр миниуджытæй иу у национ хицæндзинады æууæлтæ æвдисын. Не 'взаджы фразеологизмтæ кæй ис, уый стыр æххуыс у фæлтæрты бастдзинадæн.

Фразеологийы фенæн ис адæмы хъæздыг истори, сæ хъуыдытæ, фæллой, культурæ æмæ æрвылбоны цард. Фразеологизмтæ национ культурæ æвдисынц æртæ хуызы:

1) Æмдзыгуыр, ома æмткæй сæ идиоматикон нысаниуæгæй, цы хæйттæй арæзт сты, уыдонæй се 'ппæтæй дæр. Зæгъæм, уырыссаг æвзаджы ис фразеологион здæхт *Царевна-Несмеяна.* Уырыссаг адæмон аргъæутты Царевна-Несмеяна у паддзахы чызг. Уый зæрдиагæй никуы бахудт, раст цыма йæ зæрдæ никуы ницæуыл бацин кодта, уыйау. Ацы фразеологизм рацыд уырыссаг адæмон аргъауæй æмæ, уырыссаг æвзагыл чи дзуры, уыдон æй æмбарынц. Ис ын ахæсгæ нысаниуæг дæр, амоны: сабыр, йæхицæй чи не 'ппæлы, ахæм.

2) Национ æмæ культурон спецификæтæ рабæрæг вæййынц уæнггай, ома алы хай дæр хицæнæй. Зæгъæм, уырыссаг æвзаджы ис фразеологизм *казанская/казанский сирота*. Йæ нысаниуæг у «æнамонд, æфхæрд æмæ æвæрæзæй, тæригъæддагæй йæхи адæмы цæстмæ чи æвдисы, ахæм адæймаг» (арæх кæрæф фæндтимæ). Ам уырыссаг адæймаг æрхъуыды кæндзæн, уырыс Хъазаны ханты куыд басастой, уыцы историон факт.

3) Адæмон культурæ фразеологизмтæ æвдисынц уæгъдибар дзырдбæстыты руаджы. Уыцы дзырдбæстыты уынæм сæрмагонд æгъдæуттæ, бæрæгбонтæ, æрвылбоны цард æмæ культурæйы лыстæг цаутæ, дзыллæйы историон хабæрттæ æмæ æндæртæ. Дæнцæгæн райсæм фразеологизм *бить баклуши.* Уый нысан кæны «дзæгъæлы рæстæг сафын». Равзæрд хуымæтæг куыстæй: ныппырх-иу кодтой гæдыбæласы къодах, цæмæй йын йе схъистæй («баклуши» кæнæ «чурки») сарæзтаикккой уидгуытæ æмæ æндæр хæдзары дзаумæттæ.

Ацы термины ис канд фразеологион здæхт нæ, фæлæ уымæн йæ сæрмагонд тип дæр. Профессор Медойты Б. фразеологион здæхтытæн дæтты ахæм нæмттæ: фразеологион баныхæстытæ, баиугæндтæ, бæстытæ æмæ фæзæгъдтытæ.

*Фразеологион баныхæстытæ.* Йæ компоненттæ кæрæдзийæ сты æнæфæхицæнгæнгæ, се 'хсæн æндæр дзырд бакæнæн нæ вæййы, арæх сæ æмбæлы архаизмтæ. Ацы къордмæ ахæссæн ис ахæм фразеологизмтæ: дæ нывонд фон, æвдадзы хос, дæ уды бонтæй, буды дон, буд мизын, сау лæг, мады бæх, фаты бæх, судзгæ цъутхал, абадгæ чызг, еусайраг фæуын, еусайраг дæ сæр, зынг хуыссын, цъыззыйы къуылых, галгуыбынæй – цъиудзæст, чъизи уд, чъизи лæг æмæ æнд.

*Фразеологион баиугæндтæ.* ацы къорды фразеологизмтæ дæр æввахс сты фразеологион баныхæстытæм, кæрæдзийæ сты æнæфæхицæнгæнгæ, хаттæй-хатт гæнæн ис æмæ уой сæрибар дзырдбæстыты æнгæс, вæййы сын иу нысаниуæг: къухмæ райсын – исты куыст райдайын, сæр сæттын – истæуыл бирæ хъуыды кæнын, цард æхсиды – хорз цæрын, дур дæлармы хæссын, милмæ исын, хурмæ хæссын, адæмыл хъæр кæнын, дæндæгты къæс-къæс кæнын, митæй мæсгуытæ амайын æмæ æнд. Ацы къордмæ хауынц мивдисæгон фразеологизмты егъау къорд, стæй параллелизмон фразеологизмтæ дæр, стæй хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæй арæзт фразеологизмтæ дæр: сæр бæрзæндты

хæссын, хи бакъул кæнын, лæгæй-усæй, цъиуæй-бæдулæй, æнæмард-æнæдзуар, лæугæ хох, цæугæ мæсыг, куыдз æмæ лæдзæг, къуыппæн-дзыхъхъæн зарæг æмæ а.д.

*Фразеологион бæстытæ.* В. В. Виноградовы хъуыдымæ гæсгæ ацы къорды дзырдбæстытæ æввахс сты сæрибар дзырдбæстытæм, сæ аразæг дзырдты хæйтты нысаниуæг бæрæгæй зыны, фæлæ уæддæр сæрибар дзырдбæстытæ не сты. Ацы къордмæ цы фразеологизмтæ хауы, уыдоны иу компонентмæ бафтауæн вæййы алыхуызон дзырдтæ æмæ сын вæййы ахæсгæ нысаниуæг. Уыдон дæр сты фæлгонцджын, аив, фæлæ фразеологион баныхæстыты хуызæн аив, экспрессивон не сты. Вæййы сын синонимтæ, гæнæн ис æмæ сæ баивæм æндæр дзырдтæй дæр. Зæгъæм: ком ивазын (ницы аразын), цæсты бахауын (химæ адæмы æркæсын кæнын), худæгæй мæлын (тынг худын), худæгæй артæнхæлттæ кæнын (тынг худын). Адон иууылдæр хауынц фидар дзырдбæстытæм æмæ сæ æндæр дзырдтæй куы баивæм, уæд сæ хъуыды ивд æрцæуы.

*Фразеологион фæзæгъдтытæ.* Цыппæрæм къорд бахаста Шанский Н. М. æмæ йæ схуыдта «фразеологические выражения» – фразеологион фæзæгъдтытæ (Шанский Н. М. ЛСРЯ. М. 1972. 137). Ацы къорды фразеологизмты тыххæй уый афтæ зæгъы: «Устойчивые в своем составе и употреблении фразеологические обороты, которые не только являются семантически членимыми, но и состоят целиком из слов со свободными значениями) (137). Ардæм хауынц хуымæтæджы хъусынгæнинæгтæ, загъдаутæ, ома, коммуникативон, кæнæ та номинативон характер кæмæн ис, ахæм фразеологион фæзæгъдтытæ. Зæгъæм: лæг лæг у, дзых дзых у, дзырд дзырд у, нæй дурæй хъæбæрдæр, куысты æнтыстытæ, царды æнтыстытæ, ацы сахатыл æмæ бирæ æндæртæ.

Ардæм ма хауынц нæ ныхасы тынг чи ныффидар æмæ арæх кæмæй пайда кæнæм, уыцы къорд дæр: уазал буары ахызт, уæнгтæ æрлæмæгъ сты, уæнгтæ нæ исын æмæ а.д. Ацы типы фразеологизмтæ кæрæдзиуыл тынг æнгом баст не сты, нæдæр сын синонимтæй ис баивæн. Адон дæр дзурæг йæхæдæг нæ аразы, не ‘взаджы æмбæлынц æнæхъæн формулæтæй.

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

## ДЫККАГ «ИРОН ГАЗЕТ» – КОНТРРЕВОЛЮЦИОН-НАЦИОНАЛИСТОН БУРЖУАЗИЙЫ АХСТОН[1]

«Ирон газет» 1917 азы цæуын куыд байдыдта, уымæ гæсгæ ацы газетæн йе 'рмæг æвдисы уыцы рæстæджы классон тохы æуузæлтæ. Дарддæр «Ирон газеты» æрмæг политикон хахх æмбарын кæны, контрреволюцион малусæгад кæцæй æмæ куыд фæзынди, чи уыдысты йæ араздзжытæ, «Зиу» малусæгады баззайæггаг кæй у, уый.

Дыккаг «Ирон газет» цыдис Дзæуджыхъæуы 26-æм апрелæй 1917 азæй 7-æм февральмæ 1918 азмæ. Дыууæ азы дæргъы ӕдæппæт рацыд 37 номеры. Газетæн йæ редактор уыдис Бутаты Аслæнбег.

Ирон контрреволюцион-националистон интеллигенци æмбæрстой хорз, Хетæгкаты Къостайы хæххон фæллойгæнæг адæм бирæ кæй уарзынц, стыр аргъ ын кæй кæнынц, уый æмæ уымæ гæсгæ сæхи хъавыдысты Къостайы тырысайы фæстæ бамбæхсынмæ æмæ афтæмæй сæ контрреволюцион буржуазон-националистон куыст хæссынмæ.

Уымæ гæсгæ уыцы контрреволюцион буржуазон националисттæ сарæзтой Къостайы номыл сæ контрреволюцион къорд.

Уыцы заманы цæуын байдыдта «Ирон газет» дæр. Газетæн йæ сæйрагдæр хъуыддаг уыди Октябры социалистон революцийы ныхмæ карз тох саразын. «Ирон газеты» кусджытæ хорз æмбæрстой, Уæрæсейы пролетариат революцион змæлды сæргъы кæй æрлæууыдис æмæ æппæт Уæрæсейы адæмты дæр пролетарон революцимæ кæй хоны коммунистон партийы раст разамынды фæрцы, уый. Уымæ гæсгæ хъуамæ ирон адæмы фæиппæрд кодтаиккой революцион змæлдæй.

Кæй зæгъын æй хъæуы, газет араздзжытæ парахат кæнынмæ хъавыдысты уæрæх ирон дзыллæты мидæг «Ирон газет» сæ контрреволюцион-националистон дины талынгады агитацийы.

---

[1] Ацы газет нымæцмæ гæсгæ уыдис цыппæрæймаг – «Ирон газет» ма цыдис 1906 азы.

«Ирон газет», уæлдæр куыд загътам, афтæмæй сси сæ сæйрагдæр хæцæнгарз социалистон революцийы ныхмæ, йæ редактор Бутаты Аслæнбег сæ сæргъы лæугæйæ. Газетæн йæ сæйрагдæр хæс уыд, цæмæй ирон адæмы Октябры социалистон пролетарон революцийæ фæхицæн кодтаиккой, æмæ цæмæй, ирон адæмы æхсæн цы националистон буржуази, цы урс булкъонтæ, афицертæ уыди, уыдон баззадаиккой рагонау æмæ адæмты туг цъырдтаиккой æнæвгъау.

Газеты редактор Бутаты Аслæнбег 1917 азы тæккæ райдайæны фыссы уацхъуыд «Æгас цæут», зæгъгæ (13-æм номеры), уыцы уацхъуыды Аслæнбег сиды, ирон адæмæй æфсады чи уыдис, уыдонмæ æмæ сæ ардауы сæ уырыссаг æфсымæртыл. Фыссы: «Цы митæ кæнынц ныртæккæ уырыссаг æфсæддон адæм, цы цæсгом равдыстой, цы æгъдау сæм ис, уый уынут... Сæрибардзинад æнæгъдауы нысан сси ныр æфсæддон адæмты ‘хсæн, фæлæ сымах уыцы хъуыддагыл ма ацæут».

Ацы ран бæлвырдæй ардауы ирон адæмы уырыссаг хæстон адæмыл, пролетариатыл.

Бутаты Аслæнбег ноджы бæлвырддæрæй æвдисы йæ буржуазон-националистон, контрреволюцион зондахаст йе ‘ннæ ахæм уацмысы мидæг 22-æм номеры: «Уырысы къухты мах афтæ фесæфдзыстæм (цавæр уырысы къухты?! Хъ. Хъ.) æмæ нæ цард дæр цард нал у... Адæймаг йæ сæрæн кад куы нæ кæна, уæд уый фос у... Фосæн... фиййау вæййы. Фæлæ адæймагæй хуыцау йæ тых кæмæн нæ райста, уый нæ бахъæудзæн искæйы тых.

Махæн дæр æгъгъæд у... хъуамæ нæхи зондæй кусæм, кæд уый нæ бон нæу, уæд тагъд куы фесæфæм, уæд хуыздæр»... (3-аг æмæ 4-æм номертæ).

Ацы ран ноджыдæр бæлвырддæрæй æргомгонд цæуы Бутайыфырты æцæгæлон контрреволюцион-националистон зондахаст, «Ирон газеты» редактор бæлвырддæрæй цæуы уырыссаг адæмы – пролетариаты – ныхмæ, бæлвырддæрæй сиды ирон адæммæ, цæмæй æдæппæт Уæрæсейы революцион змæлдæй фæиппæрд уой, уый тыххæй æмæ тауы адæмты ‘хсæн буржуазон-националистон ныхлæуд. Бутайы-фырт адæмты талынггæнæн динмæ дæр бадаргъ кодта йæ къух æмæ пайда кæнын байдыдта уымæй дæр йе ‘цæгæлон зондахаст рапарахат кæнынæн.

«Ирон газет» æмæ дины кусджытæ идейон хъуыддагæй

кæрæдзийыл баст кæй уыдысты – сæ нысан иу кæй уыд, уый бæлвырд у уымæй дæр, æмæ «Ирон газеты» 2-аг номеры мидæг 2-аг фарсыл фыст цæуы стыр уацхъуыд æмæ уыцы ран суанг сæрæй кæронмæ дæр цæуы ныхас дины «хорздзинадыл» æмæ æнд.

Политикон уавæр куыд цырындæргæнгæ цыдис, афтæ тыхджындæр, æррадæр кæнын байдыдта контрреволюцион буржуазийы тох Октябры пролетарон революцийы ныхмæ. «Ирон газет» дæр йæ контрреволюцион-буржуазон-националистон æцæгæлон цæсгом ноджы тынгдæр сæргом кодта.

1918 азы «Ирон газет» – националистон-контрреволюцион буржуази æмæ националистон интеллигенцийы сæйрагдæр оргæн – йæхи «Къостайы къордимæ» сбæдтгæйæ, хаста тыхджындæрæй йæ тох социалистон революцийы ныхмæ. «Ирон газет» мыхуыр кодта «Къостайы къорды» уагæвæрд æмæ дарддæр куысты нысæнттæ.

«Къостайы къорд» æцæгдзинадæй контрреволюцион къорд кæй уыдис, уый та бæлвырд кæны йæ уагæвæрдæй. Фыссынц: «Махмæ нæ уыди зæхджынтæ, адæмы туг чи нозта. Махмæ нæ уыди æмæ нæй фабрикты æмæ заводты хицæуттæ, адæмы фæллойæ йæхицæн бынтæ чи арæзта. Æмхуызон адæм стæм мах неппæт дæр. Хохæй, быдырæй алчи дæр цæры йæхи уды фæллойæ» (Кæс 3-аг номер).

Бæлвырд у, «Къостайы къорд» ацы ран ирон адæмы ‘хсæн классон тох, классон дихдзинад кæй нæ кодтой, уый. Уæдæ цæмæй пролетарон революцийæ фæиппæрд уыдаиккой ирон адæм, уый тыххæй дæр фыссы «Къостайы къорд» æргомæй: «Хæсты фæйлауæнтæ махмæ дæр æнхъæвзын байдыдтой, тынг тас у махæн дæр, кæрæдзимæ куы фæуæм, уымæй... фæллойаг у, зилгæ дымгæ куы райса мах дæр».

«Къостайы къорд» сиды, йæ сæр сæрмæ чи хæссы, йæ дзыллæйы фарн чи уарзы, уыдон тагъддæр Къостайы тырысайы бын цæмæй æрæмбырд уой. Фæстиат кæнæн нал ис... зæгъгæ. Æмæ дарддæр фыссынц «Ирон газеты» 4-æм номеры: «Къостайы къорды» тырнындзинад у уый:

а) Цæмæй Ирыстоны ном уа бæрзонд...

б) Нæ рæсугъд ирон æгъдæуттæ сæ бынаты фидар куыд баззайой», æмæ кæронбæттæны фыссынц: «Иунæг хуыцау ахъаз ракæнæд, тых радтæд мæгуыр ирон дзыллæтæн. Нæ дзырд иу куыд уа! Оммен!»

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы ран «Къостайы къорды» националистон буржуазон цæстæнгас у бæлвырд. Ноджы ма бæлвырд кæны ацы ран уый дæр, æмæ «Къостайы къорд» æмæ дины кусджытæ иумæ баст кæй уыдысты, куыд идейон, афтæ практикон хъуыддагæй дæр, уый, æмæ уый тыххæй сидынц хуыцауы номæй «Оммен».

Гъе афтæ уыди «Къостайы къорды» программæ, афтæ уыди йæ контрреволюцион цæсгом.

Мæнæ куыд фыстой дины кусджытæ дæр «Ирон газеты» 5-æм номеры революционерты тыххæй: «Уыцы цардхалджытæ ардауынц... мæгуырты бонджынтыл... Арт æндзарынц уыцы хуыцауы налæттæ ирон адæмы ‘хсæн дæр», кæнæ дарддæр: «Мах никæимæ хæцæм æмæ никæй фарс лæууæм». Сæ даргъ фыстæджы сидынц ирон адæмы иудзинадмæ, æнæ класстыл дихгæнгæйæ фыссынц «Ирон газеты»: «Бафæзмут уæ дина-монджыты æмæ ард бахæрут иу мадæй гуырд æфсымæртау, нæ ирон дин куыд бахъахъхъæндзыстут...»

Сæ фысты кæрон балхынцъ кодтой афтæ: «О бæрзонд хуыцау, фехъуысæд дæм нæ куывд, срухс нын кæн нæ зонд, баиу нæ кæн æмæ нæ бахиз æгадæй, фыдбылызæй! Амин!» Цымæ цæмæ гæсгæ сарæзтой блок «Ирон газет» æмæ «Къостайы къорд» дины куыстгæнджытимæ? Кæй зæгъын æй хъæуы, уый арæзт æрцыд, цæмæй фæллойгæнæг адæмы зондахаст динæй батар кæной, уый тыххæй. Диссаг ма ноджы уый у, æмæ пысылмон, стæй чырыстон дин кæй баиу кодтой. Уый дæр арæзт æрцыд, уымæн æмæ цæмæй ирон адæм дины фæрцы тынгдæр сбæдтой кæрæдзийыл, цæмæй æрфидар уа «æфсымæрдзинад» тугцъиртæ æмæ фæллойгæнджыты ‘хсæн æмæ ирон адæм афтæмæй иппæрдгонд æрцæуой пролетарон революцийæ. Фыстæджы бын сæ къухтæ бавæрдтой авд сауджыны æмæ фондз моллойы. Куыд раиртæстам, афтæмæй ацы «Ирон газет» уыди реакцион, ирон контрреволюцион буржуазон националистты интеллигенцийы – сауджынты, моллоты оргæн.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ Октябры революци куы бацъист кодта дыккаг «Ирон газеты», уæд ма дзы чи аззади контрреволюцион националисттæй, уыдон 1921 азы литературон фронты дарддæр кæй бавнæлдтой се знаггадон куыст хæссынмæ æмæ кæй сарæзтой æцæгæлон журнал «Малусæг».

Малусæгады æцæгæлон цæсгом дæр та бæлвырдгонд куы

‘рцыд, уæд ма «Малусæджы» араздджытæй цы аззад, уыдон сарæзтой ног аивадон журнал «Зиу», зæгъгæ, æмæ та уый дæр дарддæр хаста «Малусæджы» æцæгæлон зондахаст, фæлæ та уый дæр пырхгонд æрцыд.

***Хъ. Хъ.***
*«Мах дуг», 1940, №3*

*Уацы стиль æмæ растфыссынадмæ æвнæлд не ‘рцыд*

## ПИСЬМО ЧЛЕНА ВКП(Б) А.Б. ОЛИСАЕВА

***наркому внутренних дел СССР, секретарю ЦК Н.И. Ежову[2] о контрреволюционном выступлении Х. Халлаева и связи председателя исполкома Д. Тогоева с врагом народа Гамарником.***

*30 июня 1937 г.*

1937 года 13-го января в парткабинете Дигорского РК ВКП(б) Сев(еро)-Осети(нской) АССР, первичная парторганизация Дигорского районного исполнительного комитета прорабатывала статью: «Правые отщепенцы защитники реставрации капитализма». В проработке статьи участвовали члены ВКП(б): парторг Гамаева Лезинка, Калицов Гетагаз, Такулов Петр, Корнаева Дзахират, Халлаев Хамби, Катаев Авсадак (ныне исключен из

[3] Ежов Николай Иванович (1895–1940), партийный деятель, один из руководителей органов госбезопасности, генеральный комиссар государственной безопасности. Член большевистской партии с мая 1917 г. В 1919–1921 гг. – политрук, комиссар радиотелеграфной школы, комиссар радиобазы. С 1922 г. на партийной работе: секретарь Марийского обкома и Семипалатинского губкома РКП(б), секретарь Казахского крайкома ВКП(б). С лета 1927 г. инструктор, а затем зам. зав. учетно-распределительным отделом ЦК ВКП(б). С ноября 1930 г. зав. распредотделом, отделом кадров, промышленным отделом ЦК ВКП(б). С 1934 г. член ЦК ВКП(б): С февраля 1935 по март 1939 г. Ежов председатель Комиссии партийного контроля при ЦК ВКП(б). В сентябре 1936 – ноябре 1938 г. нарком внутренних дел СССР. В 1937 г. Ежов достиг пика карьеры: в июле он был награжден орденом Ленина, а в октябре избран кандидатом в члены Политбюро. Руководимый Ежовым аппарат НКВД, по указанию высшего политического руководства развернул в стране массовые репрессии, жертвами которых стали партийно-государственные руководители, военный состав, сотни тысяч простых крестьян и рабочих, представители интеллигенции и духовенства. Всего в 1937–1938 гг. было осуждено 1344923 человека, в том числе расстреляны 681692 человека. 10 апреля 1939 г. Ежов арестован. Приговорен к смертной казни. Расстрелян.

партии), кандидат партии Битуев Увжико (ныне исключен из партии) и сочувствующий Касаев Банге, где находился и я Олисаев Амурхан Б. Я состою на учете в первичной п/организации РК ВКП(б).

После проработки попросил слово член ВКП(б) с 1918 года Халлаев Хамби и рассказал, что: «т. Сталин был во время т. Ленина в 1922–1923 гг. тоже грубым, и тогда Троцкий написал т. Ленину записку, что т. Сталин грубый и без ведома тебя и меня делает то, что захочет и на основании этой записки т. Ленин вызвал к себе т. Сталина и задает т. Ленин т. Сталину вопрос: знаешь ли, т. Сталин, что я еще жив, или нет? Отвечает т. Сталин: да я знаю, что Вы еще живы. После чего т. Ленин сильно предупреждал т. Сталина, чтобы он не был грубый и без ведома его и Троцкого ничего больше не делал».

Когда Халлаев Хамби закончил вышеизложенное контрреволюционное выступление, то я – Олисаев и Гамаева задали ему, Халлаеву Х., вопрос, где ты читал эти слова и откуда ты это знаешь?

На мой вопрос отвечает Халлаев Х.: «Эти слова мне рассказал Тогоев Даниил, а он работал несколько лет на Дальнем Востоке и ему, Тогоеву Д., рассказал его друг Гамарник».

Я, Олисаев, еще задал ему, Халлаеву, вопрос, где еще слышал и кто еще тебе говорил об этом?

Отвечает Халлаев: «Я еще об этом слышал в 1927 году в городе Москве».

В этот вечер у нас коммунисты, участвовавшие на проработке, не проявили Большевистской бдительности и не разоблачили Халлаева.

Утром я это дело рассказал секретарю РК ВКП(б) Загалову Харитону, а на другой вечер, как только приехал 1-й секретарь РК ВКП(б) т. Рамонов Заурбек[3], рассказал ему. Оба секретаря сказали мне и Гамаевой: «Идите и созовите собрание и обсудите вопрос о Халлаеве». Мы с Гамаевой через день созвали собрание и исключили из партии на пер(вичной)парт(ийной) организации, Халлаева Х. за его контрреволюционное выступление.

Секретарь РК ВКП(б) это исключение Халлаева Х. не рассмотрел до 29-го мая с.г. (с 13-го января с.г.), а 29-го мая с.г. бюро РК ВКП(б) восстановило Халлаева Х., а через день мы читаем в газетах, что Гамарник оказался врагом народа, изменником родины.

---

[3] Рамонов Заурбек Кириллович, 1902 года рождения, уроженец сел. Ардон, осетин, секретарь Дигорского РК ВКП(б). 13.07.1938 г. выездной сессией Военной коллегии Верховного суда СССР приговорен к расстрелу.

После чего я и другие коммунисты стали подозревать Тогоева Даниила, что Халлаев Х. правильно говорил о том, что эти к(онтр)революционные слова действительно передал Тогоев Даниил Халлаеву Хамби со слов его друга Гамарника.

Я, Олисаев, опять рассказал секретарю РК ВКП(б) Рамонову, что дело Тогоева Даниила уже, по-моему, стало подозрительным, может он имел такие к(онтр)революционные беседы с врагом Гамарником и надо поднять этот вопрос. Он, Рамонов, ответил мне: «Ладно», я поговорю с Тогоевым Д. и с Маурером (с секретарем Особкома ВКП(б)).

С11-го июня с.г. по 20-е июня с.г. была областная парт(ийная) конференция, и я ожидал, что Рамонов поднимет этот вопрос, но вопрос не был задан Тогоеву Даниилу.

Когда Рамонов приехал с областной парт(ийной) конференции, я опять обратился к нему и спросил, почему он не поднял вопрос на конференции, когда после конференции об этом Рамонов доложил в Особком ВКП(б).

30-го июня с.г. у нас в Дигорском РК ВКП(б) было закрытое собрание райпартактива, где участвовали 39 человек – (членов) партии, в присутствии зав. ОРПО Севособкома Мзокова и его инструктора Цидаева А. и Абаева Ш[4]. На собрании я, Олисаев, выступил с критикой членов бюро обкома и РК ВКП(б), где я сказал, что коммунисты Дигорского райкома подозревают председателя исполкома Сев(еро)-Осет(инской) АССР Тогоева Даниила, из к(онтр)революционного выступления Халлаева Х., что Тогоев Д. имел связь с врагом народа Гамарником.

После меня попросил слово зав. ОРПО Особкома т. Мзоков сказав, что этот вопрос пустяк и стал предлагать на собрании почитать и даже требовал стенограмму 14-го парт(ийного) съезда, потом говорил, что т. Сталин действительно назвал себя грубым в отношении оппозиции.

После этого Мзоков сказал, что «не надо поднимать такой нелепый вопрос и что даже можно исключить из партии того, кто поднимает такие неясности».

---

[4] Абаев Шамиль Бекмурзаевич, 1878 года рождения, уроженец сел. Христиановское, осетин, член ВКП(б), директор Северо-Осетинского педагогического института. 27.06.1938 г. арестован. 23.10.1939 г. Особым совещанием НКВД СССР дело прекращено за недоказанностью обвинения.

После чего секретарь РК т. Рамонов стал копать изъятую литературу и принес Мзокову три книги: «Партия и оппозиция» «Накануне XV съезда», «Сборник дискуссионных материалов», выпуск I-II-III.

Эти книги и другие, изъятую литературу – 50 экземпляров, разные вредные книги в мае месяце с.г. принес секретарь РК т. Рамонов из своей домашней библиотеки, а до мая месяца держал у себя дома. Он эти книги сдал мне на хранение, а я работаю зав. учетом РК ВКП(б), и книги лежали в моем служебном кабинете до сегодня, а сегодня он, т. Рамонов, мне разрешил сжечь их.

Из вышеуказанных книг (3-х), Мзоков хотел читать какие-то цитаты, но как только районное парт(ийное) собрание узнало, что эти 3 книги давно изъяты, то собрание не дало возможности читать какие-то цитаты.

Он, т. Мзоков, хотел доказать, что к(онтр)революционное выступлениеХаллаева надо понимать, как нек(онтр)-революционное выступление. Я считаю, что т.т. Мзоков и Рамонов защищали выступление Халлаева, и РК ВКП(б) восстановил Халлаева в партию. Мзоков и Рамонов хотели нам на собрании почитать цитаты из изъятой литературы, из пройденного этапа, это грубейшие политические ошибки.

Я лично и все коммунисты Дигорского района подозреваем из к(онтр) революционного выступления Халлаева Х., что Тогоев Даниил имел беседу с к(онтр)революционером, врагом – Гамарником и что был связан с последним.

*А. Олисаев*

Адрес мой:
Сев(еро)-Осетин(ская) АССР
Дигорский РК ВКП(б)
Олисаеву Амурхану Васаевичу.
30, VI, (19)37 г.
Селение Дигора.

ЦГАИПД РСО-А. Ф.Р.12. Оп.1.Д. 18.л.24–26. Подлинник. Машинопись.
Автограф.

# ХОДАТАЙСТВО ЛИШЕНЦА Х. ЦОМАЕВА[5]
## *в городской исполком о восстановлении его в избирательных правах*

*17 декабря 1925 г.*

*В городской исполком*
*гражданина Харлампия Цомаева,*
*бывшего протоиерея*
*Владикавказской Осетинской церкви*

Заявление

Ввиду окончательного выхода моего из состава служителей религиозного культа православной церкви, за снятием сана, о чем мною было объявлено в газетах «Растдзинад» № 31 сего года и «Власть Труда» №273 с. г., прошу восстановить меня как в избирательных, так и прочих гражданских правах, выдав мне надлежащее удостоверение. При сем прилагаю вырезки газет.

*Харлампий Цомаев*

*17/XII, (19)25 г.*
Гор. Владикавказ, ул. Веры Тибиловой №44.
ЦГА РСО-А. Ф.Р.294. Оп.1. Д.1. Л.92. Подлинник. Рукопись. Автограф.

*Чиныг «Репрессивная политика*
*советской власти в Северной Осетии.*
*1920–1930», Владикавказ, 2009.*

[5] Цомаев Харлампий Дмитриевич, 1875 года рождения, уроженец с. Ардон СО АССР, образование среднее духовное, бывший священнослужитель. С 1910 по 1925 год священник церкви Верхне-Осетинской слободки. С 1925 г. после снятия сана священника занимался литературной деятельностью, работал в газете «Растдзинад». 10.09.1936 г. арестован, 27-29 апреля 1937 г. спецколлегией Орджоникидзевского райсуда приговорен к 10 годам лишения свободы. 27.12.1937 г. тройкой НКВД СО АССР приговорен к расстрелу.

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

## ГУЫЦМÆЗТЫ МИХАЛ

*(1930–1984)*

*Гуыцмæзты Уасилы фырт Михал райгуырди 1930 азы 2 мартъийы Цхинвалы районы Гуыцмæзты (Ортъеуы) хъæуы. 1948 азы каст фæци Уанаты астæуккаг скъола, 1952 азы та – Хуссар Ирыстоны педагогон институт.*

*Уый фæстæ Михал кусын райдыдта – газет «Коммунист»-ы редакцийы, стæй та журнал «Фидиуæджы». Фæстæдæр сси Хуссар Ирыстоны чингуыты рауагъдады редактор.*

*Михалы уацмыстæ мыхуыры зынын райдыдтой 1950 азæй фæстæмæ. Йæ фыццаг чиныг «Намыс» рацыди 1959 азы, дыккаг («Хъуыдыты зилдухæны») – 1961 азы, æртыккаг («Тæргайгæнаг») – 1965 азы. Стæй йын фæд-фæдыл цыдысты романтæ «Æцæгæлон» «Æууæнкхортæ», радзырдтæ æмæ уацауты чиныг «Кæлмхæрд удтæ», пьесæты чиныг «Фыдæлты уæзæг»...*

*Михал амарди 1984 азы 12 ноябры.*

*ГУЫЦМÆЗТЫ Михал*

## ДАРГЪ ДЗЫККУТÆ

*Радзырд*

Цæст кæй нæ уыны, уый зæрдæйæ рох у, фæзæгъынц. Уый мæнг у.

Цалдæр боны нал федтон мæ цардæмбал Ацырухсы, æмæ мæ зæрдæ æнцойдзинад нал ссардта мæ риуы. Цыфæнды сылгоймаджы ма фенон, – алы хатт дæр мын Ацырухсы æрымысын кæны.

Курорттæ æмæ санаторитæ сылгоймæгтæ бирæ ис. Семæ дæ аныхас кæнын бафæндæд, æндæра... Сæ хъазт, сæ мидбылхудтæй лæджы уæлармæ сисынц. Сæ иу дæ иннæмæй йæ кæлæнгæнæг цæстытæй давдзæни...

Зæрдæ хивæнд у, æгæнон... Иу æмæ дзы дыууæйы уацары

нæ бахауы. Зонд, хъæбатыр салдатау, йæхи нæ дæтты. Уайтагъд дын дæ цæстытыл ауайын кæндзæн дæ удыхайы æмæ, кæд лæг дæ, уæд ма уæлдай змæлд фæкæн!

Мæ цæстытыл арæх уайы мæ удыхай мæнæн дæр. Æрымысын, санаторимæ мæ куы фæндараст кодта, уыцы бон. Къæвда къæртайæ калæгау кодта. Мæ цардæмбал куы уынгмæ каст, куы та – йæ цонджы сахатмæ. Йæ цæсгом ныттар, нырхæндæг. Зын мын уыд йæ тыхстдзинад уынын, стыр зын, æмæ мын кæд цæуынафон нæма уыд, уæддæр фæтагъд кодтон. Мæ чумæдан мын кæм лæвæрдта.

– Иучысыл-ма фæлæуу, нырма раджы у, – дзырдта мын Ацырухс.

– Къæвда тыхджынæй-тыхджындæр кæны, – уыдис ын мæ дзуапп.

– Цом уæд та, афæндараст дæ кæнон.

– Ахæм къæвдайы уанцон нæу? – сыбыртт æй не суагътон.

Сывæллæттæ мæм сæхи æрбайстой:

– Баба, æз дæ афæндараст кæндзынæн.

– Æгонгæй, баба, мæн ауадз.

– Баба мæн кæны. – Сæ иу иннæйы дзыхæй иста ныхас.

– Уæ иу дæр нæ æмæ уе 'ннæ дæр, – загътон сын æз.

Сæ бон куы базыдтой, уæд ныхъхъус сты.

Ацырухс кулдуары онг мæ фæдыл рацыд. Йæ уадултыл дыууæ ставд цæссыджы æрхъуызыд. Тæрккъæвда сæ ахсадта.

– Куыддæр ныццæуай, афтæ писмо рарвит, – мæ хъуустылма ауад йæ ныхас, стæй автостанцæмæ атындзыдтон.

Санаторийы раз къаддæр къæвдайы не 'рхызтæн автобусæй. Иннæты куыд суазæг кæнынц, мæн дæр афтæ...

Мæ палатæйы сынтæгыл мæхи æруагътон. Æнæхъæн æхсæв поезды цæуæг, фæллад, фæлмæцыд адæймагæн афынæй цы зын у!

– Уæлæмæ, уазæг, ахоæн скæн. – Æнæзонгæ сылгоймаджы ныхас мæ райхъал кодта. Йæ хæлар мидбылхудт мын мæ хуыссæг фæсырдта. – Цом æмæ дæ ныффыссын кæнон, науæд æххормагæй баззайдзынæ. – Мæ разæй фæцæуæг хæрæндонмæ. – Мæнæ, гъе, ацы стъолыл хæрдзынæ, – загъта мын, æмæ йæ мæ цæст дæр нал ауыдта.

Æртæ сылгоймаджы цур стъолы фарсмæ афтид бандоныл æрбадтæн. Аивæй сыл мæ цæст ахастон. Сæ иу – мæ ныхмæ бадæг – стæвдтæ конд. Йæ цæсгом кæмдæрты фенцъылдтытæ,

фæлæ йæ зылдцух нæ уадзы. Хос ын йæ уадултæ арæх кæй æвдæрзы, уый йæ бакастæй бæрæг у. Йæ цæстытæ йæ алыварсбадджытыл зыд рагæпп-багæпп кæнынц. Æппынфæстаг ын мæныл æрæнцадысты.

– Дзæбæх товар у, раст æз цахæм уарзын, ахæм, – йæ рахизфарс цы чызг бадти, уый хъусы бадзырдта, æз æй куыд фехъуыстаин, афтæ. Æз цыма ницы фехъуыстон, мæхи афтæ равдыстон.

Чызг ныппыррыкк кодта, стæй йе 'мныхасгæнæгмæ баздæхт:

– Дæ цахъхъæнтæ зæнæджы зæнæг хъомыл кæнынц.

Æхсызгон мын уыд, кæй йæ бафхæрдта. Уый йæ цыма нæ бамбæрста. Бахудт:

– Нæма мæ фæнды ме 'взонгадæн хæрзбон зæгъын.

– Уæдæ ма æз та цы зæгъон? – ног та сдзырдта чызг æмæ йæ сау, цыбырцагъд дзыккутæ йе уæхсчыты сæрты фæстæмæ ассыдта, стæй йе 'нгуылдзтæй йæ сынтбазыр къæлæт æрфгуытыл фæйнæрдæм ахæцыд, цыма сæ сраст кæнынмæ хъавыд.

– Адонмæ куы хъусай, уæд æххормагæй баззайдзынæ, фæлæ уал исты ахæр, – мæ хъустæ ацахстой æртыккаг сылгоймаджы ныхас. Æз æм фæкастæн æмæ дзы фефсæрмы дæн. Цы хæсджын у æнæзонгæ сылгоймаг: ды искæй дам-думтæм хъусай, уый та дын официанткæйæ хæринæгтæ иса.

– Бузныг! Мæн тыххæй цæмæн бафыдæбон кодтай? – загътон ын æмæ къæбæр мæ дзыхмæ схастон. Уый мæм йæ дыууæ цъæх фæрдыг цæстæй фæхудти:

– Æфсæрмы ма кæн. Адæймаг æрмæст йæхи тыххæй нæ цæры...

Йæ ныхæстæ мæм дзæбæх фæкастысты, зæнджын. Мæ сæрæй йын бузныджы нысанæн акуывтон. Нæ кæрæдзимæ фемдзаст стæм. Сылгоймагæн йæ цæстытæ, судзгæ цырæгътау, ферттывтой. Йæ цæсгом хурау бахудт, йæ сæр кæрдиппæрд æфсирау фæкъул. Йæ мыдадзхуыз дзыккутæ йæ уадултыл æркалдысты, цыма йын йæ урсцъар цæсгом мæнæй æмбæхстой. Йæ рæсугъд къуыбыр риуты 'хсæн къаннæг дзыхъхъæй мæ цæстытæ тыхыскъуынæгау ракодтон. Нырма йæ нарæг, æлвæст астæуыл атыхстысты, стæй уыцы схъиуд ракодтой æмæ сæ тъæпп йæ гом зæнгтыл фæцыд. Фыццаг хатт федтон ахæм даргъ рæсугъд æмæ рæхснæг, уырыдзыхуыз зæнгтæ.

Сылгоймаг,цыма мæ фыдæнæн сыстад:

– Иунæгæй дæ уадзын, фæлæ бахатыр кæн.

Иунæгæй... Æмæ мæ цал æмæ цал хатты ныууагъта иунæгæй, фæлæ, æппынфæстаг... Цыма мæ разы бабадт – къæсæргæрон ыл хæрхæмбæлд фæдæн. Цæмæй дзы фæтарстæн, нæ зонын. Ме уæнгтæ цыдæр æнахуыр рызт бакодтой. Йæ иувæрсты ахизынмæ хъавыдтæн. Уый мæм йæ къух æрбадардта:

– Ныр цал боны бадæм иу стъолы фарсмæ æмæ нæ кæрæдзи ма зонæм, уый аив нæу. Мæ ном – Таня.

Йæ фæлмæн къух ын куы райстон, уæд цыма ме уæнгты ток ахызт. Тыххæй ма бафæрæзтон зæгъын:

– Мæ ном та – Батыр.

Таня йæ мидбылты фæхудт:

– Æмæ æххæст хъæбатырæй цæмæй фæтарстæ?

– Бег кæй дæн, уый дæр мæм æгæр кæсы. Мæ дæлгоммæ ныхас мын фембæрста æмæ та ног фæхудти.

– Батырбег? О, уый хорз ном у, тынг хорз...

Æз ын йæ ныхас фескъуыдтон:

– Адæймагæн кадгæнæг ном нæу. Номгæнæг адæймаг йæхæдæг у.

– Уымæй раст дæ, – загъта, – фæлæ мæ фыд-зæрдæйы нæмттæй хай ма фæуа.

Ныхæстæгæнгæ ныл рæстæг атахт.

Кæртæй мæ хъустæ ацахстой фæндыры цагъд. Мæ сæнттæ мæ цыдæр æнахуыр музыкæйы дунемæ ахастой.

Мæ хъуыдытæ мын фескъуыдта йæ ныхас:

– Цом æмæ дзы фæйнæ кафты æркæнæм.

– Æз кафын нæ зонын, – афсон кодтон æмæ мæ палатæмæ рацæуынмæ хъавыдтæн. Уый мæм йæ цæстытæ, лæгъстæгæнæгау, сзылдта:

– Уæд та цом уæлæ уæлбылырдæм – нæхи аирхæфсæм.

Дзуапмæ дæр мæм нæ банхъæлмæ каст. Мæ фæрсты фæцæуæг. Цыма мын мæ хъуырыл бæндæнæй анцад – æвæндонæй араст дæн æз дæр.

Иучысыл нæ суайын хъуыд хæрды. Цыма мæн амæстæй марынæн, – йæхи мæ разæй цæуæг фæкодта. Мæ цæстытæн мын сæ развæндаг ахгæдта. Йæ синтыл æрцауындзæг сты. Мæнæ йын сæ цыма хорз ныввгæнæг æрхæххытæ кодта. Уæлдай змæлд, уæлдай тæлфт нæ кæнынц.

Уæлбыл стыр наз бæласы бын дидинвæлыст, цъæх хъæдабæ

кæрдæгыл йæхи уæлгоммæ ауагъта. Йæ цыбырæлвыд дзыккутæ бындзыггай кæрдæгыл æркалдысты. Йæ кæлæнгæнæг цæстытæ мæ, судзгæ стъæлфæнтау, басыгътой. Йæ мидæнкъарæнтæ сæ айдæнау разындысты. Ме уæнгтæ бадон сты. Мæ уæрджытæ фæцудыдтой æмæ йæ фарсмæ æрхаудтæн. Афтæ иудзæвгар, уыцы æгуыппæг, æнæзмæлгæ, нæ мидхъуыдыты стъалытæ нымадтам. Æрæджиау йæ иу фарсыл æрзылд. Нымдзаст мæм. Æз сыстынмæ хъавыдтæн. Уый мын мæ къухыл æрхæцыд. Ног та мæ мидбынат æрхаудтæн. Ног та мæм нымдзаст и. Сабыр, æгуыппæгдзинад ныл йæ пæлæз баппæрста. Æрæджиау мæм Таняйы хъæлæс куыддæр ризæгау райхъуыст:

– Ус дын ис?

– Ис!

– Рæсугъд у?

– О, тынг рæсугъд...

Таня фенкъард и. Йæ цæстытæ, фæззыгон асæст бонау, ныттар сты, стæй, фыддымгæ мигъты куы фæсура æмæ та хур се 'хсæнæй куы ферттива, уыйау йæ цæстытæ, судзгæ цырæгътау, ферттывтой æмæ та мæм ног нымдзаст и. Нæ зонын, цæмæн мæм афтæ фæкаст, цыма мын уайдзæф кодта: цæмæн гæды ныхæстæ кæныс? Мæ цуры йæ рæсугъд куыд рахуыдтай?

Ног та сдзырдтон:

– О, ме 'фсин рæсугъд у, тынг рæсугъд... зæрдæйæ...

Таня йæ мидбылты бахудт:

– Мæнæй рæсугъддæр у?

Цы дзуапп ын радтаин? Фæтыхстæн. Мæ дызæрдыггаг хъуыды ме 'взаджы цъуппыл абадт.

– Нæ зонын.

Сæ рæсугъддзинад сын цæстæнгасæй барстон. Ныхъхъус дæн. Ныхъхъус и уый дæр. Æрæджиау та уæлдæфы сабырдзинад Таняйы ныхас фехæлдта:

– Стæвд дæн, – загъта æмæ йæ цъæх жакет феппæрста.

Судзгæ 'хсидавы ма, дам, фæтæген хъуыд æмæ йыл æй бакалдтой. Раст цыма арты смидæг дæн. Мæ цæстытæ атартæ сты, мæ сæр разылд. Мæхи куы æрæмбæрстон, уæд кæсын, æмæ йæ чысыл, фæлмæн армытъæпæн – мæ къухы, цыма æз дохтыр уыдтæн, уый та – рынчын æмæ йын йæ цонджы пульс бæрæг кодтон. Ног та фемдзаст стæм. Исдуг мæ цæстытæ стъæбæртт-тъæбæртт кодтой, стæй йæ зырнæй зылд къуыбыр

риутыл сæхи фæллад уагъд æркодтой. Йæ цыбыр хъуырзылд къаба сын сæ рæсугъддзинад нæ бамбæхста. Йæ тагъд-тагъд улæфтæй æхсызгон змæлд кодтой. Сыгъдæг, сатæг уæлдæф мын нал фаг кодта. Йæ цыбырдым къаба, мæ фыдæнæн, йæ синты сæр абадт.

– Тæхуды, ныр денджызы уылæнты дæхи баппар, – йæ ныхасæй мæ æрчъицын кодта. Цыдæр ризæг мыл бахæцыд. Мæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп, хъæсдарæг хойæгау, райхъуыст. Тыххæй ма бафæрæзтон зæгъын:

– Ам денджыз нæу. Мæнæ хъæдрæбын цъæх нæууыл бадæм.

Таня мæ, дисгæнæгау, афарста:

– Зæгъ-ма, сывæллæттæ дын ис?

– Ис!

Уый йæ худын нал баурæдта:

– Æз та афтæ æнхъæлдтон, зæгъын, кæд фырæфсæрмæй æнæзæнæг баззадтæ.

Цы бамбарын мын хъуыд йæ дæлгоммæ ныхас. Æнæкардæй мæ аргæвста. Æгад мæм фæкаст, тынг æгад йæ ныхас. Фæсмоны æнкъарæн мæ ныццавта: цæмæн рацыдтæн йемæ, цы мæ нæ уагъта? Исдуг афæнд кодтон, систон æмæ дзы алидзон, фæлæ адæймаг хиуарзон куыд нæ у: æгады тас мæ мæ мидбынат, зæгæлау, ныххуыдта. Мæ цæсгомыл мæ къух сисынвæнд скодтон. Мæ намыс мæ разы, цæлхдурау, слæууыд. Ног та мæ цæстытыл æппæт дæр ауад. Зæрдæ та æрымысыд алцы. Мæ цардæмбал Ацырухсæн мæ уарзондзинад куы раргом кодтон, уыцы изæр... Арв – райдзаст, уæлдæф – сыгъдæг. Нæ къæвдайæ тас у, нæ рыг, афтæмæй тезгъо кæнæм рæсугъд асфальт уынджы, æвзонг тала бæлæсты бын тротуарыл æз æмæ Ацырухс... Цæуæм, тезгъо кæнæм сæ хæстæджыты раз. Чысыл куы адард вæййæм хæдзарæй, уæд та фæстæмæ фездæхы. Æфсæрмы кæны, сæ зæрдæ мыл куы бахуда, зæгъгæ...

Дзурын... Дзургæ нæ, лæгъстæ йын кæнын:

– Бауарзтон дæ, тынг дæ бауарзтон... Мæ бон нал у æнæ дæу фæцæрын.

Нæ зонын, æцæг дзырдтон?.. Нæ зонын... Цы у уарзондзинад? Абон дæр ма йæ нæ зонын. Æз иу хъуыддаг зонын æрмæстдæр: цы бон мæ цардæмбалы нæ фенын, уыцы ‘хсæв мæ хуыссæг фæхауы. Фыднизæй рынчын адæймагау мыл цыдæр утæхсæн бафты. Нæ зонын... Фыруарзондзинадæй, æви йыл

сахуыр дæн?.. Ныр сывæллætты хицау стæм, мад æмæ фыд, уæддæр... Æппынæдзух мæ цæстыты разæй не ‘фты йæ фæлгонц. Æхсæв фыны иумæ стæм, бон – хицæнтæ. Хаттæй-хатт фæзæгъын: нæхимæ ацæуон, фæлæ та Ацырухсы ныхас мæ зæрдыл æрбалæууы:

– Дæ рæстæгæй раздæр та ма ‘рмидæг у... Сывæллон нал дæ. Дæхимæ ‘ркæс.

Æппынæдзух мæ цæстыты раз нывгонд у йæ фæлгонц. Уæлдайдæр та йæ чызгон хуыз. Йæ нарст, дæргъæлвæст цæсгомыл ын цыма йæ къаннæг фындз исчи къухæй аныхæста. Йæ цæстытæ, судзгæ цырæгътау, тæмæнтæ калынц. Дыууæ бæзджын, сау æрфыджы сыл, къæлæттау, æртыхстысты. Йæ даргъ мыдхуыз дзыккутæ дыууæ быдæй куы йæ къаннæг къуыбыр риутыл фæхъазынц, куы – йæ фæсонтыл. Иууыл тынгдæр та йе ‘рвхуыз къабайы фæуайы мæ цæстытыл. Рæсугъд зæнгтæ æмæ хæрзконд синты сæр йæ нарæг астæу уæлдай лыстæгдæрæй уыцы къабайы разыны, цыма йæ нықъкъæрцц кæнынмæ бирæ нал хъæуы. Куыд тынг æй уарзтон, куыд æхсызгон æнкъарæнтæ мæм æвзæрын кодта уыцы къаба! Иумæ куы бацардыстæм, уæд ын цал æмæ цал хатты бахуыйын кодтон ахæм æрвхуыз къаба. Ацырухс-иу мын, мидбылхудгæ, загъта:

– Уанцон нæу... Адæм афтæ æнхъæлынц, цыма мæ кæддæры æрвхуыз къаба ихсийы...

Æз ууыл хъуыды дæр никуы акодтон. Ныр дæр ма дзы арæх фæдомын ахæм æрвхуыз къаба, фæлæ нал... Ацы фæстаг азты мæ ныхас, мæ лæгъстæйæ ницыуал цæуы. Фæзæгъы мын:

– Цæмæй ма ахæм хуыд къаба скæнон, уый тыххæй мæ мæ чызгон уæнгтæ, мæ кæддæры нарæг астæу хъæуынц, – æнкъардæй-иу мæм райхъуыст йæ хъæлæс. Афтæмæй та мæм ныр хаттæй-хатт уæлдай рæсугъддæр фæкæсы. Йæ кæддæры цыргъ роцъо цыдæр æнахуыр тымбыл сси. Иннæ ахæм йæ урс дæллагхъуыр чысыл уырдыгмæ фæкъуыпп æмæ йын уыдон йæ цæсгоммæ цыдæр ног рæсугъд ахорæнтæ бафтыдтой. Æцæг, йæ дзыккутæ йæ фæсонтыл дыууæ быдæй нал кафынц. Раст ын цыма хурмæ æрбампылдысты. Ацырухс сæм, мæнæн фыддæрадæнгæнæгау, хæсгард уыцы цæрдæг дары. Хатгай йе уæхсчыты онг куы ‘рирвæзынц, уæд ын йæ азтæй цалдæр аппарынц, æмæ йæ цæсгом уæлдай рæсугъддæрæй разыны. Ныр ын цал хатты загътон:

– Куыд хорз, куыд рæсугъд мæм фæкæсыс, дæ дзыккутæ

дын де уæхсчытыл калдæй куы фенын...

– Сæ дзыккутæ афтæ æвзæнгтæ фæдарынц. Æз та ныр æртæ хъæбулы мад дæн, – дзуапп мын ратты Ацырухс, стæй ма йæ ныхасмæ бафтауы. – Кæд дæ дзыккуджын ус хъуыд, уæд мын сæ сæхи адыл æруагътаис.

Ме ʻвзаг мæ комы цæуылнæ бахус, æрвылбон ын алвын сæ, алвын сæ куы дзырдтон, уæд.

Фыццаг куы базонгæ стæм, уыцы изæр дæр ыл йе ʻрвхуыз къаба уыд. Йæ даргъ дзыккутæ змæлыдысты дыууæ быдæй йæ фæсонтыл... Цæуæм, тезгъо кæнæм... дзурын, лæгъстæ йын кæнын, цæмæй мын бакома, уый та хынджылæг скъæры. Бæрæг у йæ ныхас, йæ цыдыл – мæ ныхас æм нæ хъары. Цыдæр мæ амондæн мæ цæстыты раз сыстадысты ме ʻвзонджы бонтæ – мæ фыдæбæттæ. Цæмæн?.. Нæ зонын... Абон дæр ма дис фæкæнын. Мæ царды æппæты зындæр цы бавзæрстон, уыдонæй йын цыдæртæ радзырдтон. Мæгуыр, сидзæр йе ʻвзонджы бонты цъус дудгæбонтæ нæ бавзары. Раст ын цыма æнахуыр аргъау кодтон. Йæ цæстытæ доны зылдысты. Хæдзары кулдуары раз æм фемдзаст дæн. Исдуг нæ кæрæдзимæ кæсгæйæ баззадыстæм, стæй нæ къухтæ, æгасцæуайгæнæгау, андæгъдысты. Уый фæстæ нæ былтæ кæрæдзимæ сæхи балвæстой...

Фыццаг хатт банкъардтон адæймаджы зæрдæхцон комулæфт.

Ног та нæ кæрæдзимæ нымдзаст стæм. Иу дзырд, иу сыбыртт нæ никæмæйуал хауд. Æрæджиау мæ, тæрсгæ-ризгæ, райхъуыст:

– Цы мын зæгъыс?

– Мæ мад, мæ фыд куыд зæгъой, афтæ. Ме ʻфсымæрты дæр афæрсын хъæуы, – уыд йæ дзуапп.

Иунæг хо сын уыд. Тынг сæ аргъуыц кодта. Тынг æй уарзтой сæхæдæг дæр. Йæ зæрдæ сæ кæмæн стыдтаид, – нæ йын фæрыстаид. Ме уæнгты цыдæр ныфсы таг ахъазыд. Фырцинæй мæ ныззарынмæ бирæ нал бахъуыд, афтæмæй та уæды онг зарæджы сæраппонд мæ дзых дæр никуы бахæлиу кодтон. Æнхъæл нæ уыдтæн, мадæй, фыдæй, æфсымæрæй мæ ныхмæ сыстдзысты, æгæрыстæмæй йæ чындзытæ дæр, йæ фыдыфсымæры лæппутæ. Æцæг дзы чидæртæ ме ʻвварс дæр фæци. Æз æппæт уыдæттæ развæлгъау кæм зыдтон! Æхсæв мыл фырцинæй хуыссæг нал хæцыд. Бонырдæм чысыл афынæй дæн æмæ федтон диссаджы фын: цыма мæ тæккæ раз айтынг и стыр

цъæх-цъæхид денджыз. Йæ астæуæй мæм, цыкурайы фæрдыгау, цыдæр æрттивы. Кæсын æм æмæ – Ацырухс. Йæ къух мæм тилы, дзуры мæм: «Тагъддæр, тагъддæр мæм æрбаленк кæн, науæд мæ ныртæккæ денджыз аныхъуырдзæн, æмæ нæ кæрæдзи нал фендзыстæм!» Цæуын, тындзын, ленк æм кæнын, фæлæ марадз зæгъ... Денджызы уылæнтæ мæ ныхмæ слæууыдысты. Нырма фæстæмæ ацæуынц, стæй та мæм сæхи раскъæрынц æмæ мæ уыцы знæт цæф фæкæнынц. Мæ тых, мæ хъару байсыст, фæдæлдонмæ мæ бирæ нал хъуыд. Уæд мæм денджызы æрфæнæй иу урсзачъе зæронд лæг рахызт. Исдуг мæм кæсы æдзынæг, стæй мæм дзуры: «Дæ гæрзтæ ма аппар, лæппу! Денджыз куы сызнæт уа, куы схъыза, йæ ныхмæ тох уæд хъæуы, уæлдайдæр та дæу. Уыцы чызгимæ ис дæ амонд, æндæр ран æй ма агур, фæлæ архай, æрмæст афтæ нæ, ды йæм кæуылты бацæуынмæ хъавыс, ууылты дæ фæндаг æхгæд у, фæлæ дæрдты æрзил, кæд дæ дæ амонд ссарын фæнды, уæд». Цыдæр зæгъынмæ йын хъавыдтæн, фæлæ æвиппайды зæронд лæджы денджызы знæт уылæнтæ аныхъуырдтой. Ног та сæхи рауагътой мæнмæ дæр. Æз сæ иувæрсты мæхи айстон. Цæуын, тындзын, ленк та кæнын, фæлæ мын фæхæццæ кæнын нал æнтысы. Æппынфæстаг æм баввахс дæн. Ацырухс мæм йæ къух фæдардта. Æз ыл куыддæр фæхæст дæн, афтæ фехъал дæн.

Уыцы фын куы федтон, уымæй къуырийы размæ Ацырухс йæ хæстæджытæн хæрзбон загъта æмæ сæхимæ ацыд, æз та йæ фæндараст кодтон. Автобус фенкъуыст æмæ, цалынмæ дард кæмдæр фæзилæны нæ фæаууон, уæдмæ мæ цæстытæ йæ фæдыл рацæйхаудтой. Йæ дыккаг бон фехъуыстон: æхсæв цы стыр къæвда 'рцыд, уый фæндæгтæ фехæлдта. Æнæхъæн мæймæ дæр, дам, нал снывыл уыдзысты. Загътон: банхъæлмæ кæсон, фæлæ уыцы фын куы федтон, уæд ма мæ цы баурæдтаид?..

Æртæ суткæйы поезды цæугæйæ, афтæ бафæлладтæн, раст мæ цыма исчи фæхты ныххоста. Арæнхъахъхъæнæгау лæугæйæ, æппынæдзух дзагъырдзастæй кæй бон у! Хуыздæр билет мæ нæ фæци. Цыппæрæм æхсæв, бынтон фыдæхсæв, Ацырухсты хæдзары фæдæн. Æз æм кад æмæ æгъдауæй нысан уадзынмæ ацыдтæн, йе 'фсымæртæ та мæм лæбурдтытæ систой: «Чи у, кæцон у, зонгæ дæр æй куынæ кæнæм, уæд куыд йæ ныфс бахаста нæ хомæ курæг?!» «Мæ иунæг чызджы дæлæ стыр цæугæдонæй фалæмæ ницы хъуыддаг ис. Нæ тыхст, нæ цины

сахат хъуамæ нæ уæлхъус уа!» – хъуынтъызæрфыгæй дзырдта фыд дæр. Йе стыр даргъ рихитæ мæсты дауд кодта. Мады зæрдæ йæ чызгмæ фæтасы æдзухдæр. Зыдта Ацырухсы хъуыды æмæ лæджы сабыр кодта: «Иунæг чызг, дам... Уæдæ йæ мæнæ стъолы къахмæ бабæтт... – Стæй та лæппутæм феххæлд. – Æй, сымах та уæ дзыхтыл æрхæцут! О, о, афтæ... Мæ чызг йæ амонд ссарынхъом у йæхæдæг. Фыццагон рæстæг нæу, мыййаг».

Æфсымæртæй хистæры кæстæр æргом ницыуал дзырдта, æрмæст иннæты сусæгæй ардыдта мæ ныхмæ. Сæ хистæр – æргомдзырд – дзургæ къаддæр кодта, фылдæр – арсау лæбургæ. Иу хатт мын йе стыр тымбыл къух мæ былтæм дæр æрбахаста. Æввахс хиуæттæ, æрвадæлтæ йæ баиргъæвтой. Уæд мæ сæ чындзытæй иу, загъд ныссабыр кæныны тыххæй, райдыдта æппæлын:

– Сæ горæты Батырæй хуыздæр цæрæг йæхицæй мачи раппæлæд. Кæд дзы искæмæн бæрзонд, дардыл фæлгæсæг бæстыхай ис, уæд – Батырæн. Йæ цинк зестæй æмбæрзт агъуыст бирæ хæдзæртты аргъ у йæхæдæг. Хъæздыг, æмбаргæ, æмæ уæ чызджы амонд ма судзут...

Æгад мæм фæкаст, тынг æгад, йæ ныхас. Рагæй дæр æргомдзырд дæн, æнæппæлой, сæрныллæг. Фæлывд ныхас нæ бабыхста мæ зæрдæ. Загътон:

– Цæй хæдзар мын ис горæты? Кæмæдæр фатеры цæрын. Нæхимæ мын хъæуы дыууæ æнæбары уаты ис æрмæстдæр. Горæты хæдзар скæнынæн бирæ цыдæртæ хъæуы. Æз та нырма ацы аз фæдæн уæлдæр ахуыр. Æртæ, цыппар мæйы дæр нæма кусын.

Ацырухсы хистæр æфсымæр мæ дзурын нал суагъта:

– Æппæт æргом кæм загътай, уым æнæхин, рæстаг адæймаг дæ, æмæ нæ хо кæд йæхи дæу тыххæй доны æппары, уæддæр ын «нæ» нал зæгъын.

Сæ фыд исдуг ныдждзих, стæй йе стыр пух рихитæ йæ къухты æнгуылдзтæй асæрфæгау кодта æмæ мæм æдзынæг ныккаст, цыма чи дæн, ды дæн, уый мын мæ цæсгомыл бакæсынмæ хъавыд, уый фæстæ йæ цардæмбалмæ баздæхт:

– Ды раст дæ, æфсин, тынг раст... Фондзыссæдз чызджы кæмæн вæййы, уымæн дæр дзы йæ цуры ничи баззайы. Афтæ у цард, цы кæнæм? – загъта æмæ уæззау ныуулæфыд.

Дзадджджын фынджы фарсмæ чи бадт, уыдон кæрæдзимæ

сæ цæстытæ æхсызгон ныкъуылд æркодтой æмæ сæ арахъхъы агуывзæты къæрцц фæцыди. Цыма талынг, æнуд бынатæй раирвæзтæн, сæрдыгон сатæг уæлдæф мæ риуыдзаг æхсызгон улæфт скодтон.

Уыцы бонæй къуыри дæр нæма рацыд, афтæ нын æрдхæрæны чындзæхсæв ныззылдтой æмæ нæ кафгæ, заргæ рафæндараст кодтой. Æппынфæстаг фæндыры хъæр поезды æнæрæнцой уынæрæй раивта. Афтæ мæм каст, цыма нын цыдæр сусæг музыкæ цагъта.

Кæсын æдзынæг Ацырухсмæ. Мæ цæст дзы нал исын. Иу æмæ мæм дыууæ хатты нæ фемдзаст йæхæдæг дæр.

– Цы мæм кæсыс? – иуахæмы та куы фемдзаст стæм, уæд мæ йæ мидбылхудгæ афарста.

Мæ зæрдæйы сагъæс дзы нæ басусæг кодтон. Загътон ын:

– Тæригъæд дын кæнын... Дæ хорз хæдзæрттæй æнæхæдзары фæдыл цæуыс...

Ацырухс исдуг ныхъхъус, стæй сдзырдта:

– Ницы кæны...

Æнкъарддзинадæй йын мур ницы рахатыдтон йæ цæстытыл, фæлæ йæ кæйдæр хæдзары мæ фатермæ куы бакодтон, уæд, фæззыгон тар бонау, йæ цæсгом сасæста. Къаддæр нæ ныттар мæ цæсгом дæр. Мæ хæстæджытæ, мæ хиуæттæй иу адæймаг нæ размæ нæ рацыд. Мæ фыд-зæрдæйæ мачи мацы 'нхъæл уа. Сидзæр, æнæхæдзар кæй хъæуы?.. Уæддæр хорз уыд, æмæ нæ Ацырухсы хиуæттæ æмæ ме 'мбæлттæ иу цалдæрæй нæ ферох кодтой. Суанг вагзалмæ ссыдысты нæ размæ.

Зын мын уыд, тынг зын, мæ фатеры дуар æхгæдæй куы федтон, уæд. Куыддæр æй бакодтон, афтæ рудзынджы дæлвæйнæгыл иу мыст ауыдтон. Раст ын цыма хæсгонд уыд, уыйау мын мæ гæххæттытæ йæ лыстæг пирæн дæндæгтæй кæрдæнтæ кодта. Уæддæр мын æхсызгон уыд йæ фенд. Мæ фыд-зæрдæйы уаты змæлæг ма уæд. Нæ къæхты хъæрмæ сынтæджы бын фæмидæг.

– Амондджын къахбавæрд уын фæуæд, – куыддæр сдзырдта чидæр, афтæ мæ уæздан авгæй конд донгарз стъолыл хъæлтæ фæхаудта.

Уæд алырдыгæй райхъуыст ныхæстæ:

– Амондджын стут, стыр амондджын!..

– Алчи йæ мигæнæн барæй фæсæтты, сымахæн та йæхæдæг...

Нæ уазджытæн æхсызгон уыд, мæнæн – хъыг. Уыцы иу рæстмæ мигæнæн мæм уыд. Иу аг, иу къус æмæ ма мæм иу уидыг баззад, æниу студенты æндæр цæмæн хъуыд, фæлæ ныр...

Ацырухс къуымты йæ цæстæнгас ахаста, æмæ йæ цæсгом ноджы фæтар. Иунæг æз ын бамбæрстон йæ зæрдæйы уаг. Уазджытæ йæ фиппайгæ дæр нæ бакодтой. Нæ фæндаггæгтæй нын акуывтой, цыдæртæ ахордтой, анызтой, стæй нын хæрзæхсæв загътой.

Куыддæр иунæгæй аззадыстæм, афтæ Ацырухсы афарстон:

– Цæй, куыд у? Геныр дæр дæ нæма бауырныдта, кæдæм æрцыдтæ, уый?

Ацырухс исдуг ныхъхъус, стæй афтæ бакодта:

– Кæдæм цыдтæн, уый зыдтон, фæлæ дæ къуымтæ афтæ афтид сты, уый æнхъæл нæ уыдтæн...

– Ныр сæ кæд истытæ фæзынид, – ныфс ын авæрдтон æмæ уат кæнынмæ бавнæлдтон.

– Цы архайыс? Уый сылгоймаджы куыст у. – Хъæццул мын мæ къухæй райсынмæ хъавыд. Æз ын не сразы дæн:

– Мæхи бар мæ бауадз. Ахсæв мæ уазæг дæ... Райсомæй фæстæмæ – табуафси...

Мæ хуыссæнгæрзты хидхæццæ уымæлы тæф мын мæ фындзыхуынчъытæ ныццавта æмæ фырæфсæрмæй мæ цæсгом асырх.

Ницы кæны, загъта æмæ сыл духи бапырх кодта.

Дыккаг уат кæныны сæр мæ нæ бахъуыд. Йæ хуыссæнгæрзтæ багажы радта, æмæ æнæхъæн къуыри нæ къухы нæ бафтыдысты. Мæхицæн та иу фæлыст уыд æрмæстдæр. Сынтæг – фысымы. Йæ ныхтæ – цъæлтæ, йæ хыз – скъуыдтæ, телтæй бæстытæ...

Райсомæй уыцы иунæг къусы хæринаг куы 'ркодтон, уæд фырæфсæрмæй мæ цæсгом пиллон арт суагъта. Ацырухс мын мæ зæрдæйы маст бамбæрста æмæ та рæвдаугæ сдзырдта:

– Ницы кæны... Æппæт дæр ссардзыстæм...

Ходæн куы скодтам, уæд Ацырухс мигæнæнтæ æлхæнынмæ ацыд. Цалынмæ институт фæци, уæдмæ сæрды каникулты алыхатт дæр нæ горæты йæ хæстæджытæм улæфыд æмæ йын магазинтæ амонын нæ хъуыд.

Æз та мæ куыстмæ атындзыдтон æмæ масты хай фæдæн. Нæ хистæр мæ усгур æртæ боны 'мгъуыдмæ ауагъта, æз та ма дзы ноджыдæр фондз боны баззадтæн. Куыддæр къæлидормæ

бацыдтæн, афтæ къулыл ауыдтон бардзырд: «Æхсараты Батырбег, æнæ бар ракургæйæ, фондз боны йæ куыстмæ кæй не 'рбацыд, уый тыххæй йæ куыстæй ист æрцæуæд...» Дарддæр ма дзы цы фыст уыд, уый мæ бон бакæсын нал баци. Дамгъæтæ мæ цæстыты раз, знæт мæлдзгуытау, схæлбурцъ кодтой. Мæ сæр разылд. Ахауынмæ мæ бирæ нал бахъуыд. Æндæр рæстæджы йæ хъуыды дæр не 'ркодтаин, фæлæ уæд... Бинонты мæт фыццаг хатт уæд сæвзæрд мæ зæрдæйы. Тыххæй ма бафæрæзтон мæ фатермæ. Æд дзаумæттæ хуыссæнты сæр ныххаудтæн æмæ, фыдрынчынау, тыхулæфт кодтон.

Уæдмæ Ацырухс дæр æрбаздæхт. Стъолыл иу аг, дыууæ къусы æмæ дыууæ уидыджы æд вилкæтæ æрæвæрдта, стæй мæм æдзынæг ныккасти. Ахъуыды кодтон: ныртæккæ мæ бафæрсдзæн – цы кæныс? Цы дзуапп ын радтаин, – нæ зыдтон. Нæ мæ фæндыд йæ зæрдæ фæриссын кæнын. Мæнг ныхас зæгъын та йын мæ бон нæ уыд.

– Ницы кæны... Куыст дæр та уыдзæни... – сдзырдта æмæ мын йæ армытъæпæнтæ мæ сæры хъуынтыл рæвдаугæ æруагъта. Æз æй фырдисæй сонт фарст акодтон:

– Чи дын æй загъта?..

Йæ урс дзæнхъа дæндæгтæ мæм ног уард митау ферттывтой:

– Нæ дыккаг хæдзæртты чызг сымахмæ кæй кусы, уый дæ, æвæццæгæн, ферох?

Чидæр дуар æрбахоста. Æз фестадтæн. Мæ хуыссæнгæрзтæ бадзæбæхтæ кодтон æмæ йæм акастæн. Нæ куысты цумайы чызг лæууыд къæсæргæрон. Куы йæ ауыдтон, уæд ахъуыды кодтон: «Цы йæ 'рбахаста?» Хъæрæй та загътон:

– Мидæмæ, Надя!

– Бузныг! Нæ мæ 'вдæлы, – загъта æмæ йæ мидбылты бахудт.

– О, хæдæгай, дæ хъуыддаг дæхи фæндиаг...

– Арфæгонд у, – хъуамæ сдзырдтаин, фæлæ мæ разæй фæци:

– Нæ хистæр дæм дзуры.

Æз фæджихау дæн.

– Цæмæн ма? Куыстæй мæ куы систа?

Чызг йе уæхсчытæ æнæмбарæджы тылд бакодта.

– Хорз, фæцæуын, – загътон æмæ иу цалдæр минуты фæсгæ хистæры раз балæууыдтæн.

Фыццаг мын арфæ ракодта, стæй та – уайдзæф:

– Амæндты хуыздæр дæ хай. Амонд ссарын хорз у, тынг

хорз. Куыст ныууадзын та – æвзæр... Иугæр дын рацæуыны амал нæ уыд, уæд тел радтаис. Смæсты дæм дæн, тынг дæм смæсты дæн æмæ дæ мæ фыртæвдæй дæ куыстæй систон. Ныр та дæ ног фæстæмæ исын, фæлæ афтæ макуыуал бакæн.

– О, Хуыцау мæ бахизæд дыккаг хатт ус ракурынæй.

Мæ ныхас æм цыдæр худæг фæкаст. Йæ ха-ха-ха кабинеты анæрыд.

– Ацу, дæ куыст кæн.

– Бузныг, – загътон æмæ дуар мæ фæдыл рахгæдтон.

Къæлидоры мыл мæ куыстымбæлттæ амбырд сты. Чи мын сæ арфæтæ кодта, чи та мæ чындзæхсæв домдта. Мæ фатермæ куы баздæхтæн, уæд æппæт дæр мæ цардæмбалæн радзырдтон, стæй йын мæ зæрдæйы катай раргом кодтон:

– Цы бакæнæм, æмбæлттимæ абадын хорз у, фæлæ хонынæн истытæ хъæуы? Мах та... Цы нæм ис...

Ацырухс мын мæ ныхас фескъуыдта:

– Ницы кæны... Цæхх æмæ кæрдзын ис. Сыгъдæгзæрдæ мидбылхудт та – ахуыйæн. Æрмæст уал нæ къуымы истытæ æрæвæрæм.

Цалдæр бонмæ нæ фатер фендæр. Уый нæ, æндæр ран стырдæр уат баххуырстам. Æрæвæрдтам дзы ног дзаумæттæ: дыууæ сынтæджы, стъол æмæ бандæттæ. Æртæйы фæлыст та нæ хуыссæнгæрзтæ баисты. Уыцы фæлмæн диваныл-иу мæхи фæстæуæз куы ауагътон, уæд-иу цыма æппæт дунейы хицау æз бадæн, афтæмæй та Ацырухсы ской дæр нæ уагътон, зæгъын, мацы баком, уæлæвæрæнтæ æвзæр чызг фæхæссы. Цы 'нæмбаргæ ныхæстæ йын кодтон. Дыууæ удæн сæ царды фыццаг бонты алцы ссарын зын у. Йе 'фсымæртæ ныл сæ къуырийы бонмæ сæмбæлын кодтой. Нæ ног хæдзармæ дæр ма сæ бахастам. Музейы æвæрдау сæ дарæм не 'взонджы бонтæ æрымысынæн. Кусæрттагæн – род, ссад, цынæ хойрагæй нæм фæкастысты мæ каистæ! Хонынæн ма æндæр цы хъæуы.

Уазджытæй нæ фатер куы сафтид, уæд мын Ацырухс афтæ зæгъы:

– Нæй, Батыр, афтæ ницы... Цæрæнбонты искæй къуымты рахау-бахау æнцон хъуыддаг нæу...

– Цы гæнæн ис, фæразын хъæуы... Уæдмæ нын кæд хицауад фатер раттид, – уыди мæ дзуапп.

– Уый кæддæры хъуыддаг у. Дæ разæй иу æмæ дыууæмæ не

‘мбæлы фатер. Хæдзары бынатæн та ныртæккæ дæр ис райсæн.

– Æмæ дзы аразгæ та цæмæй цы кæнæм? –дисхуызæй йын бакастæн йæ цæстытæм.

– Ницы кæны... Иу хъæдын къуым уал дзы æрæвæрдзыстæм, стæй кæд истытæ кæниккам.

Цыдæр хорз мæм фæкаст йæ хъуыды æмæ уыцы бон горæхxæсткомы ныммидæг дæн.

– Æгайтма хæдзар саразынмæ хъавыс. – загъта мын горæхxæсткомы сæрдар æмæ мын цалдæр бонмæ горæты кæрон хæдзары бынат радтой. О, уæд горæты кæрон уыд, ныр та горæты центр сси.

Уайтагъд нæ хъæуы бамидæг дæн. Уым нын нæ хæдзары цур иу зæронд хъæдкъул зыгуымдон уыд æмæ куыддæр мæ фыдæн ской кодтон, зæгъын, хæдзарæн мын æй ратт, афтæ фырцинæй йæ цæссыгтæ æркалдысты. Уый сæ йæ куыстæфхæрд къухты дæрзæг армытъæпæнтæй асæрфта, стæй мын афтæ зæгъы:

– Табу Хуыцауæн, æгайтма дæм хæдзар саразыны фæнд æрцыд... – Исдуг ныхъхъус. Йæ фæллад, фæлмæцыдхуыз цъæх цæстытæ цины ‘рттывд фæкодтой. Ме уæхск мын æхсызгон хост æркодта. – Нæ, лæппу, дæ къай хорз адæймаг ма разына, уый гæнæн нæй.... Науæд нырмæ дæр ам уыдтæ...

Машинæйыл дыууæ ласты æркодтон нæ зыгуымдоны æмæ дзы нæ хæдзары бынаты кæрон иу уат æд къæбиц сарæзтон.

Мæхицæй не ‘ппæлын. Чысылæй дæр бирæ уарзтон хъæды куыст, æмæ ныр цас тынгдæр калди мæ хид, уый бæрц мын кæд уыд æхсызгондæр. Кæм тыхстæн, цы нæ зыдтон, уый та мын Ацырухс амыдта. Йæ фыд хъæддæсны у рагæй дæр æмæ, дам, куырд куырдыл ахуыр кæны. Иу æмæ йæм дыууæ хатты нæ баззадтæн джихтæгæнгæ кæсгæйæ. Раст æйттмардзæ нæлгоймаджы куыст кодта мемæ. Фæстагмæ нæм йæ мад дæр фæзынд æмæ дзы уый фезмæлдæн бынтон æмбал нал уыд.

Аходæн афон мæ хæдзары рагъхъæд æвæргæйæ æрæййæфта.

– Рахиз æмæ уал исты ахæрæм, – сдзырдта мæм мæ цардæмбалы мад. Куыддæр æрцæйхызтæн, афтæ мæнгæвæрд рагъхъæд расхъиудта æмæ нырма мæ агъдыл æруади, стæй Ацырухсы тæккæ сæры фæрсты ныйирвæзт æмæ уымæл зæххыл йæ къуырма тъæпп фæцыди.

Æвæццæгæн, мæ фыртæвдæй мæ агъды цæф мурмæ не ‘рдардтон, Ацырухсы тæссæй мæ феррамæ бирæ нал бахъуыд. Мæнæ

ма иу сантиметр уыйырдæм фæци, зæгъгæ, уæд басаухæдзар уыдаин. Æвиппайды мыл мæ цæф æртæфсти, мæ сæр разылд, мæ зæрдæ бахъарм æмæ хæдзары астæу æрхаудтæн. Кæд æмæ кæдмæ не 'рцыдтæн ме 'муд. Фæлæ уый фæстæ дæр мæ куыст нæ ныууагътон... Лæг цæмæ æрхъава æмæ цы нæ сараздзæн. Æппынфæстаг нын нæ хъæдын къуым нал фаг кодта. Мад æмæ фыд сæ сабиты сомбоныл фæхъуыды кæнынц æмæ сын бындурон хæдзар аразын райдыдтам.

Цал æмæ цал хатты фæтыхстæн. Фыдгуыстæн, дам, æндон дæр нæ лæууы. Уæлдайдæр та, мæ удыхаймæ кæсгæйæ, рысти мæ зæрдæ. Йæ хиды цæппузыртæ-иу, ставд къæвдайы 'ртæхтау, йæ сырх уадултыл куы 'ргæр-гæр кодтой, уæд-иу загътон:

– Ныр нæ цы нæ уадзы, цы кæнæм?..

Ацырухс-иу мæм уайдзæфгæнæгау æрбакаст:

– Ницы кæны... Абон нын зын у, райсом та æнцон.

Æрмæст мæ галиу къухы хистæр æнгуылдзы ных дзæбуджы цæфтæй цыппар, фондз хатты уæддæр схаудта. Ахæм рæстæджы-иу йæ цæстытæ доны разылдта Ацырухс, рæвдаугæ-иу мæм сдзырдта:

– Ницы кæны... Бафæраз...

Мæ уды 'нцойдзинад йæ уды зындзинадæй фæцаразы ныр дæр ма... Иу æмæ мын дыууæ хатты мæ къухæй нæ райста мæ дзæбуг, мæ фæрæт... Дзæгъæлы ныфсытæ-иу мын не 'вæрдта Ацырухс:

– Ницы кæны... Æппæт дæр ссардзыстæм...

О, фæлæ хæдзар, фæллой... Уыдон мæм нымады дæр не сты. Царды сæйраг æнæниздзинад – удæнцой у. Уымæн та зæрдæйы цин, бинонты хорзæх хъæуы. Æз та мæ цардæмбал, мæ хъæбулты цинæй базырджын дæн, уæлдæфы стæхынæввонг... Æцæг мæм а фæстаг рæстæджы цыдæр сусæг маст бахъуызыд. Æппæт дæр мæм ам, санаторийы бахъардта.

Фыдæлтæй нæм баззад, фыдбылызæн æнæсæрмæхаст, сæртæг митæ... Уыныс дæ разы, дæ удæй дын адджындæр чи у, уыцы цардæмбалæн йæ цæсгомыл хид лæсæнтæ кæны, афтæмæй кусы, архайы... Хæдзары сылгоймагæн цас куыст ис, уый – никæмæн... Цы сæ дзурон, цы сæ нымайон?.. Алчидæр сæ зоны. Уыцы куыстытæ цыма мæнмæ бынтондæр нæ хауынц. Ма дон æрбахæсс, ма хæдзары къуымты цъылын рауадз, ма хæринаг сцæттæ кæн... Уыдон, дам, лæджы куыст не сты. Æгад мæм

каст, цыма фæрæт кæнæ дзæбуг усы къухы кады хъуыддаг сты. Цы фæстæзад хъуыдытæ мæм уыд! Куыд æнæмбаргæ митæ кодтон... Дæ цардæмбал дæ разы фыдæбон кæнæд, фæнды йæ куыстæй æрцæугæйæ, фæнды йæ куыстмæ цæугæйæ, ды та диваныл дæхи фæстæуæз ауадз æмæ газеттæ æмæ журналтæ кæс, йе та иу стыр роман рафæлдах æмæ дзы дæ цæстытæ мауал ис. Æрмæст дæ хæринаг нæ рох кæны. Цал æмæ цал хатты загътон Ацырухсæн:

– Де 'ннæ куыстытæ уал-иу ныууадз æмæ уал-иу хæринаджы кой бакæн.

– Иу чысыл-ма бафæраз. Ныртæккæ алцыдæр уыдзæн. – Алыхатт дæр мын вæййы йæ дзуапп.

Тызмæг, схуыст ныхас дзы никуы фехъуыстон. О, фæлæ йæ бамбарынæн зæрдæ хъæуы, лæджы зæрдæ æмæ æз та... Нæ, иунæг ацы ран дæн йæ разы аххосджын æмæ æз уыцы цухдзинад аиуварс кæндзынæн. Уый æнцон у, хæрзæнцон. Уымæй мæныл хорздзинад бафтдзæн, мæ цардæмбал Ацырухсыл та – уæнгрог æмæ зæрдæйы цин.

Адæймаг æндонæй конд куы нæ у, мыййаг. Æмæ ма æндон дæр куы ихсийы. Йæ systадæй йе схуыстмæ кусæд, фыдæбон кæнæд, йæ фæллад уæнгтæ йæ хуыссæнмæ ласæд, ды та æрмæст дæхи мæт кæн!.. Нæ, уый сау лæджы ми у, æнæмбаргæдзинад...

– Цæй-ма, кæдмæ баддзынæ ам мæ цуры гобийæ? – Таняйы сæртæг ныхас мын мæ мидхъуыдытæ фæсырдта. Рæсугъд зæрдæскъæф дидинджытæй тыхыскъуыд ракодтон мæ цæстытæ æмæ йæм æдзынæг ныккастæн.

Таня хуыссыд, раздæр куыд уыд, афтæ. Æнæуи дæр цыбыр къаба цыма бынтондæр бампылд, йæ зæнгты сæр уырынгтæ уырынгтæй стымбыл... Йе 'нахуыр, тæригъæддаг цæстæнгас мын йæхимæ рацу-рацу кодта.

«Ау, куыд ис уый гæнæн? Ус, сывæллæтты хицау куы дæн? – Мæ сæр мын дзæккорау ныццавта ацы хъуыды. – Цы цæсгомæй ма сын бакæсдзынæн сæ цæстытæм?..»

Таня-мæм йæ къух фæдардта. Æнхъæлдтон – сыстын æй фæнды æмæ мæ йæхиуыл схæцын домы, мæ рахиз армытъæпæн æм радтон. Уый мын æй æхсызгон æлхъывд ныккодта æмæ йæ дзыхы дзаг кæлкæлæй ныххудт. Æз фестынмæ хъавыдтæн. Уый мыл йæхирдæм æрхæцыд, афтæмæй мæм йæ ризгæ хъæлæс райхъуыст:

– Æнцад, æнамонд!

– Мæнæн демæ ницы... йед ис! – фæхъæр ыл кодтон...

Таня дзæвгар рæстæг цавддурау баззад йæ мидбынаты, стæй та йын мæ хъустæ ацахстой йæ ныхас:

– Æммыст, дæуæн дæ усы фен...

– Бæргæ, дæ хуызæныл фембæлдзынæн, уый куы зыдтаин, уæд ын йæ къам рахастаин.

Ацы ныхас æй аргæвста. Налдæр мæм дзургæ скодта, налдæр – кæсгæ. Йæ армытъæпæнæй йæ цæсгом бамбæрзта, афтæмæй йæ мидбынаты бандзыгау.

Фæстæмæ дæр æм нал фæкастæн. Уыцы уырдыджы мæхи æхстуадæй рауагътон. Мæ астæуниз дæр мæ ферох. Мæ къахы рыст дæр ницæмæуал æрдардтон...

Ног та мæ цардæмбал Ацырухсы фæлгонц мæ разы фестади. Нырмæ цы уыд, уымæй дыууæ-æртæ хатты фæкадджындæр мæ цæсты, æмæ фæндагыл дæр, автобусы нæхимæ цæугæйæ, мæ цæстытыл уадысты æппæт ацы нывтæ.

Санаторимæ куы цыдтæн, уæд куыд тынг скъæвда, ныр та бæстыл хур атылд. Нæ уарзын къæвда. Раст цыма мæ зæрдæйыл фæуары. Райдзаст хур бон у мæ зæрдæйы цин. Цымæ та ныр дæр уымæн фæхъæлдзæг дæн, æви йæ развæлгъау мæ зæрдæ базыдта, мæ цардæмбал Ацырухс автостанцæмæ мæ размæ кæй рацæудзæн. Иуæй мын æхсызгон уыд йæ фенд, тынг æхсызгон, иннæмæй – та мын мæ зæрдæ цыдæр масты æнкъарæн ныццавта. Æхсызгон мын, ног та йæ æрвхуыз къабайы кæй федтон, уый уыд, хъыг та – кæй смæллæг, уый... Йæ кæддæры нарæг астæу та ног мæ цæстыты раз февзæрд. Нал æм æфсæдын кæсынæй.

– Ехх, тæхуды, гъеныр ма дæ даргъ дзыккутæ...

Мæ хъуыдытæ, мæ зæрдæйы сагъæстæ мын бамбæрста æмæ мæ сæры хъуынтыл йæ къухтæ рæвдаугæ æрхаста:

– Ницы кæны... мæ дзыккутæ дæр та æрзайдзысты.

# АРВИСТОН

## ЭЗОПЫ ÆМБИСÆНДТÆ

### 196. Калм æмæ краб

Калм æмæ краб цардысты иумæ. Краб хæларзæрдæ æмæ æнæхин уыди, калм та фыд-зæрдæ æмæ мæнгард. Краб бирæ хæттыты куырдта калмæй, хæрæмттæ-йедтæ ныууадз, æмæ дæм æз цы зæрдæ дарын, ды дæр мæм ахæм зæрдæ дар, зæгъгæ. Фæлæ йæм калм нæ хъуыста. Краб æм смæсты, æмæ калм фынæй куы кодта, уæд æм бахъуызыдис, йæ къубалыл ын ныххæцыд æмæ йæ ныххурх кодта. Калм йæ цуры куы адæргъ ис, уæд загъта: «Ехх, мæ хуры хай, ныр мардæй, нæ фæлæ удæгасæй куы уыдаис ахæм раст, уæд бæргæ хуызд æр уыдаид. Æз дын цас фæлæгъстæтæ кодтон, фæлæ ды нæ байхъуыстай!»

Адæмæй дæр ис ахæмтæ: царды сæ хæлæрттимæ нæ фæфидауынц, хæрæмттæ сын фæкæнынц, куы амæлынц, уæд та, хæрзгæнæг уыдтæн, зæгъгæ, сæхицæй феппæлынц.

### 198. Адæм-иу кæуыл ныллæууыдысты, уыцы калм

Адæм-иу арæх ныллæууыдысты калмыл. Уæд дын калм Зевсмæ куы бахъаст кæнид. Фæлæ йын Зевс дзуапп радта: «Фыццаг хатт дыл чи ныллæууыд, ууыл куы фæхæцыдаис, уæд дæ иннæтæ тарстаиккой».

Æмбисонд амоны: фыццаг хатт дæ чи бафхæра, уымæн йæ ных куы бакъуырай, уæд дæ иннæтæ тæрсдзысты.

### 199. Цъырцъырæгтæ чи ахста, уыцы лæппу

Сахары кæрон иу лæппу ахста цъырцъырæгтæ. Иудзæвгар куы 'рцахста, уæд ауыдта скорпионы. Цъырцъыраг æй банхъæлдта æмæ йæ йæ армæй æрцахсынвæнд скодта. Фæлæ скорпион йæ

фат фæцъортт ласта æмæ лæппумæ дзуры: «Бафæлвар-ма, бафæлвар! Цы цъырцъырæгтæ æрцахстай, уыдонæй дæр æнæхай фæуыдзынæ».

Æмбисонд амоны: хæларзæрдæтæм æмæ фыд-зæрдæтæм æмхуызон цæстæй ма кæс.

## 202. Бæлон æмæ халон

Бæлонмæ хорз кастысты хæдзары хицæуттæ, ницы хъуаг æййæфта æмæ бирæ лæппынтæ кæй рауагъта, уымæй æппæлыди. Халон ын йæ ныхæстæ куы фехъуыста, уæд æм дзуры: «Ныхъхъус у, мæ къона, ма ‘ппæл дæхицæй: цас дын фылдæр лæппынтæ уа, уыйбæрц дæ цагъайраджы уавæр кæуинагдæр уыдзæн».

Цагъары къæлæт хæсгæйæ цот чи рауадзы, уыдон æппæтæй æнамонддæр сты.

## 203. Маймули æмæ кæсагахсджытæ

Маймули бæрзонд бæласыл бадти. Æваст ауыдта, кæсагахсджытæ донмæ хыз куыд баппæрстой, уый æмæ сын сæ митæм кæсын байдыдта. Уыдон донæй хыз раластой, стæй дæрддзæфгомау æрбадтысты æмæ сихор хæрынц. Фæзмæгой маймули, зæгъгæ, ахæм ныхас хуымæтæджы нæ баззад. Æрхызти бæласæй æмæ кæсагахсджыты митæ фæзмын байдыдта. Хыз раиваз-баиваз кæны æмæ дын йæ мидæг куы скуыси уаид. Фæстæмæ рахизын йæ бон нал уыд æмæ йæхинымæры дзуры: «Афтæ мын хъуыди: кæсаг ахсыныл цы сбæндæн дæн, куыд ахсын хъæуы, уымæн куы ницы ‘мбарын, уæд?»

Æмбисонд амоны: цы хъуыддаг нæ зоныс, уый ма кæн, науæд фыдбылызы бахаудзынæ.

## 205. Хъæздгуытæ æмæ хъарæггæнджытæ

Иу лæгæн уыд дыууæ чызджы. Иу дзы амард æмæ лæг бахуырста хъарæггæнджыты. Дыккаг чызг йæ мадæн афтæ: «Мæ-

гуыр куыннæ стæм, мæгуыр! Зиан ныл æрцыди, мах та кæуын дæр нæ зонæм. Æддагон устытæ та хъарæг кæнынмæ дæр хорз арæхсынц, суанг ма сæ риутæ дæр хойынц». Уæд ын мад ахæм дзуапп радта: «Ууыл ма дис кæн, мæ чызг: уыдонæн æхца кæй бафыстам, уымæ гæсгæ кæнынц судзаджы хъарджытæ».

Ис ахæм адæм: сæ фырзыдæй искæй æнамонд хабарæй дæр пайдатæ ратонынц.

## 206. Фыййау æмæ куыдз

Иу фыййаумæ уыди стыр цуанон куыдз æмæ йын æдзухдæр лæвæрдта, мардæй-иу чи райгуырд, ахæм уæрыччытæ, стæй хæдмæл фыстæ. Иуахæмы фыййау йæ фыстæ уæтæрмæ куы батардта, уæд ауыдта: куыдз фысты астæуты зилы æмæ цыдæр агуры. «Гъе-гъей, мæ лымæн! – фæхъæр кодта лæг, – уыдонæн дæ зæрдæ цы зæгъы, уый дæхиуыл куы 'рцæуид!»

Æмбисонды æвдыст цæуы козбау лæг, йæ хицауæн цæстмæмитæ чи кæны, ахæм.

## 207. Фыййау æмæ денджыз

Фыййау йæ фыстæ хызта денджызы был. Денджыз сабыр кæй у, уый куы федта, уæд æй æрфæндыди науы сбадын æмæ йæ зæрдæйы дзæбæхæн аленк кæнын. Балхæдта финиктæ, науы сæ сæвæрдта æмæ балцы араст. Фæлæ æнæнхъæлæджы æвирхъау уад сыстади, нау афæлдæхт, æмæ лæгæн йæ базайрæгтæ доны къусы сæфт фæкодтой. Лæг ма тыхтæ-амæлттæй былгæронмæ раленк кодта. Денджыз та ногæй куы 'рсабыр, уæд фыййау кæсы, æмæ былгæрон лæууы иу лæг æмæ цинæй мæлы, денджыз куыд сабыр у, ууыл. Фыййау нал фæлæууыд æмæ йæм дзуры: «Гъей, хорз лæг, æвæццæгæн, денджыз дæуæй дæр финиктæ агуры».

## 208. Фыййау æмæ фыстæ

Фыййау йæ фысты дзуг æрбатардта къохмæ. Уым уыд егъау тулдз бæлас, дуне гыркъотæ йыл. Фыййау йæ пæлæз зæххыл

ærytydta, bæласмæ схызт æмæ йæ уигъын байдыдта. Фыстæ сæхи гыркъотыл ныццавтой æмæ фырзыдæй сæ фыййауы пæлæз дæр бахордтой. Фыййау бæласæй куы ‘рхызт, уæд ауыдта, йæ пæлæз дæр йæ фосы хъæлæсы кæй аирвæзт, уый æмæ загъта: «Æ, æнамонд гуырдтæ! Иннæтæн пæлæзтæн къуымбил дæттут, æз та уæ даргæ кæнын, афтæмæй мын мæ пæлæзы зæронд дæр уæ хъæлæсы ауагътат?»

Иуæй-иу æдылыдзæфтæ хиуæтты хъыджы бацæуынц, æцæгæлæттæн та ахъаз кæнынц.

## 209. Фыййау æмæ бирæгъы лæппынтæ

Фыййау ссардта бирæгъы лæппынты, бафсæста сæ, стæй сæм зæрдиагæй зилын байдыдта, ома куы схъомыл уой, уæд мын мæ дзуг хъахъхъæндзысты, стæй ма мын искæй фосæй дæр давдзысты фыстæ. Фæлæ бирæгъы лæппынтæ куы байрæзтысты, уæд ын æппæты фыццаг йæхи дзугыл сæхи ныццавтой. Фыййау ныхъхъæрзыдта æмæ загъта: «Афтæ мын хъуыди, цæмæн фервæзын кодтон бирæгъы лæппынты, марын сæ куы хъуыдис, уæд?»

Æнаккаг адæймæгты куы фервæзын кæнай, уæд æппæты фыццаг дæхи ныхмæ фæуыдзысты.

## 210. Хъазæгой фыййау

Фыййау-иу йæ дзуг атардта хъæуæй дæрддзæф ранмæ æмæ йæхи ирхæфста ахæм хъæзтытæй: ныхъхъæр-иу кодта, бирæгътæ дзугмæ æрбалæбурдтой, зæгъгæ. Хъæуæй-иу æм зæхкусджытæ фæфæдис сты, уæдæ цы уыдаид, стæй-иу сæ хæдзæрттæм æрбаздæхтысты мæстыйæ. Боныфæстагмæ бирæгъ æцæг æрбалæбурдта дзугмæ, цæгъдын сæ райдыдта. Фыййау фæдисхъæр самадта, фæлæ адæм банхъæлдтой, хынджылæг та кæны, зæгъгæ, æмæ йæм ничиуал рацыди. Дзугæй иу дæр удæгасæй нал баззад.

Афтæ у сайæгойты хабар: рæстытæ куы фæдзурынц, уæддæр сыл адæм нæ бауумæндынц.

## 211. Хинайæг лæппу

Иу лæппу цæугæдоны йæхи надта æмæ фæцæйдæлдон кодта. Уалынджы иу фæндаггоны ауыдта æмæ йæм æххуысмæ сиды. Фæндаггон æм загъд кæнын байдыдта, цæмæн, дам, бахызтæ донмæ, раздæр, дам, цæуылнæ ахъуыды кодтай. Уæд æм лæппу дзуры: «Фыццаг уал мын æххуыс бакæн, стæй мæ донæй куы раласай, уæд-иу мæм хæц».

Æмбисонд амоны: дæхæдæг аххосджын дæ, уæд искæй уайдзæфтыл мæсты ма кæн.

* * *

Польшæйаг кардиохирург Збигнев Релига 1987 азы иу рынчыны зæрдæ баивта æндæрæй (трансплантаци). Операци ахаста 23 сахаты æмæ фæрæстмæ. Ацы къамы Збигнев Релига кæсы, йæ рынчыны ног зæрдæ куыд кусы, уымæ. Кардиохирурджы ассистент афтæ тынг бафæллад æмæ бафынæй операцигæнæн уаты къуымы.



23 азы фæстæ дæр пациент у æгас. Уынут æй къамы.



* * *

Лев Гумилев (1912–1992) уыди разагъды поэттæ Николай Гумилев æмæ Аннæ Ахматовайы фырт. Йæ цард рауади трагикон, фæлæ намысджын. Æрмæстдæр йæ амæлæтæй чысыл раздæр ссис Æрдззонынадон наукæты академийы академик. Йæ коллегæтæ-ахуыргæндтæй бирæты тыххæй афтæ дзырдта: «Цы йæ ‘мбæхсон, æз амондджын дæн – цы хъуыды кодтон, цы мæ фæндыд, уый фыстон, уыдон та фыстой, хицæуттæ сын куыд амыдтой, афтæ». Ноджы дзырдта: «Ныртæккæ цæмæй æппæлынц, уый æрмæстдæр исдуг у, цыбыр рæстæгмæ æрбайсæфы. Абоны сæумæрайсомæн та раздахæн нæй, Ромы кæнæ Наполеоны хæстытæн раздахæн куыд нæй, афтæ. Æмæ парадоксалон хабар у, фæлæ ныры дугæн схонæн ис мæнг, историйæн та æцæгдзинад».

Лев Гумилевы цыппар хатты сбадын кодтой ахæстоны, стыр фыдæвзарæнты бахауди, цыппæрдæс азы фæци лагерьты – куы йæ фыды тыххæй, куы та йæ мады тыххæй, йæ цардæй йын

зындон саръезтой, фæлæ нæ басасти, удвидар разынди, суанг ахæстоны нарæтыл дæр касти чингуытæ, æнцой нæ зыдта æмæ ссис, æмбал кæмæн нæй, ахæм ахуыргонд.

1944 азы Туруханы лагерæй Лев Николаевич барвæндонæй ацыди фронтмæ, архайдта Берлин байсыныл хæстыты. Адæмты размæ чи кæны, уыцы нациты хуызæн йæхæдæг дæр уыди пассионарий.

## ЛЕВ ГУМИЛЕВЫ ЗОНДЫ НЫХÆСТÆЙ

✦ Уырысы, стæй Уæрæсейы цæрæг иннæ адæмты дæр европейæгтыл нымайын нæ хъæуы, фæлæ евразийæгтыл.

✦ – Лев Николаевич, ды интеллигент дæ?

– Хуыцау мæ бахизæд уымæй. Ныры интеллигенци сты дины сектæйы хуызæн. Диссаг та куыннæ у, афтæмæй алцæй тыххæй дæр дзуринц ныфсхастæй, æндæрхуызон чи хъуыды кæны, уыдоны та ницæмæ дарынц.

*Комсомольская правда,*
*2017, 20–27 июль*

## АЛЫХУЫЗОН ХАБÆРТТÆ

* * *

Дыууадæс æмæ ссæдзаздзыд францаг Жан-Марк Джорданойы аххосджын кодтой, фондз лæджы амардтай, зæгъгæ. Лæг йæхи марынвæнд скодта, йæ цæлгæнæны газ рауагъта æмæ æнхъæлмæ кæсын байдыдта, кæд амæлдзæн, уымæ. Уалынджы газ срæмыгъта, æмæ Джорданойæн канд йæхи фатер нæ, фæлæ сыхæгты фатертæ дæр ныддæрæхсæнтæ сты. Джордано йæхæдæг та удæгасæй баззади.

* * *

Штат Аризонæйы (АИШ) хъæддаг кактус куы алыг кæнай кæнæ йын исты зиан куы ракæнай, уæд дæ ахæстоны сбадын кæндзысты 25 азы.

* * *

Рагон Ромы уыди ахæм æгъдау: фыдгæнæджы-иу ехсæй хъуамæ ныдздзæхстытæ кодтаиккой 40 хатты. Кæд-иу фыдгæнæг уый фæстæ удæгасæй баззад, уæд ын уыди, чи йæ цавта, уый амарыны бар. Фæлæ-иу арæхдæр фыдгæнæг удæгасæй нал баззад.

* * *

Нæ планетæйыл маргджын кæсæгтæ маргджын кæлмытæй дзæвгар фылдæр ис. Маргджын кæсæгты хуызтæ сты 1250, маргджын кæлмыты хуызтæ та 410.

* * *

Кондиционертæ кæй фæзынд, уый фæрцы нæ планетæйы сæрды æвирхъæу тæвдæй чи амард, уыдоны нымæц фæкъаддæр 80 проценты.

* * *

Ссæдз азы ныл куы рацæуы, уæдæй фæстæмæ адæймаджы магъз æрвылаз кæны иу грамм къаддæр.

* * *

Æппæтæй даргъдæр фындз – 19 сантиметры – уыди англисаг Томас Уэддерсæн. Уый уыди цирчы труппæйы 1770-æм азты.

* * *

Уæрæсейы фæстаг император Николай II уыди дунейы историйы æппæты хъæздыгдæр монарх. Уыди йæм 257 миллиард доллæры.

* * *

Йæ ном Джинни кæмæн хуынд, уыцы куыдз йæ цард-цæрæнбонты ирвæзын кодта гæдыты. Америкаг Филипп Гонсалес æй дзæгъæл гæдыты «фысымуатæй» сæхимæ куы 'рбахаста, уæдæй фæстæмæ агурын райдыдта æнæхæдзар гæдыты, стæй, æххуыс кæй хъуыд, уыдоны æмæ сæ хаста йæ хицаумæ. Джинни фыццаг хатт фесгуыхти, хæтæлы мидæг цы гæдыйы лæппынтæ уыд æмæ сæхи бон рабырын кæмæн нæ уыд, уыдоны фервæзын кæнгæйæ. Йæ цард-цæрæнбонты куыдз фервæзын кодта 800 гæдыйæ фылдæр!

* * *

Миллиардерты нымæцмæ гæсгæ Мæскуы дунейы ахсы фыццаг бынат. Миллиардертæ дзы ис 79. Сæ мулк иумæ райсгæйæ у 375,3 миллиард доллæры аргъ.

* * *

Дунейы фыццаг сахар фæзынди нæ эрæйы агъоммæ 3200 азы Хуссар Месопотамийы (ныртæккæ Ирак). Горæты ном – Урук. Царди дзы 50 мин адæймаджы.

* * *

Дунейы æппæты рагондæр бæлас – заз – ис Швецийы, Деларна, зæгъгæ, уыцы провинцийы. Бæласыл цæуы 9950 азы!

* * *

Швецийы Каролины институты ахуыргæндтæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй бон сау цайы цыппар агуывзæйы куы цымай, уæд дын инсультæй тас нæу.

* * *

Дунейы æппæты цыбырдæр уынг – Эбенезер-Плейс – ис Шотландийы. Йæ дæргъ у 2 метры.

* * *

Алы бон дæр дунейы аэропортты фесæфы 8000 хызыны æд дзаумæттæ.

# ТÆФÆРФÆС



## МАЛИТЫ ВАСО

Уæззау зиан æрцыди нæ литературæйыл: йæ цардæй ахицæн номдзыд поэт, прозаик, драматург Малиты Васо.

Васо райгуырди Мустыздæхы разагъды поэт Малиты Геуæргийы бинонты ‘хсæн. 1937 азы йын йæ фыды æнаххосæй æрцахстой. Лæппу йе ‘фсымæр Мурат æмæ йæ цыппар хоимæ баззад йæ мад Зæрæдайы æвджид. Бирæ зынтæ бавзæрстой бинонтæ. Хæст æмæ фæсхæсты азты Зæрæда – зонджын æмæ удвидар сылгоймаг – йе ‘ппæт хъарутæ дæр радта йæ цоты адæмы рæгъмæ ракæнынæн. Васо æмæ йæ карæнты хуыдтой «хæсты хъæбултæ», цардысты мамæлайы къæбæрæй. Æмæ уый иу бæллæх уыди, фæлæ ма уымæй уæлдай репрессигонд ныййарджыты быдартыл сбадти æлгъаг ном: «адæмы знæгты цот».

Васо йæ райгуырæн хъæуы астæуккаг скъолайы куы бакасти, уæд бацыди Цæгат Ирыстоны паддзахадон институты историон-филологион факультетмæ. 1961-æм азæй фæстæмæ куыста газет «Рæстдзинад»-ы, Цæгат Ирыстоны радио æмæ телеуынæны комитеты. 1969–1971 азты ахуыр кодта Мæскуыйы Уæлдæр литературон курсыты. Ирыстонмæ куы сыздæхт, уæд куыста чиныгуадзæн «Ир»-ы хистæр редакторæй, Чиныгуарзджыты республикон æхсæнады сæрдарæй. 1987 азы йæ равзæрстой Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдарæй. Уым кусгæйæ Васо бахатыд СЦКП-йы обкомы фыццаг секретарь В. Е. Одинцовмæ, нæ республикæйы, дам, уадзын райдайæм журнал уырыссаг æвзагыл. Обкомы секретарь ын сразы йæ

фæндоныл. Афтæ фæзынди журнал «Дарьял». Малийы-фырт бацархайдта ноджы, цæмæй нæм фæзына журнал «Ирæф» – дыгурон æвзагыл. 1991 азæй фæстæмæ Васо куыста уыцы журналы сæйраг редакторæй. Журнал стыр ахъаз фæцис канд дыгурон литературæйы рæзтæн нæ, фæлæ, бирæ азты дæргъы архивты чи фæлæууыд, уыцы адæмон сфæлдыстад, историон æмæ этнографион æрмæг дзыллæтæм фæхæццæ кæнынæн.

Малиты Васойы поэтикон сфæлдыстад йемыдзаг у арф æнкъарæнтæй, ног, оригиналон фæлгонцтæй, ахадгæ хъуыдытæй. Афтæ зæгъæн ис йæ радзырдтæ, роман «Сурмейы хæдзар», йæ пьесæтæ «Калм æмæ хъисфæндыр», «Саст бандон», стæй иннæ уацмыстæй дæр.

Æцæг фыссæг уый у, йе сфæлдыстады йæхи миниуджытæ, йæ зонды рухс ирдæй кæмæн зынынц, йæ фысты уаг хæдхуыз æмæ зæрдæмæхъаргæ кæмæн у. Иу разагъды лæг афтæ загъта, кæд, дам, поэтмæ-фыссæгмæ цымыдисагæй исты ис, уæд йæ оригиналон цæстæнгас дунемæ, цардмæ. Малиты Васо кæддæриддæр хайджын уыд уыцы хорзæхæй. Æмæ ахæм лæгтæ не 'хсæнæй куы ацæуынц, уæд нацийы фарн æнæмæнг фæкъахыр вæййы.

Рухсаг у, нæ уарзон æмгар. Дæ фыды фарн мæрдтæм цæуын нæ бауагътай. Хуыцау зæгъæд, æмæ уыцы фарн дæ кæстæртæ дæр рæсугъдæй куыд адæттой фидæны фæлтæртæм.

Цæссыгкалгæйæ цы хæлæртты, чиныгуарзджыты ныууагътай, уыдонæй рох никуы уыдзынæ, Васо.

***Журнал «Мах дуджы» кусджытæ***

* * *

Поражен и глубоко опечален горькой вестью о кончине Васо Малиева.

Я был знаком с ним почти полвека, с той еще поры, когда Васо был слушателем межировского семинара Высших литературных курсов. Я любил и уважал этого духовно богатого, мощного и наделенного добрым, отзывчивым сердцем поэта и мыслителя. Его родным языком был язык Дигории, который выдающийся лингвист академик Вассо Абаев сравнил с вязким золотым медом. Я не забуду, что некогда по инициативе Васо Малиева оказался в Осетии и две поездки оставили неизгладимый след в моей душе. Временами мне хотелось остаться на-

всегда в Цейском ущелье, воспетом многими осетинскими поэтами и нашим Арсением Тарковским. Воздух там состоит из беспримесного кислорода...

Душа большого поэта была чиста. Я приношу искренние соболезнования его семье и нашим общим с ним друзьям-поэтам.

***Михаил Синельников,***
*известный русский поэт и переводчик*

## Сыгъдæгæй фæхаста йæ фыды фарн

Стыр курдиаты ацыд æдзухдæр ныккæрзын кæны адæймаджы зæрдæ. Уæлдайдæр та, йе сфæлдыстад дæ цуры куы рæза иу уацмысæй иннæмæ, йæ романтикон æмдзæвгæтæ, царды æнæраст хъуыддæгтæ хурмæ хæссæг пьесæтæ, йæ прозæйы нывæфтыд цардхъом фæлгонцтæ дæ зæрдæйы арф уидæгтæм куы 'вналой, уæд ын адæймаг æнæрхъæцæй æнхъæлмæ фæкæсы йæ ног уацмыстæм, ахæм курдиаты хицау зæрдæйæ нал фæкомы атонын. Фæлæ... Фæлæ ма ныр цы...

Васоимæ базонгæ дæн йе 'мдзæвгæты æмбырдгонд «Фат æмæ æрдын»-æй. Университеты филологион факультеты ма куы ахуыр кодтон, уæд нын дзæнæты бадинаг Джыккайты Шамил арæзта уæлæмхасæн ахуыртæ нырыккон ирон фысджыты сфæлдыстадæй, æмæ ма мæ зæрдыл абон дæр лæууы, Васойы «Балладæ хъæдгæсы чызгыл» куыд лæмбынæг æвзæрстам, уый...

Васойы зæрдæйы ахаст кæстæр фæлтæрмæ уыди фæлмæн, фæлæ домаг, йæ фиппаинæгтæ æдзухдæр уыдисты хъуыддаджы фæдыл.

Рауагъдад «Ир»-ы сæйраг редакторæй кусгæйæ, æрыгон фæлтæртæн рауагъта цалдæр иумæйаг æмбырдгонды: «Уазайы дæлфæзы», «Цъæх райсомтæ», «Судз, ме стъалы». Уыдонæн дæр сæ фылдæр уыдысты университеты студенттæ, фæстæдæр уæндонæй бакъахдзæф кодтой ирон литературæмæ. Ахуыры заман мах, студенттæ, арæх цыдыстæм ирон театрмæ æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Васойы фыст пьесæтæм гæсгæ æвæрд спектаклътæ «Калм æмæ хъисфæндыр», стæй «Саст бандон» дæр æнæфенгæ нæ фестæм. Дисы нæ 'фтыдта Васойы æргомдзинад цардыуаджы æнæраст хъуыддæгты ныхмæ. Йæ роман «Сурмейы хæдзар» мыхуыры куы фæзынд, уæд уый фæдыл карз быцæутæ æмæ æппæлæн ныхæстæй нæ цух кодтой ирон факультеты студентты къордтæ.

Ирон литературæйы зæрингуырд сыгъдæгæй фæхаста йæ фыд Георгийы фарн. Ацыд йе 'цæг дунемæ... Рухс дзæнæты бад, Васо, хæрзаудæн кæн фæстагæттыл.

***Касаты Батрадз***

* * *

Скурдиадæ – Хуцау æма Æрдзи лæвар æй, æма си Хуцау уæдта æрдзæ ке схайгин кæнонцæ, е æй рахæссуй æ райгурци хæццæ æ мади губунæй. Уой уæлæнхасæн ба ма Васой скурдиадæн ес генетикон бундор дæр. Дигорон поэзий ирд æстъалу – Малити Геуæрги æ уодифарнæ 'носон дуйнемæ нæ фæххаста, æма æ фурт Васо, «фиди фарнæ» цæстигагуйау гъæуайгæнгæй, Геуæргий гъуддаг сæрбæрзондæй, кадгинæй рахаста идарддæр. Малити Васо хуарзæнхæгонд æрцудæй, финсæг æ царди медæгæ ци тæккæ хъазардæр лæвармæ фæббæллуй, уомæй – киунугæкæсгути уарзондзийнадæй!

Малий-фурти литературон архайд уотæ берæвæрсугон æй, æма айдагъ уой уадзимистæй дæр исаразæн ес æнхæст æма цæмæдессаг дууæвзагон литерæтурон-аййевадон журнал аллихузи рубрикити хæццæ.

Æ гъæздуг æма цæмæдессаг сфæлдистади бундор æй финсæгæн æхе медæгæ. Сфæлдистадон косæги архайд æнгон баст æй æ адæймаги минеугути хæццæ, æцæг поэт æрдзæ æма адæни берæ уарзуй. Малити Васо арф æнкъардта æрдзæ æма адæймаги медес, адтæй хæлар æма фæлмæнзæрдæ лæг, цæрун зудта алке хæццæ дæр, зудта игъосун æма фегъосун, инней балæдæрун æма æнхусгъæуагæн фенхус кæнун.

Æз æй зудтон хъæбæр хуарз, 1990-аг анзи комахсæни мæйи райдайæнæй æрæгий уæнгæ еумæ фæккустан, фæммæмæ дзурдта æма мин загъта: «Дигорон литературон альманах игон кæнунмæ гъавæн æма мæ фæндуй, цæмæй еумæ косæн. Рагъуди кæнæ лæмбунæг», – зæгъгæ, æма мин рæстæг равардта. Фæстæдæр, редакцимæ иннæ косгути дæр ку райста, уæдта нæ æрæмбурд кодта 'ма нин загъта: «Гъенур махбæл ес хъæбæр устур ихæс æвæрд: не стур фиддæлтæй байзайгæ устурдæр хæзна, нæ алæмæти дигорон æвзаг гъæуай кæнун. Æма гъæуама мах ардигæй фæстæмæ еу бийнонти хузæн уæн. Хуцау нæ рæстгъуддаг фæккæнæд!»

Уой адæбæл, Васо нин разамунд дæтгæй, æ усхъæ нæмæ даргæй багъæуаги, фæззиндтæй, дуйней медæгæ еунæг литературон-аййевадон журнал дигорон æвзагбæл. Æма, Малити Геуæргий фурт

Васо æ царди медæгæ уомæй æндæр ку неци ‘саразтайдæ, сауæнгæ еунæг рæнгъæ дæр ку нæ ниффинстайдæ, уæддæр æрмæст уоци гъуддаги исарæзтæй дæр æ ном гъæуама истори байзадайдæ.

Нæ хуарз хестæр, не стур нифси цæгиндзæ нæбал æй, е ‘носон бунатмæ рандæй. Иристон ибæл хъонц кæнуй Цæгатæй дæр æма Хонсарæй дæр зæрдæхъурмæй.

Æ ингæни ‘й дзенети рохс тавæд, уорс æхсири цадæ æ ниуазæн уæд. Нарти Кæнти Нарти хуæрзти хæццæ уæд æ бадæн. Æ ном æноси имисуйнаг уæд.

Рохсаг уо, Васо!

***Скъодтати Эльбрус***

## Йæ Поэзи – «йæ цард æмæ йæ мæлæн»

Уæдæ та цы уæззау цæф æрцыди, йæ боныфыддæртæм чи цæуы, уыцы ирон литературæйыл! Йæ цардæй ахицæн Малиты Геуæргийы фырт Васо – зындгонд поэт, прозаик, драматург æмæ курдиатджын тæлмацгæнæг. Уый уыди, Бестауты Гиуæргийы загъдау, Хох-адæймаг, Хох-поэт. Егъау куыст бакодта Васо йæ курдиаты фæрцы нæ ирон дзырдаивады быдыры: йæ бирæ уацмыстæ æмæ йæ тæлмацтæ сты ахадгæ бавæрæн мадæлон литературæйы хæзнадонмæ.

Уый уыди канд курдиатджын фыссæг нæ, фæлæ ма хорз зæрдæйы хицау дæр. Йе стырдæр хæсыл нымадта лæгæн хорзы бацæуын, йæ тыхсты сахат ын баххуыс кæнын.

Дзæгъæлы нæ загъта æргомæй: «Цыдæриддæр æнæзæрдæмæдзæугæ мийæ бакæнын æмæ бакодтон, уыдон мæ удыл цъæхснаг ехсы цæфтау тæлмытæй баззайынц». Поэт царды мидæг сæйрагдæрыл нымадта уды сыгъдæгдзинад æмæ уый фæдзæхста кæстæр фæлтæрæн дæр. Йæ иннæ ахсджиаг ныстуан та – Чырыстийы фæдзæхст: «Дæхицæн дæ цæст цы нæ уарзы, уый иннæмæн дæр ма уарзæд».

Йæ фæстаг сулæфтмæ Поэзи Васойæн уыд «йæ ардбахæрд, йæ кæлæн», «йæ мулк æмæ йæ дин», «йæ цард æмæ йæ мæлæн» («Фæстаг æмдзæвгæ»).

Нæ царды тыхст æмæ уырыд рæстæг, нæ културæ æмæ нæ мадæлон æвзаджы уæззау уавæр, царды вазыгджындæр фарстатæ тыхсын кодтой Хох-поэты зæрдæ, уæддæр йæхи

æфхæрдта, бирæ хъуыддæгтæ саразын мын нæ бантысти, зæгъгæ. Æмæ рысти поэты зæрдæ. Рысти æмæ... аскъуыд.

Дзæнæты фæбад, Васо! Ныххатыр нын кæн, дæ царды бонты дын æмбæлгæ кад æмæ аргъ кæй не скодтам, уый тыххæй. Рухсаг у!

***Мзокты Аслæнбег***

* * *

Студент ма уыдтæн, уæд базонгæ дæн ирон зындгонд поэт æмæ фыссæг Малиты Васоимæ. Æрыгон поэттæ æмæ прозаиктæн цы иумæйаг æмбырдгонд бацæттæ кодта («Судз, ме стъалы», «Ир», 1979 аз), уырдæм бахаста мæ фыццаг æмдзæвгæтæ дæр. Æмæ уæдæй фæстæмæ нæ хæлардзинад никуы фæкъахыр. Уыимæ цæстуарзонæй аудыдта канд мæныл нæ, фæлæ кæстæр фæлтæрæй алкæуыл дæр. Йæ хъус дардта не сфæлдыстадмæ æмæ-иу зæрдиагæй бацин кодта, йæ цæст-иу хæрзхъæд уацмыстыл куы 'рхæцыдис, уæд.

Васойæн йæхи сфæлдыстад сæрмагонд ныхасы аккаг у, уымæн æмæ йын дзæвгар фæллæйттæ бантыст литературæйы алы къабазы дæр. Йæ уацмысты фæрцы бирæ фæхъæздыгдæр ирон литературæ.

Дарддæр дæр ма йын чысыл нæ бантыстаид, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ йæ йæ царды фæстаг азты уæззау низ бакъуылымпы кодта. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу æм, æфсæрмы дæр дзы кодтон, уæддæр телефонæй сæхимæ бадзырдтон, мæ дзæбæх хистæрæн исты ныфсытæ куы авæрин, зæгъгæ. Йемæ-иу зæрдиагæй аныхас кодтон, исты ног æмдзæвгæ дæр-иу ын бакастæн, æмæ мæнæн та Васойы хъæлæс уыди ныфс æмæ разæнгарды хос.

Рухсаг у, нæ зынаргъ хистæр Васо!

***Мамыкъаты Хъазыбег***

Дæлдæр мыхуыр кæнæм Васойы æмдзæвгæ «Мæ фыдмæ».

## МÆ ФЫДМÆ

Ныссабыр ысты ивгъуыды хъæбысы  
Мæ сабидуг æмæ фæсхæсты зын...  
Уæд уазæгæн дæр не 'рхастаид фысым  
Ирон фынгмæ цæхдон æмæ кæрдзын.

Фæллад сæгуыт йæ цæф лæппыны сдæрдта,
Сæ сæрмæ уад тæхгæ-тæхын нындзыг.
Æхсæв куыдта зæронд куырдадзæй уыг,
Æмæ дзырдтой нæ урсрихи зæрæдтæ:
«Нæ бæлццæттæй ма чи раздæхдзæн? Кæд?
Цы кæуы уыг? Цæуыл вæййы йæ марой?»
Лæджы йæ фынтæ удхарæй куы марой,
Йæ къæсæрмæ фыдбылыз лæууы уæд...
Нынниудтой-иу æбуалгъ хабæрттæ телтыл,
Нымпылдтæ-иу æбуалгъ фыстæй гæххæтт...
Фæлæ фæныкхуыз, тугахуырст цинелты
Куы здæхтысты æнæдаст лæгтæ, уæд,
Уæлахизы сызгъæрин дымгæ ногæй
Зылди, мæ фыд, дæ ингæны сæрмæ.
Æз та куыдтон нæ хæлд хæдзары стонгæй,
Æнкъардæй каст нæ мила куыдз мæнмæ...
Мæ мадæн уæд æнæкуыд зианыл хъарæг
Тыхурæд кæнын нал баци йæ бон, –
Фæцыд хъæргæнæг Иры хъæутæм барæг.
Æмæ мæ фыды стыр балцы кæрон
Цæф салдатау мæ уæхсчытыл æрæнцад.
Æмæ тызмæг уыд зæрæдтæн сæ дзырд:
«Хуымгæнæг ацыд, сау зæххы æрæнцад...
Дæ цард ын уæд æнæфехæлгæ цырт!..»
Нырриуыгъы æбæрæг азым зæрдæ –
Цы мысын æз? Цæуыл кæнын фæсмон?
Кæддæр сæгуыт йæ цæф лæппыны сдæрдта,
Кæддæр æз дæр мæ саст сæнттыл куыдтон...
Ныддæлгоммæ дæ ингæныл мæ катай,
Фæлæ дæумæ нæ фехъуысдзæн мæ хъæр.
Мæстæймарæгау уазал азæлд дардæй
Ныффæзмы мæн, стæй банцайы кæмдæр.
Уый азæлд нæу, цъæх арвгæроны фæстæ,
Æргъæу лæгæты, сау хохы рæбын,
Лæзæрынц рагæй, оххай-гъе, дæ фæстæ
Æнæ кæрæдзи фат æмæ æрдын.
Уый азæлд нæу! Кæд дард ивгъуыды чидæр
Дæ сæфтыл кувгæ рацæуы хæсты?
Фæлæ æнамонд ауæттæ цы сты?
Мæ фыд, мæ фыд! Сæрибар зæххыл фидар
Лæууын дæуæн цырты дуры бæсты.

*Цъары фӕрстыл:*

*2. Ирвӕзынгӕнӕг.*
*3. Кувӕндон.*
*2. Стъалытӕ, стъалытӕ, стъалытӕ.*

* * *


| | |
|---|---|
| Гл. редактор | *А. М. КОДЗАТИ* |
| Зам. гл. редактора, проза | *Б. М. ГУСАЛОВ* |
| Ред. отдела поэзии и драматургии | *К. Г. МАМУКАЕВ* |
| Шеф-редактор | *И. А. КОДЗАТИ* |
| Корректор | *З. З. КАРАЦЕВА* |
| Дизайн | *З. Р. ГУРИЕВА* |
| Компьютерный набор | *М. К. КИРГУЕВА* |

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.



Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна, уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

*Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны, стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.*



Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Гагарина, 30.



*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52; шеф-редактор, отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*



Подписано к печати 15.10.17. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,35. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 666. Цена свободная.
Выход из печати 28 октября 2017 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.





Индекс 73247